



2023-24

**KOD**

**KONDUIT  
ELÈV LA**



Orange County  
Public Schools



## **Ane Lekòl 2022-2023**

### **Vèsyon 2: Modifye, 8 avril 2023**

#### **Komisyon Eskolè Konte Orange, Florid la**

445 W. Amelia Street  
Orlando, FL 32801  
(407) 317-3200

#### **Manm Komisyon Eskolè yo**

Teresa Jacobs, Prezidant  
Angie Gallo, Distri 1, Vis Prezidant  
Maria Salamanca, Distri 2  
Alicia Farrant, Distri 3  
Pam Gould, Distri 4  
Vicki-Elaine Felder, Distri 5  
Karen Castor-Dentel, Distri 6  
Melissa Byrd, Distri 7

#### **Siveyan Lekòl**

Maria F. Vazquez, Ed.D.

#### **Vizyon**

Asire chak elèv gen yon avni pwometè ak reyisi

#### **Misyon**

Gras a sipò fanmi yo ak kominote a, nou kreye pakou anrichisan ak divèsifye ki fè elèv nou yo rive jwenn sikse

#### **Objektif yo**

Anpil Atant nan Zafè Aprantisaj Elèv yo	Klima Pozitif ak Anviwònman San Danje
Byennèt Sosyal ak Emosyonèl Elèv yo	Fonksyonman Efikas
Bon Jan Ekip Devwe	Kominote ki Angaje ak Envesti



### **Deklarasyon Kont Diskriminasyon OCPS la**

Komisyon Eskolè Konte Orange, Florid la, pa diskrimine nan pwosesis enskripsyon ni aksè, ni tretman, ni anplwa okenn moun nan pwogram ak aktivite li yo, sou baz ras, koulè, relijyon, laj, sèks, peyi kote yo soti, eta sivil, andikap, enfòmasyon jenetik, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon seksyèl, oswa nenpòt lòt rezon lalawa entèdi. Eitou, Komisyon Eskolè a te bay menm aksè egal ego pou Eskout yo ak lòt gwoup jèn ki deziyen yo. Sa kontinye rete vre pou tout elèv ki enterese patisipe nan pwogram edikasyon yo ak/oswa aktivite apre lè lekòl yo. Yo chwazi moun ki annapre la yo kòm responsab pou jere ransèyman yo konsènan règleman kont diskriminasyon yo, rapò sou vyolasyon ki prezime yo, enkyetid sou konfòmite yo, ak/oswa pwosedi doleyans (yo), elatriye:

#### **Responsab Tit IX ak Opòtinite Travay Egalego (EEO):**

Keshara Cowans – Avoka Anplwaye II  
Biwo Sèvis Legal  
Ronald Blocker Educational Leadership Center  
445 West Amelia NAN LARI Orlando, FL 32801  
(407) 317-3411

#### **Kowòdonatè ADA:**

Jay Cardinali – Responsab Konfòmite ADA  
Biwo Sèvis Legal  
Ronald Blocker Educational Leadership Center  
445 West Amelia NAN LARI Orlando, FL 32801  
(407) 250-6248


#### **Seksyon 504:**

Tajuana Lee-Wenze – Direktris  
Pwosedi/Konfòmite ESE  
Ronald Blocker Educational Leadership Center  
445 West Amelia NAN LARI Orlando, FL 32801  
(407) 317-3279

Komisyon Eskolè Konte Orange, Florid la (Komisyon) te adopte Kòd Konduit Elèv la (Kòd) pou enfòmè elèv yo ak paran yo kisa yo atann de elèv yo an tèm konpòtman pandan y ap frekante nenpòt Lekòl Piblik nan Konte Orange (OCPS). Kòd OCPS la aplike pou tout aktivite k ap fèt onivo tout lekòl yo, pandan transpò ale-retou nan lekòl lè leta peye frè yo, pandan yon kantite tan rezonab avan ak apre lekòl, pandan aktivite lekòl yo patwone yo, ak nan nenpòt lòt zòn jiridiksyonèl jan lwa ak règleman aplikab yo preskri.

Enfòmasyon ki annapre la yo reprezante yon vyek ti pòsyon nan kantite enfòmasyon ou ka jwenn nan Kòd la; n ap ankouraje elèv yo ak paran/responsab yo pou yo li tout Kòd la nèt:

- Mwen te li enfòmasyon sou [Règ Refij \(Safe Harbor\)](#) ki nan Kòd la epi mwen konprann mwen dwe remèt atik entèdi a **avan** yo kòmanse yon ankèt.
- Si yo **akize m** pou yon krim, kèlkeswa si sa te fèt sou pwopriyete OCPS oswa nan kominote a, mwen p ap elijib pou m [patisipe nan aktivite apre lekòl/pandan lè lekòl yo](#).
- Yo ka rekòmande pou yo [mete m deyò nèt](#) nan tout lekòl OCPS yo oswa yo ka rekòmande pou yo mete m nan yon lekòl altènatif paske m te komèt kèk enfrazyon disiplinè ki gen ladan, men pa sèlman, posesyon zam, posesyon/distribisyon/lavant dwòg, enfrazyon seksyèl, vòl/kanbriyaj, sabotaj, zak entimidasyon/asèlman sevè yo, imilyasyon rityèl, ak/oswa atak fizik (goumen).
- Y ap pran tout [menas yo](#) fè lekòl la oswa menas yo fè yon moun trè oserye, kèlkeswa entansyon an.
- Mwen konprann ke yo entèdi moun [goumen](#). Epi tou, mwen konprann ke si m pa kapab kite espas kote gen yon atak k ap fèt, mwen ka itilize defann tèt pou m pwoteje tèt mwen. Yo dekri defann tèt kòm yon aksyon ki nesèsè pou pwoteje tèt mwen oswa yon lòt moun pou kò nou pa blese grav. Defann tèt ka gen ladan mande yon granmoun pou ede, mete restren oswa bloke atak a, pwoteje tèt mwen oswa lòt moun pou yo pa frape yo, oswa pouse pou chape anba men atak a. Men, y ap konsidere kòm goumen atak oswa frape yon moun kòm kontatak (sa vle di bay kout pwen, souflèt, kout pye), oswa chwazi pa deplase apre moun lan te kapab chape l.
- Mwen konprann ke mwen gen dwa pou m chwazi [patisipe](#) nan yon [ankèt disiplinè](#) OCPS ap fè.
- Y ap [fouye](#) elèv yo ak byen yo si anlwaye lekòl yo gen soupson rezonab pou yon vyolasyon lalwa oswa Kòd la. Li pa obligatwa pou gen soupson rezonab avan pou yo fouye pwopriyete OCPS posede yo. Yo ka fouye moun owaza, a nenpòt ki moman epi Règ Refij la pa pwoteje fouy sa yo.
- Mwen konprann ke yo entèdi [vapotaj/fimen](#) nenpòt sibstans (dwòg, nikotin, elatriye) sou pwopriyete, nan mwayen transpò, oswa aktivite lekòl yo.
- Mwen ka fè rapò anonim pou nenpòt konpòtman sispèk oswa kriminèl mwen obsève bay FortifyFL pa mwayen aplikasyon FortifyFL la, ki nan aparèy lekòl la ban mwen an, oswa lè m ale sou entènèt nan [www.getfortifyfl.com](http://www.getfortifyfl.com). Mwen konprann ke si mwen konnen mwen bay FortifyFL yon fo ransèyman pa mwayen aparèy OCPS mwen an, y ap bay lapolis adrès IP a jan lalwa mande epi mwen ka riske sibi sanksyon kriminèl.

 Mwen okouran ke Kòd la sou aparèy lekòl mwen an ban m lan pou m ka revize l epi m ka jwenn li tou nan [codeofconduct.ocps.net](http://codeofconduct.ocps.net)

Non Lekòl

Klas

Ekri Non Elèv la an Lèt Detache

Elèv la Siyen la

Dat

Ekri Non Paran/Responsab Elèv la an Lèt Detache

Pasyan/Responsab Elèv la Siyen la

Dat

**PARAN/RESPONSAB ELÈV YO: YO TE REVIZE FÒMILÈ SA A AK TIMOUN OU AN NAN LEKÒL LA. TANPRI SIYEN FÒMILÈ PARAN/RESPONSAB ELÈV LA EPI VOYE L TOUNEN BAY LEKÒL TIMOUN OU AN. SI W PA SIYEN OSWA OU REFIZE SIYEN FÒMILÈ POU W ADMÈT OU LI KÒD KONDUIT LA, SA P AP RETIRE RESPONSABILITE ELÈV LA OSWA PARAN/RESPONSAB ELÈV LA POU YO KONFÒM A KÒD KONDUIT ELÈV LA OSWA RESPONSABILITE POU PÈT OSWA DOMAJ YO LA KOZ NAN PWOPRIYETE OCPS YO.**

Kòd Konduit Elèv la (Kòd) gen règ yo pou swiv lè ou nan lekòl la, nan yon sòti eskolè, nan yon aktivite lekòl, oswa nan yon bis lekòl. Tout elèv ki nan Lekòl Piblik Konte Orange yo (OCPS) dwe swiv règ yo ki nan Kòd la. Ou dwe swiv kèk nan règ yo lè w lakay ou tou, si w fè yon move chwa epi sa fè yon moun lekòl la mal oswa ou fè Direktè lekòl ou a panse ke aksyon ou yo poze danje pou lòt elèv yo.

Li bon pou w li Kòd la lakay ou ak paran ou oswa yon granmoun ou fè konfyans ki ka ede w konprann ki règ ou dwe swiv lè w nan lekòl ou a. Anseyan ou an pral revize Kòd la ak règ yo avèk ou tou pandan ane lekòl la, ebyen si ou gen nenpòt kesyon, ou ka toujou mande anseyan ou an. Men kèk ti konsèy ki ka ede w konprann kèk nan règ yo ki nan Kòd la:

- Si w gen yon bagay yo entèdi nan lekòl la oswa ou fè yon bagay ke w pa dwe fè lè w nan lekòl la, ou ta dwe di anseyan w lan oswa yon lòt granmoun ki nan lekòl la sa touswit. Si w di anseyan ou oswa yon lòt granmoun sa avan yo vin konn sa, ou ka evite tonbe nan pwoblèm. Sa a rele [Règ Refij](#).
- Si w fè yon move chwa pandan w pa nan lekòl la epi lapolis arete w, ou ka pa kapab [jwe espò oswa patisipe nan lòt aktivite amizan yo nan lekòl ou a](#)
- Zam yo, tankou kouto ak zam afe (menm zam jwèt yo) ak dwòg danjre epi yo ka fè yon moun mal, kidonk pa ka gen bagay sa yo nan lekòl la. Si ou menm oswa yon moun ou konnen gen yon zam oswa gen dwòg nan lekòl la, di anseyan ou oswa yon lòt granmoun sa touswit. Si ou vini ak yon zam oswa dwòg nan lekòl la, yo ka [retire w nan lekòl la](#) ak zanmi yo pou tout ane lekòl la nèt.
- Toujou trete lòt moun avèk jantiyès ak respè. Lè w ap takinen, ou malveyan oswa w ap trip sou yon moun, yo rele sa a [entimidasyon oswa asèlman](#) epi yo entèdi sa a.
- Pa janm manyen anyen san yo pa ba w otorizasyon. Lè w manyen lòt elèv oswa lòt granmoun yo, sa ka lakoz ou blese lòt moun lan oswa ou fè li santi li malalèz.
- Yo entèdi [goumen](#), men si yon moun frape w oswa li frape yon lòt moun, olye w frape l pou w remèt li kou a, ou ka pwoteje tèt ou pou w pa blese grav lè w itilize teknik sa yo ki rele defann tèt ou a. Defann tèt ou vle di fè yon granmoun ede w, kenbe oswa bloke lòt elèv la nan fason pou yo pa kapab frape w oswa frape nenpòt lòt moun, kouvri figi w oswa kò w pou w bloke kou yo, oswa pouse lòt elèv la pou ou ka jwenn espas pou w chape epi al yon kote ki pa gen danje. Men, si w frape lòt elèv la (tankou bay kout pwen, souflèt, oswa kout pye) pou w remèt li kou a, oswa ou pouse l men w pa eseye chape w, ou ka sibi sanksyon pou goumen.
- Itilize mo ki fè lòt moun santi yo byen. Lè w di lòt elèv oswa lòt granmoun ke w vle fè yo mal oswa ou aji kòm si ou pral fè yo mal, yo rele sa a yon [menas](#). Anseyan yo ak lòt granmoun yo ki nan lekòl la vle asire tout moun san danje, kidonk menm si ou t ap fè sa an blag, ou ka riske tonbe nan pwoblèm paske w di oswa fè deseri bagay.
- Si ou menm oswa yon moun ou konnen pa respekte yon règ nan lekòl la, [yo ka poze w kesyon sou sa a](#). Moun k ap poze w kesyon an ka mande pou w ekri sa w te wè a oswa sa w te fè a. Si w pa vle di anyen, pa gen pwoblèm tou, jis fè moun k ap poze w kesyon an konnen.
- Si yon anseyan oswa yon lòt granmoun nan lekòl la enkyete ke gen yon bagay ki poze danje, yo otorize li [gade](#) nan valiz ou ak nan lòt zafè ou yo.
- Si w wè yon moun ap fè yon bagay ki pa bon, ou dwe di yon moun sa a. Ou ka fè rapò pou nenpòt krim ou obsève tou bay FortifyFL pa mwayen aplikasyon FortifyFL la, ki nan aparèy lekòl la ba ou a, oswa lè w ale sou entènèt nan [www.getfortifyfl.com](http://www.getfortifyfl.com). Si w rapòte deseri bagay bay FortifyFL ke ou konnen ki pa vre, ou ka sibi gwo sanksyon.

 Èske ou okouran ke Kòd la sou aparèy lekòl ou a ba w la pou w ka revize l epi ou ka jwenn li tou nan [codeofconduct.ocps.net](http://codeofconduct.ocps.net)?

Non Lekòl		Klas
Non Elèv la		Dat
Ekri Non Paran/Responsab Elèv la an Lèt Detache	Pasyan/Responsab Elèv la Siyen la	Dat

**PARAN/RESPONSAB ELÈV YO: YO TE REVIZE FÒMILÈ SA A AK TIMOUN OU AN NAN LEKÒL LA. TANPRI SIYEN FÒMILÈ PARAN/RESPONSAB ELÈV LA EPI VOYE L TOUNEN BAY LEKÒL TIMOUN OU AN. SI W PA SIYEN OSWA OU REFIZE SIYEN FÒMILÈ POU W ADMÈT OU LI KÒD KONDUIT LA, SA P AP RETIRE RESPONSABILITE ELÈV LA OSWA PARAN/RESPONSAB ELÈV LA POU YO KONFÒM A KÒD KONDUIT ELÈV LA OSWA RESPONSABILITE POU PÈT OSWA DOMAJ YO LAKOZ NAN PWOPRIYETE OCPS YO.**



# REZIME KÒD KONDUIT ELÈV LA

## REZIME KÒD KONDUIT ELÈV LA

Kòd la gen kat (4) nivo enfraksyon. Enfraksyon Nivo I yo se enfraksyon ki mwen grav yo epi y ap jere yo pa mwayen konsekans ki mwen sevè pase enfraksyon Nivo IV yo. Yon enfraksyon Nivo IV se motif pou yo voye yon elèv tounen lakay li pou 10 jou epi y ap konsidere mete l deyò.

Nivo I (EL. ak SEG.) / Nivo 1 (ES)	Nivo II (EL. ak SEG.) / Nivo 2 (ES)	Nivo III (EL. ak SEG.) / Nivo 3 (ES)	Nivo IV (EL. ak SEG.) / Nivo 4 (ES)
Kopye (nan devwa oswa tès)	Sabotaj (mwenske \$100)	Agresyon Senp	Alkòl
Mank Respè	Mank Respè	Sabotaj (ant \$100 a \$999)	Ensandi Kriminèl/Mete Dife
Kòd Abiman	Dispit Fizik (goumen)	Mank Respè	Menas/Entimidasyon
Refize Prezante pou Pinisyon Retni	Falsifikasyon (ki pa kriminèl)	Eskwokri/Chantaj	Agresyon Grav
Enfòmasyon ki fo/ki gen twonpri	Jwèt Aza	Goumen	Menase Lekòl la
Betiz	Ti Dezobeyisans/Mepri Flagran	Peta/Fe Datifis	Itilize/Posede/Vann/Distribiye Dwòg
Vyolasyon Règ pou Aparèy Elektwonik	Vòl (mwenske \$375)	Dezobeyisans Gwosye/Mepri Flagran	Zam/Objè Danjere
Reta	Rasanbleman/Piblikasyon yo pa Otorize	Òganizasyon Ilegal	Dezòd nan Kanpis la-Grav
Rate Klas	Lòt Move Konpòtman	Posesyon Kontrebann	Gwo Vòl (\$750 oswa plis)
Lòt Move Konpòtman	Ki Asoye avèk Gang	Tabak	Repete Move Konpòtman
Jwèt Brital	Vyolasyon Règ pou Aparèy Elektwonik yo	Vòl (ant \$375 a \$749)	Vòl
	Jwèt Brital	Antre nan Pwopriyete OCPS San Pèmision	Agresyon Seksyèl
	Kòd Abiman	Vyolasyon Kouvrefe	Asèlman Seksyèl
		Lòt Move Konpòtman Grav	Enfraksyon Seksyèl yo
		Agresyon Fizik sou yon Anplwaye	Vyolasyon Plan pou Reyenskri Bonè a
		Ki Asoye avèk Gang	Zak Kriminèl ki Fè Dega nan Byen (\$1000)
		Asèlman	Lòt Gwo/Deranjman nan Kanpis la
		Vyolasyon Règ pou Aparèy Elektwonik yo	Entimidasyon
		Jwèt Brital	Imilyasyon Rityèl
		Konpòtman Pètibatè	Agresyon Senp
			Agresyon Seksyèl
			Vyolasyon Règ pou Aparèy Elektwonik yo
			Kanbriyolaj Kay
			Omisid
			Kidnapin
			Mete Dife
			Antre nan Pwopriyete Prive San
<b>NIVO I – Konsekans yo</b>	<b>NIVO II – Konsekans yo</b>	<b>NIVO III – Konsekans yo</b>	<b>NIVO IV – Konsekans yo</b>
Kontakte Paran	Kontakte Paran	Kontakte Paran	Kontakte Paran
Konsèy ak Oryantasyon	Konsèy ak Oryantasyon	Konsèy ak Oryantasyon	Konsèy ak Oryantasyon
Reprimande (Elèv la) Vèbalman	Plan/Kontra sou Konpòman	Plan/Kontra sou Konpòman	Rankont Ekip Disiplin
Pratik Restorativ	Pratik Restorativ	Pratik Restorativ	PASS (10 jou)
Bay Elèv la Fè Devwa Espesyal	PASS (1-10 jou)	Remèt Byen an	Voye Elèv la Tounen Lekòl (10 jou)
Retire Privilèj yo	Bay Elèv la Fè Devwa Espesyal	PASS (1-10 jou)	Mete Elèv la Deyò nan Distri Lekòl la
Remèt Byen an	Pinisyon Retni	Sispann privilèj bis elèv la (1-10 jou)	Voye Elèv la nan yon Lekòl Altènativ
Pinisyon Retni	Referans a SAFE/Oryantasyon	Voye Elèv la Tounen Lekòl (1 a 10 jou)	Refere Elèv la nan Pwogram
Refere Elèv la nan Pwogram	Konfiske Kontrebann	Pinisyon Retni	Mete Elèv la Deyò nan Bis la
Konfiske Kontrebann	Remèt Byen an	Retire Elèv la nan Aktivite Aprè Lekòl yo	Referans a Sèvis Sante Mantal yo
Bay Elèv la yon Chèz Presi	Sispann privilèj bis elèv la (1-10 jou)	Klas Altènativ	Retire Elèv la nan Aktivite Aprè Lekòl yo
Plan Siveyans	Refere Elèv la nan Pwogram Entèvensyon	Refere Elèv la nan Pwogram Entèvensyon	Pratik Restorativ
Referans a SAFE/Oryantasyon	Salklas Altènativ	Konfiske Kontrebann	Chanjman Orè
Chanjman Orè	Plan Siveyans	Chanjman Orè	Plan Siveyans
Kontra No-Kontak	Chanjman Orè	Plan Siveyans	Kontra No-Kontak
Referans a Sèvis Sante Mantal yo	Kontra No-Kontak	Kontra No-Kontak	Referans a SAFE/Oryantasyon
Avètisman pou Referans a Nivo II	Retire Elèv la nan Aktivite Aprè Lekòl yo	Referans a SAFE/Oryantasyon	
	Referans a Sèvis Sante Mantal yo	Referans a Sèvis Sante Mantal yo	
	Avètisman pou Referans nan Nivo III	Avètisman pou Referans nan Nivo IV	



**TAB DÈMATYÈ**



# TAB DÈMATYÈ

<a href="#">Deklarasyon Kont Diskriminasyon OCPS la</a> .....	3	Tabak/Vapotaj .....	32
<a href="#">Paj Akize Resepsyon pou Lekòl Segondè yo</a> .....	4	Mete Elèv Deyò .....	32
<a href="#">Paj Akize Resepsyon pou Lekòl Elamantè yo</a> .....	5	Voye Elèv Tounen Lekòl (Kote yo entèdi yo pa vin sou pwopriyete a ni patisipe nan aktivite lekòl yo) .....	33
<a href="#">Rezime Kòd Konduit Elèv la</a> .....	7	Altènatif Pozitif Olye yo Voye Elèv Tounen Lekòl .....	33
<a href="#">Rezime Chanjman yo ki fèt nan Kòd Konduit Elèv la</a> .....	11	Pinisyon Retni .....	33
<a href="#">Entwodiksyon</a>		Pratik Restorativ yo .....	34
Entwodiksyon .....	13	Voye Elèv Tounen/Mete Elèv Deyò akòz Òdonans Tribinal ak Krim yo .....	34
Alaplas Paran yo .....	13	Konsiltasyon avèk Lapolis .....	34
Avi sou Responsablite Limite pou Sipèvizyon Elèv yo .....	14	Ti Zak Move Konpòtman .....	34
<a href="#">Seksyon I: Lwa sou Dwa pou Edikasyon ak Vi Prive Fanmi an (FERPA)</a>		Avi sou Enskripsyon Doub/Inivèsite a .....	35
Avi sou Dwa yo .....	16	Si w Pa Vin Lekòl .....	35
Kominikasyon Enfòmasyon ki nan Repètwa .....	17	Plede Absan .....	35
Kominikasyon Dosye Bay Lòt Ajans Edikasyonèl yo .....	17	Pinisyon Kòporèl (Bat Elèv yo) .....	35
<a href="#">Seksyon II: Dwa ak Responsablite Elèv yo</a>		Rapò sou Ensidan Sekirite nan Anviwònman Lekòl (SESIR) .....	35
Dwa ak Responsablite Elèv yo .....	19-20	Règleman sou Itilizasyon Entènèt .....	36
Diskriminasyon kont Elèv .....	21	<a href="#">Seksyon IV: Kòd Repons Disiplinè pou Lekòl Segondè yo</a>	
Tit IX nan Modifikasyon Lwa sou Edikasyon 1972 la ak		Apèsi sou Kòd Repons Disiplinè a .....	38
Diskriminasyon Seksyèl .....	21	Ankèt sou Disiplin Elèv yo .....	38
Entimidasyon ak Asèlman .....	21	Nivo I .....	39-40
Kòd Lapolitis la .....	22-23	Nivo II .....	41-42
<a href="#">Seksyon III: Avi pou Paran ak Elèv yo</a>		Nivo III .....	43-45
Règ Refij .....	25	Nivo IV .....	46-49
Patisipasyon nan Aktivite Apre Lekòl/Pandan Lè Lekòl yo .....	25	<a href="#">Seksyon V: Kòd Repons Disiplinè pou Lekòl Elamantè yo</a>	
Rad Elèv yo .....	26	Apèsi sou Kòd Repons Disiplinè a .....	51
Elèv k ap itilize Mwayen Transpò OCPS Ofri yo .....	27	Ankèt sou Disiplin Elèv yo .....	51
Posesyon, Itilizasyon oswa Lavant Sibstans Reglemante yo ak/oswa		Nivo 1 .....	52-53
Alkòl .....	28	Nivo 2 .....	54-55
Posesyon Zam Afe, Zam, ak/oswa Dispozitif Destriktè yo sou		Nivo 3 .....	56-58
Pwopriyete OCPS .....	28	Nivo 4 .....	59-62
Imitasyon Zam yo .....	28	<a href="#">Seksyon VI: Machaswiv yo pou Mezi Disiplinè</a>	
Vyolans Kont Anplwaye Lekòl yo .....	28	Machaswiv yo pou Mezi Disiplinè .....	64
Menas yo oswa Fo Rapò yo .....	29	Machaswiv yo pou Enfraksyon Nivo I-III .....	64
Zewo Tolerans pou Krim Vyolan ki gen Rapò ak Lekòl yo .....	29	Machaswiv yo pou Enfraksyon Nivo IV .....	65-67
Goumen ak Defann Tèt .....	29	Machaswiv yo dapre Lwa sou Edikasyon Moun ki gen Andikap yo (IDEA) (Voye Elèv la Tounen/Retire elèv la nan lekòl la) .....	68-69
Règleman Telefòn Sililè pou Elèv yo .....	30	Machaswiv dapre Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon 1973 la (Seksyon 504) ak Lwa An Favè Ameriken ki gen Andikap yo (ADA) (Voye Elèv la Tounen/Retire Elèv la nan Lekòl la) .....	70-71
Mesaj Tèks Seksyèl .....	30	Machaswiv yo pou Tit IX .....	72-74
Fouye Pakin Elèv yo ak Kazye Lekòl yo .....	31		
Fouye Moun .....	31		
Imilyasyon rityèl .....	32		
Abi ak Vyolans Frekantasyon Pami Adolèsan .....	32		
Trafik Illegal .....	32		





# **REZIME CHANJMAN KI FÈT NAN KÒD KONDUIT ELÈV LA**

# REZIME CHANJMAN KI FÈT NAN KÒD KONDUIT ELÈV LA

## Manm Komisyon Eskolè yo

### Siveyan Lekòl

### Rekonèt Ou Te Li Kòd Konduit Elèv la

### Tab Dèmatyè

### Rezime Kòd Konduit Elèv la

### Seksyon III: Avi pou Paran ak Elèv yo

- Rapò sou Ensidan Sekirite nan Anviwònman Lekòl (SESIR)

### Seksyon IV: Kòd Repons Disiplinè pou Lekòl Segondè yo

- I-C: Konpòtman Dezòdone (Efase)
- I-Q: Asèlman (Efase)
- II-C: Dispit Fizik (goumen)
- II-G: Entimidasyon/Menas (Efase)
- II-L: Entimidasyon (Efase)
- II-O: Asèlman (Efase)
- II-R: Asèlman Seksyèl (Efase)
- III-A: Agresyon Senp
- III-F: Goumen
- III-L: Tabak
- III-N: Antre nan Pwopriyete OCPS San Pèmision
- III-P: Entimidasyon (Efase)
- III-S: Asèlman Seksyèl (Efase)
- III-T: Entimide/Menase yon Moun (Efase)
- III-V: Asèlman
- III-W: Entimidasyon (Efase)
- III-BB: Konpòtman Pètibatè
- IV-A: Alkòl
- IV-B: Ensandi kriminèl
- IV-C: Menas/Entimidasyon
- IV-D: Agresyon Grav
- IV-E: Menase Lekòl la
- IV-F: Itilizasyon/Posesyon Dwòg
- IV-H: Posesyon Zam
- IV-I: Dezòd nan Kanpis la-Grav
- IV-J: Gwo Vòl
- IV-K: Lòt Atik Danjre yo
- IV-M: Vòl
- IV-N: Agresyon Seksyèl
- IV-O: Asèlman Seksyèl
- IV-P: Enfraksyon Seksyèl yo
- IV-S: Zak Kriminèl ki Fè Dega nan Byen
- IV-T: Lòt Grav
- IV-U: Vann/Distribiye Dwòg, Eksepte Alkòl
- IV-V: Entimidasyon
- IV-W: Asèlman (Efase)
- IV-X: Imilyasyon Rityèl
- IV-Y: Agresyon Senp
- IV-Z: Agresyon Seksyèl
- IV-CC: Kanbriyaj Kay
- IV-DD: Omidid
- IV-EE: Kidnapin
- IV-FF: Tabak/Vapotaj/Nikotin(Efase)
- IV-GG: Mete Dife
- IV-HH: Entèripsyon nan Fonksyonman Kanpis yo

- IV-II: Depase Limit Konpòtman ki Akseptab
- IV-JJ: Antre nan Pwopriyete Prive San Pèmision

### Seksyon V: Kòd Repons Disiplinè pou Lekòl Elemantè yo

- 1-C: Konpòtman Dezòdone (Efase)
- 1-Q: Asèlman (Efase)
- 2-C: Dispit Fizik (goumen)
- 2-G: Entimidasyon/Menas (Efase)
- 2-L: Entimidasyon (Efase)
- 2-O: Asèlman (Efase)
- 2-R: Asèlman Seksyèl (Efase)
- 3-A: Agresyon Senp
- 3-F: Goumen
- 3-L: Tabak
- 3-N: Antre nan Pwopriyete OCPS San Pèmision
- 3-P: Entimidasyon (Efase)
- 3-S: Asèlman Seksyèl (Efase)
- 3-T: Entimide/Menase yon Moun (Efase)
- 3-V: Asèlman
- 3-W: Entimidasyon (Efase)
- 3-BB: Konpòtman Pètibatè
- 4-A: Alkòl
- 4-B: Ensandi kriminèl
- 4-C: Menas/Entimidasyon
- 4-D: Agresyon Grav
- 4-E: Menase Lekòl la
- 4-F: Itilizasyon/Posesyon Dwòg
- 4-H: Posesyon Zam
- 4-I: Dezòd nan Kanpis la-Grav
- 4-J: Gwo Vòl
- 4-K: Lòt Atik Danjre yo
- 4-M: Vòl
- 4-N: Agresyon Seksyèl
- 4-O: Asèlman Seksyèl
- 4-P: Enfraksyon Seksyèl yo
- 4-S: Zak Kriminèl ki Fè Dega nan Byen
- 4-T: Lòt Grav
- 4-U: Vann/Distribiye Dwòg, Eksepte Alkòl
- 4-V: Entimidasyon
- 4-W: Asèlman (Efase)
- 4-X: Imilyasyon Rityèl
- 4-Y: Agresyon Senp
- 4-Z: Agresyon Seksyèl
- 4-CC: Kanbriyaj Kay
- 4-DD: Omidid
- 4-EE: Kidnapin
- 4-FF: Tabak/Vapotaj/Nikotin(Efase)
- 4-GG: Mete Dife
- 4-HH: Entèripsyon nan Fonksyonman Kanpis yo
- 4-II: Depase Limit Konpòtman ki Akseptab
- 4-JJ: Antre nan Pwopriyete Prive San Pèmision

### Seksyon IV: Machaswiv yo pou Mezi Disiplinè

- Machaswiv yo pou Pwosedri Nivo IV yo: Etap 13-14.



# ENTWODIKSYON



# Orange County Public Schools

## KÒD KONDUIT ELÈV LA 2022-2023

### ENTWODIKSYON


Fichye JIC Règleman Komisyon Eskolè Konte Orange, Florid la (Komisyon), [ki titre "Kòd Konduit Elèv la,"](#) plis [Seksyon 1006.07, Lwa Florid yo](#), egzije adopsyon yon Kòd Konduit Elèv (Kòd). Lekòl Piblik Konte Orange yo (OCPS) te devlope Kòd la pou ede elèv yo, paran yo/responsab yo, ak anplwaye lekòl yo konprann direktiv yo dwe swiv pou kenbe yon anviwònman aprantisaj san danje epi byen òdone. Yo dwe diskite Kòd la ak elèv yo, komite konsiltatif lekòl yo, ak asosyasyon paran/responsab/pwofesè yo nan kòmansman chak ane lekòl epi chak trimès apresya, epi ak elèv k ap transfere yo lè yo fin enskri.

Pou yo pa gaspiye twòp resous, lekòl yo p ap distribiye kopi papye Kòd Konduit Elèv la bay chak elèv. Ou ka jwenn yon kopi elektwonik Kòd la sou entènèt sou sitwèb Distri a: [codeofconduct.ocps.net](http://codeofconduct.ocps.net), sou aplikasyon OCPS la, oswa sou aparèy OCPS lekòl la ba elèv yo. Si w bezwen yon kopi Kòd la sou papye, tanpri enfòmè lekòl OCPS ou a.

Kòd la aplike pou tout elèv OCPS yo soti nan Kindègadenn rive nan 12yèm ane, ki gen ladan elèv lekòl segondè yo ak elèv ki nan laj lekòl k ap etidye swa nan yon sant pwofesyonèl nan yon pwogram enskripsyon doub oswa yon pwogram lekòl kominotè pou yo resevwa inite valè pou lekòl segondè.

Chak elèv OCPS yo dwe respekte règ ak Kòd Konduit Elèv OCPS la:

- Pandan yo sou pwopriyete lekòl yo;
- Pandan y ap transpòte yo ale-retou nan lekòl la lè se frè leta peye;
- Pandan aktivite lekòl la patwone yo, ki ladan, men pa sèlman aprantisaj a distans, sòti eskolè yo, fonksyon espòtif yo, ak lòt aktivite parèy yo; epi
- Si sa apwopriye, nenpòt lòt kote jan Lwa Florid yo ak/oswa Règ Komisyon Eskolè Eta a yo preskri.

Lekòl yo ka gen otorite tou pou yo disipline elèv yo pou zak yo fè toupre oswa ki gen rapò ak lekòl yo oswa lè konpòtman yon elèv ka poze danje pou sante, sekirite, ak byennèt elèv la, lòt elèv yo, lekòl la oswa anplwaye lekòl la yo. Anplis de sa, byenke yo ka disipline elèv yo pou ofans yo dapre repons yo ki dekri nan Kòd la, tanpri konnen  ka enpoze plis konsekans pou zak ki vyole lalwa yo.

Yo fè referans a lwa federal ak lwa eta a yo ak Règleman Komisyon Eskolè Konte Orange, Florid la (Komisyon) toutolon manyèl sa a. Li enpòtan pou w sonje ke ka gen modifikasyon ki fèt nan lwa yo ak Règleman Komisyon an yo ki mansyone nan dokiman sa a pandan ane lekòl aktyèl la, sa ki ka afekte kèk seksyon presi nan manyèl sa a. Si yon modifikasyon ta afekte yon seksyon pandan ane lekòl aktyèl la, y ap mete manyèl Lekòl Piblik Konte Orange yo (OCPS), Kòd Konduit Elèv la (Kòd) ajou pou reflète modifikasyon an jan lwa oswa Règleman Komisyon an te adopte li a. W ap ka jwenn yon vèsyon ki make modifikasyon an ak remak nan pati anba paj la k ap bay yon eksplikasyon an detay sou mizajou a anliy nan [codeofconduct.ocps.net](http://codeofconduct.ocps.net).

### Alaplas Paran yo

Lwa eta ak lwa federal la rekonèt ke anseyan yo ak administratè lekòl yo bezwen aji alaplas paran yo pou jere timoun yo konfyè sou responsablite yo nan lekòl la. Sa a se yon konsèp legal ki rele, *in loco parentis* (alaplas paran yo). Byenke otorite sa a pa egal a otorite yon paran genyen sou yon timoun, kanmenm li otorize anplwaye lekòl la egzèsè yon degre sipèvizyon ak kontwòl sou elèv yo pandan yo sou pwopriyete Komisyon an, nan mwayen transpò lekòl la, oswa lè y ap patisipe nan yon aktivite eskolè. [Seksyon 1003.31\(1\), Lwa Florid yo](#), rekonèt tou ke elèv yo sou kontwòl ak jesyon direktè lekòl la oswa anseyan ki responsab lekòl la. Sa a otorize anplwaye lekòl la fouye zafè yo san yo pa gen manda baze sou yon soupson rezonab epi yo pa bezwen respekte nòm pi elve sou "kòz pwobab" yo lapolis dwe respekte yo. Konsèp sa a otorize anplwaye lekòl la pou yo poze yon elèv kesyon san yo pa bay elèv la avètisman dwa Miranda li oswa san yo pa kite elèv la rele yon paran oswa yon avoka.

### **Avi sou Responsablite Limite pou Sipèvizyon Elèv yo**

Anplwaye OCPS yo pa responsab pou yo sipèvize elèv ki rive sou pwopriyete lekòl yo plis pase 30 minit avan lekòl kòmanse ak/oswa 30 minit avan aktivite lekòl la patwone a pwograme pou l kòmanse, ni yo pa responsab pou yo siveye elèv ki rete sou pwopriyete lekòl yo pandan plis pase 30 minit apre lekòl lage ak/oswa 30 minit apre aktivite lekòl la patwone a fini. OCPS pa responsab pou n sipèvize elèv ki pa prezan lekòl yo, oswa elèv yo pa otorize patisipe nan aktivite lekòl yo patwone yo. Jis paske gen kontak òdinè oswa ensidental ant anplwaye OCPS yo ak elèv yo sou pwopriyete lekòl yo pa dwe vle di se devwa yo pou yo sipèvize elèv yo. Paran/Responsab elèv yo pa dwe depann de anplwaye OCPS yo pou yo ofri sipèvizyon pou timoun yo andeyò peryòd tan yo mansyone anwo a.

Pa gen anyen nan seksyon sa a ki anpeche OCPS pran mezi disiplinè pou zak oswa konpòtman ki rive sou pwopriyete OCPS yo.



## **SEKSYON I:**

**LWA SOU DWA POU EDIKASYON AK VI  
PRIVE FANMI AN (FERPA)**



## SEKSYON I: LWA SOU DWA POU EDIKASYON AK VI PRIVE FANMI AN (FERPA)

### Avi sou Dwa yo dapre FERPA pou Lekòl Elemantè yo ak Lekòl Segondè yo

[Lwa sou Dwa pou Edikasyon ak Vi Prive Fanmi an \(FERPA\)](#) bay paran ak elèv ki gen 18 tan oswa plis yo (elèv elijib yo) sèten dwa konsènan dosye edikasyon elèv ou a. Dwa sa yo se:

1. Dwa pou egzamine ak revize dosye edikasyon elèv la nan lespas 45 jou apati de dat lekòl la resevwa yon demann pou bay aksè. Paran yo/responsab yo oswa elèv elijib ki swete egzamine pwòp dosye edikasyon yo oswa dosye edikasyon timoun yo dwe soumèt yon demann alekri bay direktè lekòl la ki idantifye dosye paran oswa elèv elijib la swete egzamine a (yo). Direktè lekòl la pral fè aranjman pou yo jwenn aksè a epi l ap fè paran oswa elèv elijib la konnen kilè ak kikote y ap ka egzamine dosye yo.
2. Dwa pou paran oswa elèv elijib la mande pou yo korije erè ki gen nan dosye edikasyon paran oswa elèv elijib la kwè ki enkorèk, ki gen twonpri, oswa ki an vyolasyon dwa vi prive elèv la dapre FERPA nan lòt fason. Paran yo/responsab yo oswa elèv elijib ki swete mande lekòl la pou yo korije dosye edikasyon yo oswa dosye edikasyon timoun yo dwe ekri yon lèt voye bay direktè lekòl la, ki klèman idantifye ki pati nan dosye a yo vle yo chanje a, epi presize poukisa li enkorèk oswa gen twonpri, oswa ki an vyolasyon dwa vi prive elèv la dapre FERPA nan lòt fason. Si lekòl la deside pa modifiye dosye a jan yo te mande a, lekòl la pral fè paran oswa elèv elijib la konnen desizyon yo pran ak dwa yo genyen pou yo mande yon odyans konsènan demann koreksyon an. Si, apre odyans lan, lekòl la toujou deside pa modifiye dosye a, paran/responsab elèv la oswa elèv elijib la ka ekri yon deklarasyon pou yo met nan dosye a k ap presize opinyon yo konsènan nati erè a. Deklarasyon an dwe rete menm kote ak pati yo konteste a anndan dosye a pandan tout tan y ap konsève dosye a. Tanpri sonje, byenke yo ka itilize pwosedi modifikasyon FERPA pou konteste fè yo anrejistre nan fason enkorèk yo, yo paka itilize l pou konteste yon nòt, yon opinyon, oswa yon desizyon sibstansyèl lekòl la pran sou yon elèv. Yo te prevwa FERPA pou egzije sèlman ke lekòl yo konfòm a pratik antretyen dosye yo nan fason ekkitab, men se pa te pou yo kontoune nòm ak pwosedi ki deja tabli ke yo swiv pou fè evalyasyon akademik, pran desizyon disiplinè yo, oswa fè detèminasyon plasman yo. Anplis de sa, si pwosedi modifikasyon FERPA yo pa aplikab a demann yon paran/responsab fè pou modifikasyon dosye edikasyon yo, li pa obligatwa dapre FERPA pou lekòl la fè yon odyans sou sijè a.
3. Dwa pou bay konsantman pou yo kominike enfòmasyon pèsònèl idantifyab ki gen nan dosye edikasyon elèv la, eksepte nan limit FERPA otorize yo fè kominikasyon yo san konsantman. Yon eksepsyon, ki pèmèt yo kominike enfòmasyon san konsantman, se kominikasyon ak manm direksyon lekòl yo ki gen enterè edikatif lejitim. Yon manm direksyon lekòl la se yon moun distri a anplwaye kòm yon administratè, sipèvizè, anseyan, oswa anplwaye sipè; moun yo eli nan komisyon eskolè a; oswa, yon moun oswa konpayi distri a anplwaye sou kontra pou yo fè yon travay espesifik. Yon manm direksyon lekòl la gen yon enterè edikatif lejitim si manm direksyon an bezwen revize yon dosye edikasyon pou l ranpli fonksyon pwofesyonèl li. Anplis de sa, y ap kominike enfòmasyon pèsònèl idantifyab yo san konsantman bay fonksyonèl apwopriye yo nan sitiwayson ijans yo, pou yo respekte yon asiyasyon yo emèt legalman ak nan ka ki konsène prezans obligatwa nan lekòl la ak nan ka abi timoun. Yo ka jwenn lòt kominikasyon enfòmasyon pèsònèl idantifyab ki nan dosye eskolè yon elèv san yo pa te gen konsantman ekri paran oswa elèv elijib la alavans nan [34 C.F.R. Pati 99.31](#). *Tanpri sonje: Dapre FERPA, yo konsidere dosye disiplinè yo tou kòm yon dosye eskolè epi yo pa ka pataje enfòmasyon ladan yo amwenske gen youn nan eksepsyon anwo a yo ki aplike.*
4. Dwa pou yo depoze plent nan Depatman Edikasyon Etazini an konsènan mankman kote yo prezime lekòl la pa konfòm ak egzijans FERPA yo. Adrès biwo ki jere FERPA se:

Family Policy Compliance Office  
U.S. Department of Education  
400 Maryland Avenue, SW  
Washington, DC 20202-4605.

## Kominikasyon Enfòmasyon ki nan Repètwa

[Lwa sou Dwa pou Edikasyon Ak Vi Prive Fanmi yo \(FERPA\)](#), yon lwa federal, mande pou OCPS, avèk sèten eksepsyon, jwenn yon konsantman ekri avan yo ka kominike enfòmasyon pèsonal idantifyab nan dosye edikasyon timoun ou an. Toutfwa, OCPS ka kominike enfòmasyon yo deziyen kòm "enfòmasyon nan repètwa" kòm sadwa san konsantman ekri, sof si ou te mande OCPS pou l fè otreman annakò ak pwosedi OCPS yo ak [fichye JRA Règleman Komisyon an ki titre, "Dosye Elèv yo."](#) W ap jwenn fòmilè pou l pa resevwa kominikasyon enfòmasyon nan repètwa nan lekòl timoun ou an oswa lè w ranpli fòmilè w ap jwenn nan <https://www.ocps.net/cms/One.aspx?portalId=54703&pageId=1259544>. Tanpri sonje, y ap pataje enfòmasyon ki nan repètwa, jan Komisyon an pèmèt, sèlman ak antite ki sou kontra yo epi li konfòm ak [fichye JRA Règleman Komisyon an, ki titre "Dosye Elèv yo"](#).

Annakò ak FERPA ak Règleman JRA Komisyon an, w ap jwenn enfòmasyon ki annapre yo, yo konn rele "enfòmasyon nan repètwa" yo nan dosye lekòl timoun ou an epi yo pa konfidansyèl:

- Non Elèv la;
- Adrès Elèv la;
- Nimewo telefòn yo, si yo genyen l nan lis la;
- Non lekòl oswa pwogram ki pi resan yo te frekante;
- Dat prezans nan lekòl yo nan distri a;
- Patisipasyon nan aktivite ak espò yo rekonèt ofisyèlman yo;
- Diplòm, sètifika, ak onè yo te resevwa yo;
- Dat gradyasyon yo; epi
- Dat ak kote yo te fèt.

Yo ka kominike enfòmasyon nan repètwa tou, ki se enfòmasyon yo konsidere an jeneral ki pa danjre oswa ki pa reprezante vyolasyon vi prive si yo pibliye l, bay òganizasyon deyò yo san yon paran pa bay konsantman ekri avan. Òganizasyon deyò yo gen ladan, men pa sèlman, konpayi ki fabrike bag pwomosyon yo oswa pibliye albòm pwomosyon yo.

Rekritè militè yo ka mande tou lis non, adrès, ak nimewo telefòn elèv yo dapre lalwa federal. Ajans edikasyonèl onivo lokal (LEA) yo k ap resevwa èd dapre Lwa sou Edikasyon Elemantè ak Segondè 1965 lan, jan yo modifiye l la (ESEA) dwe bay rekritè militè yo enfòmasyon yo mande yo, sof si paran yo te mande LEA pou yo pa kominike enfòmasyon elèv yo a san yo pa bay konsantman ekri yo avan. [Sonje: Lwa sa yo se [Seksyon 9528 ESEA \(20 U.S.C. § 7908\)](#) ak [10 U.S.C. § 503\(c\)](#), ak [Seksyon 1003.451, Lwa Florid yo.](#)]

Anplis de sa, non yo ak enfòmasyon nan repètwa ki konsène timoun ofisyèl lapolis, anplwaye k ap fè ankèt nan Depatman Sante ak Sèvis Reyabilitatif yo, ponpye yo, jistis ak jij yo, ak lòt fonksyonè aktif oswa ansyen, jan yo dekri nan [Seksyon 119.07, Lwa Florid yo](#), gen egzansyon pou kominikasyon. Si yon paran/responsab elèv voye yon demann alekri bay lekòl la pou mande lekòl la pou l pa kominike enfòmasyon sa a san paran/responsab elèv sa a pa bay konsantman l, lekòl la pa dwe kominike enfòmasyon sa a.

## Kominikasyon Dosye Edikasyonèl Bay Lòt Ajans Edikasyonèl yo

FERPA otorize kominikasyon dosye edikasyonèl bay lòt ajans oswa enstitisyon edikasyonèl yo annakò ak [34 C.F.R. § 99.34](#). OCPS ka kominike dosye edikasyonèl yo bay lòt ajans oswa enstitisyon edikasyonèl ki te mande dosye yo epi kote elèv la ap chache oswa gen entansyon pou l enskri oswa li te deja enskri depi kominikasyon an se pou objektif ki gen rapò ak enskripsyon oswa transfè elèv la. Paran/responsab elèv la ka mande yon kopi dosye yo te kominike a, ak/oswa paran/responsab elèv la ka mande yon odyans jan yo dekri nan Seksyon sa a. Anplis de sa, annakò ak [Seksyon 1003.25, Lwa Florid yo](#), dosye edikasyonèl yo te transfere bay yon lòt ajans edikasyonèl dwe gen ladan: rapò verifiye sou tandans move konpòtman grav oswa ki plede refèt yo, ki gen ladan bilan evalyasyon menas yo ak sèvis entèvansyon yo; ak evalyasyon sikolojik yo, ki gen ladan plan tretman terapetik yo ak terapi oswa nòt pwogrè OCPS te kreye oswa mentni yo, jan sa apwopriye.



## **SEKSYON II:**

**DWA AK RESPONSABLITE ELÈV YO**

## SEKSYON II: DWA AK RESPONSABLITE ELÈV YO

Anviwònman Aprantisaj ki San Danje, Pozitif, ak Akeyan	
Dwa Elèv yo	Responsablite Elèv yo
Pou yo al lekòl nan yon anviwònman pozitif	Pou yo mentni yon pwotokòl k ap ranfòse yon anviwònman pozitif
Pou gen anplwaye nan lekòl yo ki akeyan pou tandè bezwen ak enkyetid elèv yo	Eksprime bezwen ak enkyetid yo nan fason apwopriye
Byen konnen Kòd la	Swiv direktiv yo ki dekri nan Kòd la
Prezans	
Dwa Elèv yo	Responsablite Elèv yo
Pou yo fè yo konnen règleman Komisyon an yo ak règ lekòl yo konsènan absans ak reta	Pou yo vin lekòl chak jou epi alè
Pou yo konteste yon desizyon yo pran konsènan yon absans	Pou yo eksplike oswa dokimante rezon ki fè yo te absan
Pou yo mande ratrapaj devwa apre yon absans/apre yo te voye yo tounen epi remèt devwa nan yon kantite tan	Pou ratrape devwa klas yo nan yon kantite tan rezonab apre yon absans jistifye/apre yo te voye yo tounen
Konsèy	
Dwa Elèv yo	Responsablite Elèv yo
Pou yo fè yo konnen sèvis oryantasyon ki disponib nan lekòl la	Pou yo itilize sèvis oryantasyon pou amelyore sou plan edikatif ak pèsònèl
Pou yo jwenn aksè a konsèy endividiyèl ak an gwoup	Pou yo pwograme randevou oryantasyon yo alavans, eksepte nan ka ijans yo
Pou yo mande konsèy	Pou yo travay an kowoperasyon ak tout anplwaye lekòl la yo
Pwogram detid	
Dwa Elèv yo	Responsablite Elèv yo
<b>SEKSYON II:</b>	Pou yo mande pwogram akademik ak pwogram apre lekòl ki an liy ak kapasite yo
Pou yo resevwa deskripsyon kou yo	Pou yo mande anplwaye lekòl yo èd lè y ap chwazi kou yo
Pou yo aprann nan men pwofesè ki konpetan nan yon atmosfè ki pa gen ni patipri ni prejije	Pou yo travay an kowoperasyon ak pwofesè yo epi kontribiye nan kreyasyon yon atmosfè ki pa gen ni patipri ni prejije
Pou yo patisipe nan pwogram konpetans debaz yo nan lekòl elemantè, primè, ak segondè yo	Pou yo fè tout efò posib pou yo metrize konpetans debaz yo
Nòt yo	
Dwa Elèv yo	Responsablite Elèv yo
Pou yo ede devlope ak distribiye piblikasyon yo nan kad pwosesis edikatif la	Pou yo aprann konnen nòm notasyon yo
Pou yo fè yo konnen si y ap pase/oswa yo ka pa pase lè devwa yo pa satisfèzan	Pou yo satisfè nòm akademik ki an liy ak kapasite yo epi fè tout efò posib pou yo amelyore devwa ki pa satisfèzan yo

## SEKSYON II: DWA AK RESPONSABLITE ELÈV YO

Libète Lapawòl/Ekspresyon	
Dwa Elèv yo	Responsablite Elèv yo
Pou yo ekspriye opiyon yo aloral ak alekri, men san yo pa itilize vye mo betiz, dezòdone, abizif, oswa denigran	Pou yo respekte dwa lòt moun genyen pou yo ekspriye opinyon yo epi evite itilize pawòl oswa ekspresyon ki ka reyèlman deranje anviwònman aprantisaj la oswa mete sante, sekirite, oswa byennèt lòt moun yo an danje
Pou yo patisipe nan obsèvan patriyotik yo, toutfwa, elèv yo gen dwa pou yo pa patisipe lè y ap resite Sèman Alejans lan	Pou yo konpòte yo avèk respè pandan obsèvan patriyotik yo
Pou yo respekte kwayans relijye yon moun	Pou yo respekte kwayans relijye lòt moun epi pou yo evite patisipe nan aktivite k ap fawouche kwayans relijye yo
Pou yo rasanble an pè sou pwopriyete lekòl la pandan y ap respekte règleman federal, eta, ak lokal yo	Pou yo planifye, jwenn apwobasyon epi òganize aktivite ki an liy ak objektif lekòl la yo
Pou yo ede devlope ak distribye piblikasyon yo nan kad pwosesis edikatif la	Pou yo swiv règ jounalis responsab sou direksyon yon konseye, ki gen ladan chache enfòmasyon konplè konsènan sijè yo epi evite pibliye materyèl ki fo oswa endesan
Pou yo pwoteje yo kont asèlman seksyèl	Pou yo evite fè zak asèlman seksyèl sou elèv, anplwaye, ak manm kominote yo sou pwopriyete Komisyon an, nan mwayen transpò lekòl la, ak/oswa nan aktivite eskolè yo.
Dwa a Vi Prive ak Pwopriyete	
Dwa Elèv yo	Responsablite Elèv yo
Dwa a konfidansyalite byen pèsònèl yo amwenske anplwaye lekòl yo gen rezon pou yo kwè ke yon elèv an posesyon materyèl lalwa oswa règleman Komisyon an entèdi yo; yo ka fouye nenpòt moun ki sou pwopriyete Komisyon an, nan mwayen transpò lekòl la, ak/oswa nan aktivite eskolè yo	Pou yo pa mete materyèl lalwa oswa Komisyon an entèdi yo nan lekòl yo oswa pandan aktivite lekòl yo
Pou yo respekte byen pèsònèl yo	Pou yo respekte byen pèsònèl lòt moun

### Diskriminasyon kont Elèv

[Fichye JB Règleman Komisyon an, ki titre, "Opòtinite yo pou Edikasyon Egalego,"](#) defini diskriminasyon kòm yon konduit ki anpeche viktim lan gen opòtinite pou l patisipe nan pwogram oswa aktivite edikasyon yo, akòz ras, koulè, relijyon, laj, sèks, peyi kote yo soti, eta sivil, andikap, enfòmasyon jenetik, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon seksyèl, oswa nenpòt lòt rezon lalawa entèdi. Yo dwe trete elèv k ap frekante lekòl OCPS yo selon yon kòd initè, ki aplike pou tout elèv yo menm jan. Tout aktivite yo, nan lè lekòl oswa apre lè lekòl, ke OCPS patwone dwe fèt nan fason ki montre respè pou chak grenn elèv. Yo dwe fè tout efò rezonab pou asire aktivite yo pa denigre oswa ofanse okenn elèv akòz diskriminasyon.

Si yon elèv kwè li viktim diskriminasyon baze sou nenpòt nan faktè yo idantifye anwo yo, n ap ankouraje elèv la pou l rapòte diskriminasyon li prezime a bay direksyon lekòl la pou yo fè ankèt sou sa. Viktim lan ka depoze yon doleyans/plent bay Responsab Ekite OCPS la tou pou l fè ankèt sou akizasyon yo; Responsab Ekite OCPS la se Keshara Cowans epi biwo li chita nan Ronald Blocker Educational Leadership Center, 445 W. Amelia Street, Orlando, Florida 32801, (407) 317-3200.

### Tit IX nan Modifikasyon Lwa sou Edikasyon 1972 la ak Diskriminasyon Seksyèl

Konfòmman ak [Tit IX nan Modifikasyon Lwa sou Edikasyon 1972 yo](#), ak [fichye JB Règleman Komisyon an, ki titre "Opòtinite yo pou Edikasyon Egalego,"](#) OCPS pran angajman pou l pwoteje elèv, anplwaye, ak moun k ap enskri pou admisyon yo kont diskriminasyon seksyèl, ki gen ladan diskriminasyon sou baz idantite seksyèl, oswa refi pou konfòm a nosyon estereyotipe maskilinite ak femininite yo. OCPS kwè ke tout elèv ak anplwaye yo gen dwa pou yo viv eksperyans eskolè sekirite, ekita, san asèlman. Yo p ap tolere akizasyon diskriminasyon ki fonde yo, epi y ap motif valab pou yo pran mezi disiplinè. Nenpòt elèv ki akize yon lòt elèv de diskriminasyon seksyèl li ka itilize pwosedi pou Elèv pote plent nan lekòl la oswa yo ka pote plent dirèkteman bay Kowòdonatè Tit IX la.

### Entimidasyon ak Asèlman

Konfòmman ak [Seksyon 1006.147, Lwa Florid yo, fichye ADD Règleman Komisyon an, ki titre, "Lekòl yo San Danje"](#), ak [fichye JB Règleman Komisyon an ki titre, "Opòtinite yo pou Edikasyon Egalego"](#), Komisyon an pran angajman pou l pwoteje elèv, anplwaye, ak moun k ap aplike pou enskri yo kont entimidasyon, asèlman, oswa diskriminasyon pou kèlkeswa rezon an ak sou nenpòt fòm. Komisyon an kwè tout elèv ak anplwaye yo gen dwa pou yo viv eksperyans eskolè sekirite, ekita, san asèlman. Yo p ap tolere akizasyon entimidasyon, asèlman, oswa diskriminasyon ki fonde yo epi y ap motif valab pou yo pran mezi disiplinè. Anplis de sa, byenke entimidasyon ak asèlman san fondman pa lakoz yo pran mezi disiplinè, yo dwe dokimante entimidasyon ak asèlman san fondman epi rapòte yo bay Depatman Edikasyon Florid la pa mwayen egzijans estrikti [Anviwònman Lekòl ak Rapò Ensidan an](#) (SESIR). Nenpòt elèv ki akize yon lòt elèv de entimidasyon oswa asèlman ka itilize pwosedi pou Elèv pote plent nan lekòl la oswa yo ka pote plent dirèkteman bay direktè lekòl la oswa yon reprezantan li deziyen.

### Kòd Lapolitès la

Edikasyon yon timoun fèt sèlman pa mwayen yon patenarya ant timoun lan, kò pwofesoral ak anplwaye lekòl la, paran (yo) oswa responsab la (yo), kominote a ak anplwaye biwo distri a yo. Patenarya se yon eta aktif ki gen ladan pataj responsablite, gen kominikasyon siyifikatif epi yo ankouraje patisipasyon.

Lè moun k ap travay ansanm dakò, patenarya a ap mache byen fasil. De (2) moun p ap toujou dakò epi sa ka rann patenarya difisil. Patenarya ap pi puisan tank nou edike timoun yo pou yo atenn potansyèl yo, lè nou dakò sou fason pou nou pa dakò. Nou dwe aji avèk lapolitès nan echanj nou ap fè yo.

Yo toujou defini lapolitès dapre absans li. Nou konn tande pale de aksyon danjre yo tankou vyolans sou volan, konfwontasyon fizik, karikati etnik ak betiz yo. Men lapolitès pa sèlman lè pa gen mal. Se afimasyon kisa ki pi bon nan chak nan nou menm endividyèlman ak kolektivman. Li plis pase lè w di "tanpri" ak "Mèsi". Se yon refleksyon respè nou montre anvè lòt moun pa mwayen konpòtman nou, kèlkeswa si nou konnen oswa nou renmen yo. Se pa sèlman aji nan fason ki evite blese epi yo pa dwe itilize l pou kache kritik ni kòmantè. Se lè nou onèt ak janti epi nou asime responsablite pou pwòp aksyon nou olye nou kilpabilize lòt moun.

Pandan n ap kominike youn ak lòt, nou bezwen sonje nou ap travay ansanm nan avantaj timoun yo ki nan kominote sa a.

Kidonk, Komisyon an egzije pou pandan n ap kominike, elèv yo, pwofesè ak anplwaye OCPS yo, paran yo, responsab yo ak tout lòt manm nan kominote a yo, nou tout dwe:

#### 1. Youn toujou trete lòt avèk koutwazi ak respè

Sa vle di:

- Nou dwe tande avèk atansyon ak respè pandan lòt moun ap ekspriye opinyon yo ki gendwa diferan de opinyon pa nou yo.
- Nou dwe pataje opinyon ak preyokipasyon nou yo san nou pa itilize vye mo, vye jès oswa betiz.

#### 2. Youn trete lòt avèk jantiyès

Sa vle di:

- Nou youn dwe trete lòt, jan nou ta renmen yo trete nou.
- Nou pa dwe menase ni lakoz blesi fizik oswa kòporèl yon lòt moun.
- Nou pa dwe menase ni lakoz domaj byen yon lòt moun.
- Nou pa dwe entimide, rabese, oswa youn ap fawouche lòt epi nou pa dwe pèmèt lòt moun fè sa an prezans nou.
- Nou pa dwe imilye epi nou pa dwe abizif ni endesan nan okenn fason pandan n ap kominike.

#### 3. Pran responsablite pou pwòp aksyon nou yo

Sa vle di:

- Nou dwe pataje enfòmasyon yon fason onèt.
- Nou dwe evite fè estay.
- Nou pa dwe deranje oswa tante entèwonp operasyon yon salklas oswa nenpòt lòt travay oswa espas piblik nan yon lekòl oswa yon etablisman eskolè.

#### 4. Kowopere youn avèk lòt

Sa vle di:

- Nou dwe respekte règ lekòl yo konsènan aksè ak vizit yo.
- Nou dwe respekte obligasyon lejitim ak kontrent tan nou chak ap konfwonte yo.
- Nou youn dwe fè lòt konnen lè nou gen enfòmasyon ki ka ede nou atenn objektif komen nou genyen an. Sa pral gen ladan enfòmasyon konsènan pwoblèm sekirite yo, pwogrè akademik, chanjman ki ka afekte travay yon elèv oswa evènman nan kominote a ki ka afekte lekòl la.
- Nou dwe reponn lè yo mande nou èd.
- Nou dwe konprann ke nou pa ka toujou jwenn sa nou vle.

### Kòd Lapolitès la

#### Otorite ak Aplikasyon Kòd Lapolitès la

Otorite ak aplikasyon kòd lapolitès la avrèdi depann de moun endividyèl ak kolektivite ki konsène a – kidonk sa vle di elèv yo, pwofesè ak anplwaye OCPS yo, paran yo, responsab yo ak tout lòt manm nan kominote a yo. Toutfwa, chak moun bezwen konnen kòman pou yo reponn a konpòtman enpoli yo ak kòman y ap reponn fas a konpòtman sa a. Kidonk:

1. Yon elèv ki kwè ke yo pa te trete l nan yon fason ki reflekte Kòd Lapolitès la dwe rapòte konpòtman sa bay administratè apwopriye lekòl la.
2. Yon paran, responsab elèv oswa manm kominote a ki kwè yo pa te trete l nan yon fason ki reflekte Kòd Lapolitès la dwe rapòte konpòtman sa bay sipèvizè dirèk manm anplwaye a.
3. Yon anplwaye ki kwè ke yo pa te trete l nan yon fason ki reflekte Kòd Lapolitès la dwe swiv direktiv ki annapre yo:
  - Si gen menas danje pèsònèl, anplwaye a ka kontakte lapolis.
  - Yon administratè oswa yon direktè resous lekòl la ka mande nenpòt moun ki sou pwopriyete distri lekòl la san otorizasyon pou yo mete yo deyò nan pwopriyete a. Yon administratè oswa yon direktè resous lekòl dwe mande nenpòt moun ki menase oswa ki tante entèwonp lekòl la oswa fonksyonman distri lekòl la yo, ki blese yon moun fizikman, ki entansyonèlman lakoz domaj, k ap di betiz byen fò oswa ki di vye mo, fè jès, di vye betiz blesan oswa fè estay, pou yo mete yo deyò nan pwopriyete a. Si moun sa pa mete l deyò imedyatman ak volontèman epi si direktè resous lekòl la pa disponib, y ap rele lapolis pou li.
  - Si yon repondè telefonik anrejistre yon apèl, yon imèl, yon mesaj nan mesajri vokal, oswa nenpòt lòt kominikasyon ekri ki imilyan, abizif, menasan oswa endesan, anplwaye a pa oblije reponn.
    - Si gen menas danje pèsònèl, anplwaye a ka kontakte lapolis.
    - Anplwaye a dwe sovgade mesaj la epi kontakte sipèvizè dirèk li, direktè resous lekòl la ak/oswa Lapolis distri OCPS la.
  - Si nenpòt manm popilasyon an itilize vye mo oswa pale nan fason imilyan, byen fò oswa nan fason blesan, yo mande anplwaye yo te pale konsa avè l la pou pran mezi ki annapre yo:
    - Mande moun k ap pale a byen kalm ak byen poli pou l pale avèk politès.
    - Si abi vèbal la kontinye, avize moun k ap pale a kòm sadwa epi mete fen nan rankont, konferans oswa konvèsasyon nan telefòn lan.
    - Si rankont oswa konferans lan se sou pwopriyete distri a l ap fèt, mande pou yon administratè oswa yon moun otorize mande moun k ap pale a pou mete l deyò nan pwopriyete a touswit.
    - Si moun k ap pale a pa mete l deyò imedyatman, yon administratè oswa yon lòt moun otorize dwe enfòmè lapolis pou yo ka pran nenpòt mezi yo jije ki nesèsè.





# **SEKSYON III:**

**AVI POU ELÈV YO**

### Dispozisyon Règ Refij la

Yon elèv ka al kote yon manm direksyon lekòl la oswa yon anplwaye ki sou kontra epi remèt yo, yon atik Kòd la entèdi. Amwenske manm direksyon lekòl yo te deja kòmanse yon ankèt konsènan posesyon yon atik Kòd konduit la entèdi, yon elèv ki al kote yon manm direksyon lekòl epi remèt yo atik la ka pa resevwa mezi disiplinè. Yon ankèt kòmanse lè yon manm direksyon lekòl la oswa yon anplwaye ki sou kontra vin okouran de egzistans atik Kòd la entèdi. Lekòl la pral fè aranjman ak paran/responsab elèv la pou yo vin chache atik la nan lekòl la, si aplikab.

Si yon elèv jwenn atik ilegal tankou dwòg, zam, oswa lòt atik kontrebann sou pwopriyete Komisyon an, nan mwayen transpò lekòl la, ak/oswa nan aktivite eskolè yo, elèv la ka al kote yon manm direksyon lekòl oswa yon anplwaye ki sou kontra pou yo rapòte yo te jwenn atik ilegal sa. Yon elèv pa ka vyole Kòd la paske yo fè yon rapò. Manm direksyon lekòl yo dwe respekte règleman ak pwosedi konsènan ankèt yo dwe fè sou rapò a.

Yo ka kontakte lapolis pou deseri enfraksyon espesifik, ki ka gen ladan, men pa sèlman, zam afe, dwòg, ak dispozitif eksplozif yo. Dispozisyon Règ Refij la yo pa pwoteje atik Kòd la entèdi yo jwenn pandan y ap fouye owaza yo.

### Patisipasyon nan Aktivite Apre Lekòl/Aktivite Pandan Lè Lekòl yo

Pou yo ka patisipe nan aktivite apre lekòl/aktivite pandan lè lekòl yo oswa nan pwogram espòtif yo, elèv yo dwe respekte règleman Komisyon an yo, kritè ki espesifik a lekòl yo, ak lwa aplikab yo. Yon elèv ka pa elijib pou l patisipe nan aktivite apre lekòl/aktivite pandan lè lekòl yo akòz sèten enfraksyon disiplinè. Li enpòtan pou elèv yo konprann fason lekòl la atann pou elèv yo konpòte yo ka ale pi lwen pase salklas la oswa kanpis lekòl la (sa vle di kòd la aplike pou rezo sosyo yo), kidonk, konpòtman yon elèv lè li pa nan kanpis la ka afekte patisipasyon l nan aktivite apre lekòl/aktivite pandan lè lekòl yo nan mezi konpòtman sa a lakòz yon gran deranjman nan fonksyonman lekòl la ak/oswa aktivite a. Daprè lwa Florid la, Komisyon an gen otorite pou yo refize akòde elèv yo privilèj patisipasyon yo. Anplis de sa, lekòl yo gen dwa pou yo mete nenpòt elèv deyò pou nenpòt enfraksyon ki pa konfòm a Kòd la, ki reyèlman deranje lekòl la oswa kominote a.

Yon elèv gendwa pa patisipe nan okenn aktivite apre lekòl/aktivite pandan lè lekòl yo si elèv la te patisipe nan menm espò a nan yon lòt lekòl pandan menm ane a amwenske elèv la te demenaje akòz plasman nan fanmi dakèy, li te gen lanmò yon paran/responsab, oswa òdonans militè te afekte l oswa yon tribinal te òdone chanjman nan gad li. Rekritman prezime yo ka pa afekte elijiblite yon elèv pou l patisipe nan aktivite apre lekòl/aktivite pandan lè lekòl yo jiskaske yo rive atenn yon detèminasyon final.

Sistèm Jistis Jivenil lan te pran angajman pou l travay ansanm ak manm direksyon lekòl yo pou yo antann sou mentyen yon nòm konpòtman pou tout elèv yo ki gen ladan elèv k ap patisipe nan aktivite apre lekòl/aktivite pandan lè lekòl yo. Nan menm espri sa, yo dwe retire nenpòt elèv ke yon pwokirè te fòmèlman akize pou yon krim oswa enfraksyon kriminèl parèy yo pou yo pa patisipe nan aktivite apre lekòl/aktivite pandan lè lekòl yo pandan yon ane sivil (1 an) ominimòm. Si yo jwenn yon elèv pa koupab oswa si yo rejte akizasyon yo, elèv la ka retounen lè yo prezante dokiman ki pwouve desizyon tribinal la. Anplis de sa, yon elèv gendwa pa elijib pou yo patisipe nan aktivite apre lekòl/aktivite pandan lè lekòl yo si yon òdonans tribinal entèdi elèv la enskri nan yon anvivonman lekòl tradisyonèl.

Yo dwe retire nenpòt elèv ki te komèt yon enfraksyon imilyasyon rityèl Nivo III pou yo pa patisipe nan aktivite apre lekòl/aktivite pandan lè lekòl yo pandan yon ane sivil (1 an) ominimòm. Yo dwe retire nenpòt elèv ki te komèt yon enfraksyon imilyasyon rityèl Nivo IV pou yo pa patisipe nan aktivite apre lekòl/aktivite pandan lè lekòl yo pandan rès tan enskripsyon yo nan OCPS.


Pa gen anyen nan seksyon Kòd la ki dwe anpeche Siveyan lekòl la /reprizantan li deziyen an oswa Sistèm Jistis Jivenil lan egzèse okenn otorite yo genyen.

W ap jwenn plis enfòmasyon ki konsène aktivite apre lekòl/aktivite pandan lè lekòl yo nan [fichye JJ Règleman Komisyon an ki titre, "Aktivite Apre Lekòl yo."](#)

### Rad Elèv yo

Rad ak aparans elèv ki nan Lekòl Piblik Konte Orange yo dwe kontribiye nan sante ak sekirite elèv la, ankouraje yon anviwònman edikatif pozitif, epi yo pa dwe entèwonp aktivite pedagogik yo ak pwosesis lekòl la yo. Nòm rad ak aparans yo aplike pou tout elèv ki nan lekòl piblik Konte Orange yo, amwenske direktè lekòl la te ba yo yon egzansyon espesifik. Se a direktè lekòl la yo dwe adrese nenpòt demann pou yon egzansyon.

1. Yo dwe mete rad yo jan yo te konsevwa yo a. Pa egzansyon, bretèl ki kenbe patalon yo dwe pase sou zepòl yo, pantalon yo dwe byen chita nan senti yo, sentiwon yo dwe tache, yo pa dwe mete souvètman kòm vètman eksteryè, souvètman yo pa dwe parèt deyò.
2. Rad la dwe kouvri kò a soti anba yon bra al anba lòt bra epi desann anviwon mwatye longè hanch lan (gade imaj ki adwat la). Mayo yo dwe gen bretèl. Yo pa dwe ka wè souvètman yo. Chire, twou, oswa dechire ki nan rad yo dwe pi ba pase mwatye longè hanch lan.
3. Yo dwe toujou gen soulye/tenis nan pye yo epi yo dwe sekirite pou anviwònman lekòl la. Soulye ki annapre yo pa akseptab pou okenn elèv OCPS: kranpon oswa soulye/tenis ki gen wou.
4. Yo pa dwe mete akseswa yo konn met nan tèt yo pandan jounen lekòl la, amwenske direktè lekòl la apwouve akseswa yo konn met nan tèt yo.
5. Kou espesyalize yo ka egzije abiman, tankou inifòm pou jwe espò, oswa ekipman sekirite yo, epi direktè lekòl la dwe apwouve yo avan yo mete yo pandan jounen lekòl la.
6. Yo pa dwe mete rad transparan, dekolte, oswa an filè san pa gen souvètman apwopriye anba yo ki satisfè egzijans minimòm kòd abiman sa a.
7. Elèv yo pa dwe mete akseswa gang, abiman ak/oswa bijou, tatou, oswa lòt ensiy, ki afiche oswa ki sigjere mo/desen seksyèl, vilgè, dwòg, alkòl, oswa ki gen rapò ak tabak oswa ki ka gen tandans pwovoke vyolans ak dezòd nan lekòl la.
8. Rad yo pa dwe deklare, souzantann, oswa dekri diskou lahèn oswa imaj ki sible gwoup sou baz ras, etnisite, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, afilyasyon relijyez, oswa nenpòt lòt klas pwoteje.
9. Yo pa dwe mete rad ak akseswa ki mete elèv oswa anplwaye yo an danje.
10. Lekòl yo ka kreye inifòm lekòl endividyèlman avèk patisipasyon kominote a ak apwobasyon sipèvizè direktè lekòl la.
11. Yo prevwa lekòl yo ka itilize direktiv eta a ak distri a preskri pou rad ki akseptab yo endividyèlman kòm nòm minimòm; nenpòt adaptasyon dwe fèt apre apwobasyon sipèvizè direktè lekòl la. Direktè chak lekòl rezève dwa pou yo detèmine ki rad ki apwopriye pou lekòl la jan yo dekri nan nòm minimòm sa yo.



Yo ka pran mezi disiplinè kont nenpòt elèv ki vyole règleman sou rad sa a jan yo dekri nan [Seksyon IV ak V](#) Kòd la, [Seksyon 1006.07\(2\)\(d\), Lwa Florid yo](#), ak anba la:

1. Pou yon premye enfraksyon, yo dwe bay yon elèv yon avètisman vèbal epi direktè lekòl la dwe rele paran/responsab elèv la.
2. Pou yon dezyèm enfraksyon, yon elèv pa elijib pou l patisipe nan okenn aktivite apre lekòl pou yon peryòd tan ki pa depase 5 jou epi direktè lekòl la dwe rankontre ak paran/responsab elèv la.
3. Pou yon twazyèm oswa enfraksyon youn apre lòt, yo dwe voye elèv la tounen (men yo kontinye patisipe nan enstriksyon lekòl yo apa) annakò ak [Seksyon 1003.01\(5\), Lwa Florid yo](#), pou yon peryòd ki pa depase 3 jou, elèv la pa elijib pou l patisipe nan okenn aktivite apre lekòl pou yon peryòd tan ki pa dwe depase 30 jou epi direktè lekòl la dwe rele paran/responsab elèv la epi voye yon lèt ekri bay paran/responsab elèv la konsènan vyolasyon kòd abiman an.

### Nòm Konduit pou Elèv k ap itilize Mwayen Transpò OCPS Ofri yo

Piske OCPS kontinye ap fè efò pou yo ofri mwayen transpò sekirite pou tout elèv yo, kèlkeswa si se pou yon sòti eskolè, fonksyon espòtiv, aktivite parèy yo, oswa ale-retou lakay yo, yo atann pou elèv yo respekte nòm konpòtman nan bis lekòl ki annapre yo, anplis de Kòd la:

1. Toujou obeyi chofè bis la toutan.
2. Pa rete sou wout la pandan w ap tann bis la.
3. Ou dwe ap tann nan arè bis la senk minit avan lè orè bis la prevwa l ap pase a.
4. Kite plizyè pa devan bis la lè w ap travèse wout la.
5. Monte sèlman nan bis yo atribiye pou ou a.
6. Anbake epi ale apati arè bis yo atribiye pou ou a.
7. Aji kòm sadwa pandan w ap tann bis la.
8. Bay non pwòp ou (pa sounon w) lè operatè oswa siveyan bis la mande w.
9. Rete chita toutan pandan bis la ap mache epi tache yon senti sekirite kòm sadwa, jan sa aplikab.
10. Rete an silans lè limyè nan plafon yo limen.
11. Rete an silans nan pasaj anivo wout tren yo.
12. Evite jete fatra nan bis yo.
13. Evite pote reptil, ensèk, bèt, oswa bèt maren (ki an vi oswa ki mouri) ki pa gen rapò a aktivite lekòl yo nan bis yo.
14. Evite afiche afich nan bis la.
15. Evite itilize vye mo oswa fè vye jès vilgè.
16. Evite fè zak sabotaj.
17. Evite tire jete nenpòt atik nan fenèt bis la.
18. Evite afiche nenpòt konduit oswa konpòtman k ap anpeche transpò w oswa transpò lòt pasaje bis yo nan lòd, an sekirite, epi rapid.
19. Yo pèmèt elèv yo itilize aparèy elektwonik yo pandan y ap itilize mwayen transpò OCPS/OCPS finanse yo depi elèv la itilize ekoutè bouton, ekoutè elatriye, epi yo kite omwen yon zòrèy lib pou yo ka tande enstriksyon yo.
20. Yo pa pèmèt planch awoulèt nan bis lekòl la.

Yo te enstale aparèy anrejistreman nan plizyè bis. Yo ka ap filme elèv yo a nenpòt ki moman pandan trajè yo. Yo ka itilize anrejistreman yo pou detèmine lè gen vyolasyon Kòd la. Vyolasyon nòm ki mansyone anwo a yo, oswa nan nenpòt seksyon Kòd la, ka motif pou yo voye yon elèv tounen oswa mete yon elèv deyò nan bis/lekòl la.

### Posesyon, Itilizasyon, oswa Lavant Sibstans Reglemante yo ak/oswa Alkòl

Dapre lwa eta a ak [fichye JICH Règleman Komisyon an, ki titre, "Lè Elèv yo Itilize Dwòg ak Alkòl,"](#) nenpòt elèv ki itilize, posede, oswa vann sibstans reglemante yo nan fason ilegal, jan yo defini nan [Chapit 893, Lwa Florid yo,](#) ak/oswa alkòl pandan elèv la sou pwopriyete Komisyon an, nan mwayen transpò lekòl la, ak/oswa nan aktivite eskolè yo, se motif pou lekòl la pran mezi disiplinè (tankou voye elèv la tounen ak/oswa mete l deyò) epi sa ka lakoz yo enpoze sanksyon kriminèl tou.

### Posesyon Zam Afe, Zam, ak/oswa Dispozitif Destriktè yo sou Pwopriyete Komisyon an

Nenpòt elèv oswa vizitè ki posede yon zam afe, zam, ak/oswa dispozitif destriktè ("zam yo") jan yo defini nan [Chapit 790, Lwa Florid yo,](#) pandan elèv la oswa vizitè a sou pwopriyete Komisyon an, nan mwayen transpò lekòl la, ak/oswa nan yon aktivite eskolè, se motif pou lekòl la pran mezi disiplinè epi sa ka lakoz yo entante pwsè kriminèl tou. Sa gen ladan, men pa sèlman, elèv la pa dwe genyen oswa pote yon zam sou li, nan yon veyikil, nan yon resipyan oswa lòt mwayen transpò.

Y ap mete deyò nenpòt elèv ke yo te detèmine ki te pote oswa ki genyen yon zam sou pwopriyete Komisyon an, nan mwayen transpò lekòl la, ak/oswa nan yon aktivite eskolè, avèk oswa san sèvis pou kontinye edikasyon yo, nan lekòl regilyè elèv la pou yon peryòd tan ki pa mwens pase ennan (1 ane) konplè epi yo ap refere l a sèvis sante mantal OCPS te idantifye dapre [Seksyon 1012.584\(4\), Lwa Florid yo,](#) epi refere l a sistèm jistis kriminèl oswa jistis jivenil lan tou. W ap jwenn plis enfòmasyon konsènan seksyon sa a nan fichye JICI Règleman Komisyon an, ki titre "Zam Afe, Zam, ak Dispozitif Destriktè yo."

### Imitasyon Zam yo

Yon elèv ka pa resevwa mezi disiplinè paske yo fè jès zam afe oswa zam pandan y ap jwe oswa paske yo met rad oswa akseswa ki dekri zam afe oswa zam, oswa ki eksprime yon opinyon konsènan Dwa Dezyèm Amandman yo, sof si imitasyon an lakoz yon gwo entèripsyon nan aprantisaj, lakoz blesi kòporèl, oswa fè yon lòt moun pè yo ka an danje jan yo dekri anba la. Fè jès yon zam afe oswa zam pandan y ap jwe gen ladan, men pa sèlman:

- Ranje yon patisri oswa lòt manje yo kòmanse manje pou fòmè yon zam afe oswa zam.
- Posesyon zam afe oswa zam ki mezire longè de (2) pous oswa mwens ototal.
- Posesyon zam afe oswa zam an plastik ki rasanble an blòk.
- Itilize dwèt yo oswa men yo pou fè jès zam afe oswa zam.
- Vokalize son yon zam afe oswa zam imajinè.
- Desine yon imaj, oswa posede yon imaj yon zam afe oswa zam.
- Itilize yon kreyon, plim, oswa lòt zouti pou ekri ak desine pou fè jès zam afe oswa zam.

Toutfwa, yon elèv ka resevwa mezi disiplinè si yo fè jès zam afe oswa zam pandan y ap jwe, si jwèt la reyèlman entèwonp aprantisaj elèv la, lakoz blesi kòporèl yon lòt moun, oswa fè yon lòt moun gen krent rezonab yo ka sibi blesi kòporèl. Gravite konsekans yo enpoze sou yon elèv, ki gen ladan, referans a sistèm jistis kriminèl oswa jistis jivenil lan, dwe pwopòsyonèl a gravite enfraksyon an epi konfòm ak règleman Komisyon an tabli pou enfraksyon parèy yo. Si yo disiplinè yon elèv pou yon konpòtman konsa, direktè lekòl la oswa reprezantan l deziyen an dwe rele paran/responsab elèv la. Yo dwe detèmine mezi disiplinè pou pran akòz rad oswa akseswa yon elèv ki reprezante yon zam afe oswa zam yo dapre [Kòd Abiman OCPS la,](#) sof si lè yo mete rad la oswa akseswa, sa lakoz yon gwo entèripsyon nan aprantisaj elèv yo, nan ka sa a yo ka reponn a enfraksyon an nan yon fason ki konfòm ak règleman Komisyon an yo pou enfraksyon ki parèy yo. Paragraf sa a pa entèdi lekòl yo adopte yon règleman inifòm pou lekòl la.

### Vyolans Kont Anplwaye Lekòl yo

Yo p ap aksepte ni tolere okenn agresyon oswa vyolans fizik kont yon anplwaye. Vyolans yon elèv fè kont nenpòt anplwaye, anplwaye ki sou kontra, oswa benevòl OCPS se motif pou voye elèv la tounen (men yo kontinye patisipe nan enstriksyon lekòl yo apa), voye elèv tounen lekòl (kote yo entèdi yo pa vin sou pwopriyete a ni patisipe nan aktivite lekòl yo), mete l deyò, oswa pran lòt mezi disiplinè lekòl la ka pran kont li epi sa ka lakoz sanksyon kriminèl yo tou.

Anplis de sa, yo dwe mete deyò oswa mete nan yon anviwònman lekòl altènatif oswa lòt pwogram nenpòt elèv yo jwenn ki te komèt nenpòt enfraksyon nan [Seksyon 784.081, Lwa Florid yo,](#) jan sa apwopriye. Enfraksyon ki nan lis nan [Seksyon 784.081, Lwa Florid yo,](#) gen ladan, agresyon oswa agresyon ak zam, oswa bat moun oswa bat moun ak zam, sou nenpòt anplwaye distri lekòl la lè moun k ap komèt enfraksyon an konnen oswa gen rezon pou l konnen idantite oswa pòs travay viktim lan. Apre yo fin akize elèv la de enfraksyon an, yo dwe retire elèv la nan salklas la touswit epi mete l nan yon anviwònman lekòl altènatif annatant desizyon an.

## SEKSYON III: AVI POU PARAN AK ELÈV YO

### Menas oswa Fo Rapò

Y ap mete deyò nenpòt elèv ki fè yon menas oswa yon fo rapò jan Seksyon [790.162](#), [790.163](#), ak [836.10](#), Lwa Florid yo preskri a ki enplike yon byen lekòl la oswa yon byen anplwaye lekòl la, mwayen transpò lekòl la, oswa yon aktivite lekòl la patwone, avèk oswa san kontinyasyon sèvis edikatif yo, pou yon peryòd ki p ap mwenske yon (1) ane akademik konplè epi y ap refere ka bay lapolis, kèlkeswa entansyon elèv la te genyen. Menas yo ka gen ladan men pa sèlman: menas bonb; menas pou yo itilize zam afe nan fason vyolan; menas pou touye oswa blese yon moun fizikman; ak/oswa menas pou yo fè fiziyad an mas oswa yon zak teworis.

Kòd Repons Disiplinè pou Lekòl Segondè yo ak lekòl Elemantè yo bay definisyon anplis pou menas yo. Menas yo ka dirèk oswa endirèk Toutfwa, yo ka itilize telefòn selilè/ekoutè yo pandan jou lekòl la, si itilizasyon an fè pati pwogram detid la epi yo dekri l nan leson/plan leson pwofesè a. Vyolasyon règleman sa ka lakoz yo konfiske telefòn selilè a ak/oswa pran lòt mezi disiplinè yo. Menas endirèk yo gendwa pa byen klè oswa yo ka kache. Menas endirèk yo gendwa pa dekri yon viktim presi oswa ka pa gen entansyon pou viktim lan te tandè oswa te wè menas la, tankou ekri yon menas yo pa montre viktim lan.

Anplis de sa, si yon elèv fè yon deklarasyon oswa poste yon deklarasyon sou rezo sosyo yo ki fè alizyon a elèv la k ap pote yon zam afe oswa lòt zam nan lekòl la, nan mwayen transpò lekòl la, oswa nan yon aktivite lekòl la, menm si elèv la pa pote zam afe a oswa zam nan vre, y ap prezime elèv la lakoz yon pètibasyon nan anviwònman an ki pral lakoz yo pran mezi disiplinè ak petèt sanksyon kriminel kont li. Nan okenn moman OCPS p ap responsab pou vòl, pèt oswa domaj telefòn selilè yo oswa lòt aparèy elektwonik yo te pote vin nan pwopriyete li yo.

### Zewo Tolerans pou Krim Vyolan ki gen Rapò ak Lekòl yo

Konfòmman ak [Seksyon 1006.13, Lwa Florid yo](#), entansyon OCPS se ankouraje yon anviwònman sekirite ak favorab nan lekòl yo, pou pwoteje elèv yo ak anplwaye yo kont konduit ki poze yon menas pou sekirite lekòl la, epi ankouraje lekòl yo pou yo itilize mwayen altènatif olye yo mete elèv yo deyò oswa olye yo refere yo bay lapolis. Yo pa vize aplike Règleman Zewo Tolerans lan nan fason egzijan pou zak mesken move konpòtman ak deli minè yo. Règleman Zewo Tolerans lan dwe aplike nan fason egalego pou tout elèv kèlkeswa estati ekonomik yo, ras yo, oswa andikap yo. Konsilte [fichye JIC Règleman Komisyon an, ki titre "Kòd Konduit Elèv la,"](#) pou w jwenn plis enfòmasyon.

### Goumen ak Otodefans

Yo entèdi goumen nan tout pwopriyete Komisyon an, nan tout mwayen transpò, ak/oswa nan tout aktivite lekòl yo. Depatman Edikasyon Florid la defini goumen kòm lè de moun oswa plis moun ap itilize fòs oswa vyolans fizik youn kont lòt ki mande swa entèvansyon fizik (lòt moun vin separe yo) oswa ki lakòz blezi kote premye swen oswa atansyon medikal nesèsè. Si goumen an lakòz gwo entèripsyon nan kanpis la, li ka yon enfraksyon Nivo IV.

Si yon elèv pa kapab kite espas kote gen yon atak k ap fèt, elèv la ka defann tèt li. Defann tèt se yon aksyon ki nesèsè yon moun pran pou l pwoteje tèt li oswa lòt moun pou kò yo pa blese grav. Defann tèt ka gen ladan mande yon granmoun pou ede, mete restren oswa bloke atakè a, moun lan pwoteje tèt li oswa lòt moun pou yo pa frape yo, oswa pouse pou chape anba men atakè a. Men, y ap konsidere kòm goumen lè w atake oswa frape yon moun kòm kontatak (sa vle di bay kout pwen, souflèt, kout pye), oswa chwazi pa deplase apre w te kapab chape w.

### Règleman sou Telefòn Sililè pou Elèv yo

Yon elèv ka posede yon telefòn selilè nan pwopriyete Komisyon Konsèy eskolè a, nan transpò lekòl la ak nan aktivite lekòl la, depi telefòn selilè a sou silans epi kache nan lè lekòl la. [Dapre Seksyon 1006.07, Lwa Eta Florid](#), “yon elèv pa gendwa sèvi ak yon aparèy kominikasyon san fil pandan tan ansèyman, eksepte si yon pwofesè mande itilize l pou rezon edikatif sèlman. Yon pwofesè dwe deziyen yon zòn pou aparèy kominikasyon san fil pandan tan ansèyman.” Pou seksyon sa a, espas deziyen an pral nan valiz lekòl elèv la, oswa sakado, oswa nan pòch, eksepte si yon pwofesè mande l fè sa sèlman pou rezon edikatif. Vyolasyon règleman ki gen rapò ak telefòn selilè yo pral trete an akò ak Kòd konduit la epi yo ka lakòz konfiskasyon aparèy la. Si yo itilize telefòn selilè a nan yon zak kriminel (tankou mesaj oswa imaj seksyèl, jan sa endike nan Lwa Florid ak Kòd Konduit la), yo pral bay lapolis telefòn selilè a epi elèv la ka fè fas ak sanksyon kriminel. .

Itilizasyon aparèy kominikasyon san fil yo toujou entèdi pandan jounen lekòl la (soti nan premye klòch maten jiska ranwa) sof si yon pwofesè fè yon demann kontrè pou rezon edikasyonèl. Aparèy kominikasyon san fil yo enkli, men se pa sa sèlman, telefòn selilè ak/oswa aparèy oksilyè/oksilyè tankou mont ak ekoutè. Elèv yo pa ka resevwa disiplin si yo itilize telefòn selilè yo ak/oswa aparèy oksilyè yo pou

kontwole yon kondisyon sante ki dokimante atravè dosye medikal yo bay lekòl la ki gen ladan, men se pa sèlman, yon IEP, yon Plan Seksyon 504 oswa yon Asirans Sante.

Si yo ta konfiske l, paran/responsab elèv la pral fè aranjman pou yo vin pran telefòn selilè a nan lekòl la, sof si lapolis te pran telefòn selilè a akòz yon zak kriminèl.

Nan okenn moman OCPS p ap responsab pou vòl, pèt oswa domaj telefòn selilè yo oswa lòt aparèy elektwonik yo te pote vin nan pwopriyete li yo.

Nòm sa yo aplike pou tout elèv ki nan lekòl piblik Konte Orange County .

## SEKSYON III: AVI POU PARAN AK ELÈV YO

### Mesaj Tèks Seksyèl

Konfòmman ak [fichye JIC Règleman Komisyon an ki titre, "Kòd Konduit Elèv la"](#), ak [Seksyon 847.0141, Lwa Florid yo](#), yo defini mesaj tèks seksyèl kòm nenpòt itilizasyon òdinatè oswa aparèy elektwonik pou voye, tansfere, afiche, kenbe, estoke oswa poste foto, imaj oswa mesaj ki gen karaktè seksyèl eksplisit, obsèn ak endesan oswa pònografik. Yo p ap tolere mesaj tèks seksyèl epi y ap motif valab pou yo pran mezi disiplinè pandan:

- Lè lekòl yo oswa aktivite lekòl yo sou kanpis la oswa lòt kote;
- Pandan yo sou pwopriyete Komisyon an oswa nan mwayen transpò lekòl la; oswa
- Apre lè operasyon lekòl la yo si konpòtman an gen yon efè negatif sou sekirite pèsònèl oswa byennèt moun ki gen rapò ak lekòl yo, gouvènans, klima oswa fonksyonman lekòl la nan fason efikas, oswa pwosesis oswa eksperyans edikatif la.

### Fouye Pakin Elèv yo ak Kazye Lekòl yo

Tout espas pakin OCPS yo se pwopriyete distri lekòl la. Otorite lekòl yo gen dwa pou yo enspekte nenpòt veyikil ak/oswa kazye elèv yo pou yo ka pwoteje sante, sekirite, ak byennèt tout elèv yo ak anplwaye lekòl yo. Sa gen ladan itilize chyen K-9 pou detekte sibstans yo. Chak elèv ki itilize pwopriyete Komisyon an pou yo estasyon veyikil yo oswa k ap itilize yon kazye lekòl la dwe siyen yon Aplikasyon pou Espas Pakin Elèv ak/oswa Kazye Etidyan ak fòmilè Konsantman pou yo Fouye ak Egzonasyon Responsablite OCPS la pou yo aksepte ak dakò ak kondisyon yo kòm kondisyon preyalab, epi an konsiderasyon pou, oktawa yon etikèt pakin elèv ak/oswa yon kazye elèv. Y ap fouye veyikil endividyèl elèv yo estasyon ak/oswa kazye yo si anplwaye lekòl yo gen soupson rezonab pou yon vyolasyon lalwa oswa Kòd la. Y ap prezime se elèv la ki responsab pou tout atik yo jwenn nan machin elèv la te kondi vin nan kanpis la ak/oswa yo jwenn nan kazye elèv la. Yo p ap konsidere netwayaj woutin kazye yo kòm fouy.

### Fouye yon Moun

Yo ka fouye nenpòt moun ki sou pwopriyete Komisyon an, nan mwayen transpò lekòl la, ak/oswa nan aktivite eskolè yo. Pou rezon sa a, OCPS rekonèt bezwen pou yo respekte dwa moun pandan y ap pwoteje sante, sekirite, ak byennèt tout elèv yo ak anplwaye lekòl yo. OCPS te devlope direktiv operasyonèl pou yo fè eskàn elektwonik owaza k ap itilize detektè metal epi y ap fouye moun fizikman alamen nan lekòl yo kòm mwayen pou ede kreye ak mentni yon anviwònman edikatif sekirite nan Konte Orange. Yo ka chwazi fouye salklas nan lekòl segondè yo owaza, ki ka gen ladan fouye yon elèv ak/oswa zafè elèv la.

Lè sa konsène ankèt sou disiplin elèv yo, yo otorize anplwaye lekòl yo pou yo fouye yon elèv ak byen li si yo gen soupson rezonab yo te vyole lalwa oswa Kòd la.

### Imilyasyon Rityèl

Konfòmman ak [Seksyon 1006.135, Lwa Florid yo](#) ak [fichye JIC Règleman Komisyon an ki titre "Kòd Konduit Elèv la,"](#) OCPS pran angajman pou l pwoteje elèv li yo kont tout imilyasyon rityèl a nenpòt ki moman nan pwopriyete Komisyon an, nan mwayen transpò lekòl yo, ak nan aktivite lekòl yo, ak/oswa nan pwopriyete ki pa pwopriyete lekòl la si move konpòtman an konekte ak patisipasyon oswa apatenans nan yon klèb oswa yon òganizasyon nan yon lekòl. Yo p ap tolere Imilyasyon Rityèl epi y ap motif valab pou yo pran mezi disiplinè. Nenpòt elèv, anplwaye, paran/responsab elèv oswa tyès pati ki konnen oswa ki angaje nan imilyasyon rityèl, ka rapòte l dirèkteman bay direktè lekòl la oswa reprezantan l deziyen an. Yo ka fè rapò nenpòt zak imilyasyon rityèl nan fason anonim.

Yo defini imilyasyon rityèl kòm nenpòt aksyon oswa sityasyon ki mete an danje sante oswa sekirite mantal oswa fizik yon elèv ki nan yon lekòl ki gen nenpòt klas ant 6yèm ane a 12yèm ane pou rezon ki gen ladan, men pa sèlman, inisasyon oswa admisyon oswa apatenans nan nenpòt òganizasyon yon lekòl otorize ki gen nenpòt nan klas ant 6yèm ane a 12yèm ane. "Imilyasyon Rityèl" gen ladan, men pa sèlman, fè presyon oswa fòse elèv la vyole lwa Eta oswa lwa Federal; fòse yo manje nenpòt manje oswa bwè alkòl, pran dwòg, oswa lòt sibstans; fòse yo fè aktivite fizik ki ka afekte sante oswa sekirite fizik elèv la nan fason negativ; oswa nenpòt brutalite ki gen nati fizik, tankou kale, bat, tanpe po yo, oswa ekspozisyon a eleman lanati yo. Imilyasyon Rityèl pa konte evènman espòtif oswa lòt konkou oswa konpetisyon parèy yo oswa nenpòt aktivite ak konduit k ap vanse yon objektif legal ak lejitim. Pèmasyon, konsantman, oswa sipozisyon risk yon moun ki sibi imilyasyon rityèl pa dwe redui entèdiksyon ki genyen nan règleman sa a.

### Abi ak Vyolans Frekantasyon Pami Adolèsan

Yo defini vyolans frekantasyon kòm vyolans yon moun ki te nan yon relasyon sosyal nan nati womantik oswa entim avèk viktim lan te komèt. Yo entèdi nenpòt elèv komèt vyolans oswa abi frekantasyon sou pwopriyete lekòl la, nan mwayen transpò lekòl la, ak/oswa pandan nenpòt aktivite lekòl, epi y ap ka pran mezi disiplinè kont yo epi sa ka lakoz yo sibi sanksyon kriminel.

Nenpòt moun ki sispèk vyolans ak abi frekantasyon k ap fèt dwe rapòte vyolans ak abi frekantasyon an bay direksyon lekòl la pou yo ka fè plis ankèt. Rapòtè a ka chwazi pa bay non li. Y ap fè ankèt sou tout akizasyon vyolans frekantasyon annakò ak [fichye JB Règleman Komisyon an, ki titre "Opòtinite yo pou Edikasyon Egalego."](#)



### Trafik Ilegal

Yo entèdi tout fòm trafik, tankou trafik moun oswa trafik dwòg nan tout pwopriyete Komisyon an, nan tout mwayen transpò, ak/oswa nan tout aktivite lekòl yo. Nenpòt moun ki se yon viktim trafik ilegal oswa nenpòt moun ki sispèk trafik ilegal ap fèt epi li enplike elèv oswa anplwaye OCPS yo, dwe rapòte akizasyon yo bay direksyon lekòl la pou yo ka fè plis ankèt. Direksyon lekòl la dwe konsilte direktè resous lekòl la, oswa ofisyèl lapolis si direktè resous lekòl la pa disponib, avan yo kòmanse fè ankèt la. Rapòte a ka chwazi pa bay non li.

### Tabak/Vapotaj

[Fichye ADC Règleman Komisyon an, ki titire, "Lekòl ak Etablisman San Tabak"](#), entèdi itilizasyon tout pwodui tabak, pwodui ki lye ak tabak yo, ak aparèy elektwonik pou fimèn yo sou pwopriyete Komisyon an, nan mwayen transpò lekòl la, ak/oswa nan aktivite lekòl yo toutan. Yo entèdi elèv yo posede, itilize, konsome, afiche, ankouraje, oswa vann/achte nenpòt pwodui tabak, pwodui ki lye ak tabak, aparèy elektwonik pou fimèn, oswa nenpòt atik ki reprezante aparèy parèy yo, a nenpòt ki moman pandan yo sou pwopriyete Komisyon an, nan mwayen transpò lekòl la, ak/oswa nan aktivite lekòl yo. Entèdiksyon sa a gen ladan mete rad oswa itilize lòt atik pou fè piblisite oswa ankouraje pwodui tabak oswa aparèy elektwonik pou fimèn.

### Mete Elèv Deyò

Lwa Florid ([Seksyon 1003.01, Lwa Florid yo](#)) defini "mete elèv deyò" kòm lè yo retire dwa ak obligasyon yon elèv pou l ale nan yon lekòl piblik dapre kondisyon OCPS tabli yo, epi pou yon peryòd tan ki pa depase rès trimès la oswa rès ane lekòl la ak ennan (1 an) prezans anplis. Yo ka enpoze mete elèv deyò avèk oswa san sèvis pou kontinye edikasyon yo epi yo dwe rapòte yo kòm sadwa.

Tout Enfraksyon Nivo IV yo ka lakoz yo mete elèv deyò pou ennan (1 an) nan tout lekòl OCPS yo avèk oswa san sèvis pou kontinye edikasyon yo. Kèk Enfraksyon Nivo IV yo mande pou yo oblije mete elèv deyò pou ennan (1 an) jan yo preskri nan règleman zewo tolerans ki dekri nan [Lwa Florid yo](#) ak Kòd sa a; enfraksyon sa yo gen ladan: posesyon/itilizasyon zam afe/zam ak/oswa menas oswa fo rapò.

Tanpri sonje, yo ka itilize tèm "mete elèv deyò" a nan menm sans ak tèm "eksklizon konplè" ak "mete deyò".

### Voye Elèv Tounen Lekòl (Kote yo entèdi yo pa vin sou pwopriyete a ni patisipe nan aktivite lekòl yo)

Lwa Florid ([Seksyon 1003.01, Lwa Florid yo](#)) defini "voye elèv la tounen" kòm lè yo tanporèman retire yon elèv nan tout enstriksyon anndan salklas yo sou pwopriyete lekòl piblik yo ak tout lòt aktivite lekòl la patwone yo, eksepte jan direktè lekòl la oswa moun direktè lekòl la deziyen an, pou yon peryòd tan ki pa depase 10 jou lekòl epi remèt elèv la bay paran elèv la avèk devwa presi yo bay elèv la pou l fè.

Kòd la gen sèten enfraksyon ki ka lakoz yo Voye Elèv Tounen Lekòl (Kote yo entèdi yo pa vin sou pwopriyete a ni patisipe nan aktivite lekòl yo). Si yo voye yon elèv tounen lekòl, y ap entèdi yo vin lekòl, yo p ap ka patisipe nan okenn aktivite eskolè, ni pwogram/evènman espòtif.

Elèv yo ka elijib pou yon [Pwogram Altènatif Olye yo Voye Elèv Tounen Lekòl \(A2S\)](#) depandan de enfraksyon disiplinè yo te komèt la. A2S ofri elèv yo yon altènatif sekirite, estriktire pou yo fè devwa pwofesè yo bay yo, pandan y ap ofri edikasyon sou karaktè pou lavi ak fòmasyon sou konpetans sosyal. Pou yo ka kalifye pou pwogram A2S la, direksyon lekòl elèv la ap kowòdone ak paran/responsab elèv la ansam ak elèv la pou yo diskite sou pwosesis A2S la.

### Altènatif Pozitif Olye yo Voye Elèv Tounen Lekòl

Lwa Florid ([Seksyon 1003.01, Lwa Florid yo](#)) defini "voye elèv la tounen (men yo kontinye patisipe nan enstriksyon lekòl yo apa)" kòm lè yo retire yon elèv nan pwogram regilye lekòl la epi mete l nan yon pwogram altènatif anba sipèvizyon anplwaye OCPS, pou yon peryòd tan ki pa depase 10 jou.

Pwogram Altènatif Pozitif Olye yo Voye Elèv Tounen Lekòl la (PASS) se yon inisyativ entèvansyon nan salklas akoutèm, sou plas yo konsevwa pou reponn a bezwen inik elèv ki te komèt yon enfraksyon konpòtmantal onivo lekòl la. Eleman salklas yo ap ede elèv yo devlope konpetans adaptasyon ki pi efikas, prensip devlopman karaktè yo, konpòtman sosyal, pandan yo kontinye rete sou labòn vwa sou plan akademik nan salklas la. [Pratik restorativ yo](#) fè pati pwogram PASS la epi yo itilize yo ansanm ak eleman salklas yo. Yo konsevwa PASS kòm yon ranfò pou Kòd la. Se sèlman administratè yo, pa mwayen dokiman referans ofisyèl, ki ka mete yon elèv nan PASS. Yo fè plasman yo sou yon baz peryòd pa peryòd oswa pou yon kantite jou ki p ap depase 10 jou pou okenn plasman endividyèl. Objektif pwogram sa se pou pèmèt lekòl yo ak administratè yo jere vyolasyon Kòd la yo nan yon fason efikas ki pa mande pou yo retire yon elèv nan anviwònman lekòl la.

## SEKSYON III: AVI POU PARAN AK ELÈV YO

### Pinisyon Retni

Yo otorize bay pinisyon retni pandan lè lekòl yo oswa nan lè ki pa lè fonksyonman nòmal lekòl yo si direktè lekòl la oswa moun li deziyen an kwè pinisyon retni nan pi bon enterè edikasyonèl elèv la. Yo dwe bay paran/responsab legal elèv la avi ekri vennkat (24) èdtan avan li kòmanse pinisyon retni an.

Si yo bay yon elèv pinisyon retni avan oswa apre lekòl, pandan semèn lekòl la, ebyen pinisyon retni an pa dwe pou plis pase (1) innèdtan epi li pa dwe plis pase senk (5) jou youn apre lòt, sofsi direktè lekòl la oswa moun li deziyen an ak paran/responsab elèv la tonbe dakò nan yon lòt fason. Si elèv la pran bis lekòl la, direktè lekòl la oswa moun li deziyen an dwe fè aranjman alavans pou asire elèv la gen yon mwayen transpò.

Si yo bay yon elèv pinisyon retni nan yon jou ki pa jou lekòl, ebyen pinisyon retni an pa dwe pou plis pase kat (4) èdtan, sofsi direktè lekòl la oswa moun li deziyen an ak paran/responsab elèv la tonbe dakò nan yon lòt fason. Direktè lekòl la oswa moun li deziyen an dwe fè aranjman alavans pou asire elèv la gen yon mwayen transpò avan yo ka ba li pinisyon retni nan yon jou ki pa jou lekòl.

### Pratik Restorativ yo

Pratik Restorativ yo se yon apwòch ki baze sou rechèch pou abòde kilti ak klima lekòl la. Pratik Restorativ yo se yon apwòch prevantiv ki vize ankouraje karaktè enklizif, tabli relasyon, ak ankouraje rezolisyon pwoblèm. Pratik Restorativ yo mande pou gen yon kontinite nan entèvansyon ak estrateji yo ki alafwa pwoakiv ak reyaktiv. OCPS te mete pwogram Pratik Restorativ yo sou pye pou reponn a bezwen inik elèv ki te komèt yon enfraksyon disiplinè ki vyole Kòd la. Yon manm anplwaye ki resevwa fòmasyon pou sa a (administratè, anseyan, oswa konseye) fasilite sèk rezolisyon konfli Pratik Restorativ yo avèk moun ki blese a ak moun ki lakoz blesi a. Kèk egzanp metòd restorativ yo se itilizasyon deklarasyon afektif yo, kesyon restorativ yo, sèk ranfòsman kominotè yo, ak sèk rezolisyon konfli yo. Epitou, Pratik Restorativ yo vize konstwi yon kilti lekòl ki konsantre sou devlopman ak mentyen relasyon pami edikatè yo ak elèv yo. Gras a Pratik Restorativ, y ap tande vwa tout moun pandan y ap abòde ak rezoud pwoblèm yo. Pratik Restorativ yo aprann moun konpetans sosyal emosyonèl ak konpetans rezolisyon konfli yo ki nesèsè pou redui konfli.

Lè yo reyisi fin swiv Pratik Restorativ yo, sa ka sèvi kòm yon konsekans akseptab olye yo voye elèv yo tounen oswa pran yon lòt repons disiplinè apwopriye.

### Voye Elèv Tounen/Mete Elèv Deyò akòz Òdonans Tribinal ak Krim

Si yon pwokirè ki responsab pouswit jidisyèl fòmèlman akize yon elèv pou yon enfraksyon kriminel, oswa yon enfraksyon ki ta ka yon krim si se te yon granmoun ki te komèt li, yo ka kòmanse yon pwosedi pou voye elèv la tounen akòz krim kont elèv la jan [Seksyon 1006.09, Lwa Florid yo](#) preskri. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon nan [Seksyon VI](#) Kòd la.

Anplis de sa, si yon elèv gen yon òdonans pou l pa kontakte lòt timoun yo oswa lòt elèv yo, yo ka retire elèv la nan lekòl li enskri nan moman an, epi al mete l nan yon lòt lekòl oswa yon lòt pwogram OCPS. W ap jwenn plis enfòmasyon konsènan òdonans pou pa kontakte yo ak enfraksyon kriminel yo nan [Seksyon 1006.13, Lwa Florid yo](#), ak nan [fichye JIC Règleman Komisyon an ki titre, "Kòd Konduit Elèv la."](#)

### Konsiltasyon avèk Lapolis

Seksyon 1006.13, Lwa Florid yo, ak fichye JIC Règleman Komisyon an ki titre, "Kòd Konduit Elèv la," egzije pou anplwaye OCPS yo konsilte direktè resous lekòl la (SRO), oswa ofisye lapolis si SRO a pa disponib, lè yon moun rezonab kwè te gen yon krim ki fèt anndan jiridiksyon Komisyon an oswa lè gen yon menas pou sekirite lekòl la. Si yon elèv yo komèt yo krim yo jije ki se yon deli minè ki elijib, ki otorize dapre Seksyon 985.12, Lwa Florid yo, direktè lekòl la oswa reprezantan li deziyen an ka rekòmande pou yo kite elèv la patisipe nan yon sitasyon sivil oswa lòt pwogram dejidisyarizasyon avan arestasyon parèy li kòm altènatif olye yo arete l oswa yo mete l deyò nèt. Dènye detèminasyon pou si SRO a oswa ofisye lapolis la pral bay yon sitasyon sivil oswa lòt pwogram dejidisyarizasyon avan arestasyon parèy li chita sèlman sou jijman SRO a oswa ofisye lapolis la epi sa pa retire chans pou elèv la resevwa lòt fòm entèvansyon disiplinè nan men lekòl la. Rekòmandasyon sa a pa ka fèt pou sèten enfraksyon, ki gen ladan, men pa sèlman, sa ki annapre la yo: krim yo; menas yo fè lekòl la; ak posesyon/itilizasyon yon zam afe oswa yon zam.

### Ti Zak Move Konpòtman

Fichye JIC Règleman Komisyon an ki titre, "Kòd Konduit Elèv la", defini ti zak move konpòtman tankou zak ki pa poze yon menas pou sekirite lekòl la oswa sekirite lòt moun yo epi yo pa konsidere kòm yon krim dapre Lwa federal yo ak Lwa eta yo. Direktè lekòl la oswa reprezantan li deziyen an ka voye yon elèv ki komèt yon sèl ti zak move konpòtman nan yon pwogram entèvansyon eskolè, jan Seksyon IV ak Seksyon V Kòd sa a preskri.

## SEKSYON III: AVI POU PARAN AK ELÈV YO

### Avi sou Enskripsyon Doub/Inivèsite a

Elèv k ap patisipe nan yon pwogram enskripsyon doub yo dwe respekte Kòd OCPS la ansanm ak Kòd Konduit Elèv enstitisyon inivèsite k ap patisipe nan pwogram lan. Y ap rapòte nenpòt enfraksyon ki rive sou kanpis OCPS yo bay enstitisyon inivèsite k ap patisipe nan pwogram kote elèv la enskri a epi sa ka lakoz yo mete elèv la deyò nan pwogram lan. Anplis de sa, y ap rapòte nenpòt enfraksyon disiplinè ki rive sou kanpis yon enstitisyon inivèsite bay OCPS pou yo fè ankèt ki pi apwofondi.

### Si w Pa Vin Lekòl

Si yon elèv rive lekòl la epi apres a li deplase kite kanpis la, li gen absans tanporè nan klas li, oswa li pa vin swiv kou espesifik li yo, lekòl la ka pran mezi disiplinè kont elèv la paske l rate kou yo.

### Plede Absan

Si lalwa egzije yon elèv pou l vin lekòl, lekòl la p ap voye elèv la tounen pou absans ki pa jistifye yo oswa kou rate yo. [Lalwa Florid](#) egzije pou siveyan lekòl la rapòte bay Depatman Sekirite Otowout ak Veyikil a Motè a non, dat nesans, sèks, ak nimewo sekirite sosyal tout elèv (ki gen ant 14-17 tan) ki akimile 15 absans yo pa jistifye pandan yon peryòd 90 jou kalandè. Elèv sa yo ka pèdi lisans yo oswa yo ka pèdi privilèj pou yo resevwa yon lisans si lekòl la ak Lwa Florid yo jije elèv la ap rate kou li yo san jistifikasyon. Anplis de sa, y ap pran mezi kont paran/responsab elèv ki rate kou san jistifikasyon yo souvan yo nan sistèm jidisyè a.

### Pinisyon Kòporèl (Bat Elèv yo)

Komisyon an entèdi yo bay pinisyon kòporèl nan distri lekòl la.

### Rapò sou Ensidan Sekirite nan Anviwònman Lekòl (SESIR)

Règ 6A-1.0017 Kòd Administratif Florid la egzije distri lekòl yo pou yo kode kòrèkteman done yo itilize pou rapòte ensidan yo ki vyole lalwa oswa ki reprezante vyolasyon grav Kòd Konduit Elèv la. Sa a gen ladan, ensidan sa yo konsidere ki grav ase pou mande entèvansyon yon Direktè Resous Lekòl la "SRO" oswa ensidan yo ki dwe "Rapòte bay Lapolis."

Yo idantifye ensidan sa yo ki mande pou rapòte yo nan SESIR ak/oswa bay Lapolis yo nan Kòd Konduit Elèv la epi se kòd ki fèt ak twa lèt la k ap idantifye ensidan SESIR yo. Lè gen plizyè ensidan ki rive anmenmtan ak nan menm kote, se ensidan ki te lakòz plis blesi a oswa ki te fè pi gwo dega nan byen oswa ki te koute pi chè a yo ta dwe rapòte. Yo dwe rapòte nenpòt eleman yo ki gen rapò ak ensidan SESIR la. Yon eleman ki gen rapò gen ladan sa yo ki presize nan Règ 6A-1.0017(8) Kòd Administratif Florid la: alkòl, entimidasyon, dwòg, gang, krim lahèn, imilyasyon rityèl, blesi, vapotaj, zam.

"Rapòte bay Lapolis," vle di yon Direktè Resous Lekòl la (SRO) oswa yon ofisyè lapolis lokal te pran yon aksyon ofisyèl, tankou: yo te atribiye yon nimewo dosye, yo te depoze yon rapò, yo te depoze yon deklarasyon sou sèman, yo te bay yon kontravasyon sivil, yo te fè yon ankèt epi yo te jwenn yo dwe rapòte ensidan an nan SESIR, oswa yo te fè yon arestasyon.

## SEKSYON III: AVI POU ELÈV YO

### Règleman pou Entènèt: Akò sou Teknoloji Akseptab pou Elèv yo ak Itilizasyon Responsab

OCPS pran angajman pou l ofri yon anviwònman edikatif ki sekirite, pozitif, pwodiktif, ak ankourajan. OCPS kwè tout elèv yo dwe jwenn aksè a teknoloji (pa egzanp lojisyèl, entènèt, ak aksè nan rezo) lè yo aji nan yon fason responsab, efikas, koutwa, ak legal.

#### Rezon Edikativ

Yo te tabli aksè a teknoloji pou rezon edikativ epi l ap konfòm ak pwogram detid distri a ak Nòm Florid la yo. Tèm "rezon edikativ" la gen ladan aktivite akademik ki dirèkteman amelyore konpetans 21<sup>yèm</sup> syèk tankou kreyativite, inovasyon, espri kritik, rezolisyon pwoblèm, kominikasyon, ak kolaborasyon.

Yo atann elèv yo pral swiv règ yo ki dekri nan Kòd la ak règ lalwa preskri konsènan itilizasyon resous entènèt ak resous rezo yo.

Elèv yo pa ka itilize Entènèt pou zafè komèsyal. Sa vle di yo paka ofri, bay, oswa achte pwodui oswa sèvis pandan y ap itilize Entènèt nan nenpòt lekòl k ap itilize resous distri a yo.

#### Aksè Entènèt pou Elèv yo

Tout elèv yo pral jwenn aksè a Entènèt sou sipèvizyon distri a nan salklas, sant miltimedya, oswa laboratwa enfòmatrik yo. Konfòmman ak Lwa sou Pwoteksyon Entènèt pou Timoun yo (CIPA) ak Lwa sou Pwoteksyon Vi Prive sou Entènèt pou Timoun yo (COPPA), y ap filtre tout aksè entènèt OCPS. Toutfwa, sa p ap anpeche posiblite pou yo ka pa bloke sitwèb inapwopriye yo.

Elèv yo pral itilize aksè entènèt OCPS pou rezon edikativ sèlman epi yo p ap chache materyèl vilgè oswa endesan, ankouraje zak ilegal, ni ankouraje vyolans oswa diskriminasyon anvè lòt moun.

#### Itilizasyon ki Responsab yo

Pou yo ka garanti yon anviwònman edikatif ki sekirite, pozitif, pwodiktif, ak ankourajan pou tout moun, yo atann elèv yo ap demontre itilizasyon teknoloji nan fason responsab. Elèv yo pral kenbe enfòmasyon, tankou modpas, adrès, nimewo telefòn, dat nesans, ak lòt enfòmasyon idantifyab li yo an prive. Elèv yo pral rapòte nenpòt moun ki eseye itilize teknoloji pou yo fè lòt elèv oswa lòt anplwaye mal oswa asele lòt elèv oswa anplwaye oswa nenpòt moun ki fè yo santi yo malalèz.

Elèv yo p ap konekte nan okenn kont apa pwòp kont pa yo ni itilize teknoloji OCPS pou yo angaje nan nenpòt zak ilegal, tankou vann dwòg, achte alkòl, angaje nan aktivite gang kriminel, menase sekirite yon lòt moun, asèlman ak entimidasyon sou entènèt.

#### Langaj Inapwopriye

Elèv yo pral trete lòt moun avèk respè lè yo itilize langaj apwopriye, epi ofri kritik konstruktif si sa apwopriye. Elèv yo p ap itilize langaj inapwopriye, yo p ap asele lòt moun, yo p ap kominike enfòmasyon fo oswa difamatwa yo konnen oswa nan fason enpridan sou yon moun oswa yon òganizasyon, yo p ap pataje mesaj yo voye ba yo an prive san pèmision moun ki te voye l la, yo p ap pataje enfòmasyon prive sou yon lòt moun, ni patisipe nan voye ak resevwa mesaj tèks seksyèl.

#### Sistèm Sekirite

Tout elèv yo pral pèmèt nenpòt pwofesè, administratè, oswa anplwaye teknoloji OCPS yo revize travay yo ak aktivite yo kreye sou yon aparèy elektwonik lekòl la oswa sou rezo OCPS la a nenpòt ki moman. Li obligatwa pou elèv yo mande pèmision avan yo konekte aparèy pèsònèl yo nan rezo OCPS la epi y ap garanti distri a apwouve nenpòt aparèy yo itilize sou rezo OCPS la.

Elèv yo p ap itilize teknoloji pou yo jwenn aksè a nòt elèv oswa dosye prive elèv yo, telechaje lojisyèl, aplikasyon, ekstansyon, oswa modil yo pa otorize sou aparèy lekòl yo, pwopaje viris òdinatè yo entansyonèlman, oswa kontoune, detwi, deranje, modifiye oswa abize aksè rezo OCPS la.



## **SEKSYON IV:**

**KÒD REPONS DISIPLINÈ POU LEKÒL  
SEGONDÈ/INIVÈSITE YO**

### Apèsi sou Kòd Repons Disiplinè a

Seksyon ki annapre a bay detay sou enfraksyon disiplinè yo ak konsekans potansyèl pou elèv ki nan lekòl Segondè/Inivèsite yo pou konpòtman ki fèt sou pwopriyete Komisyon an; nan mwayen transpò lekòl la; nan aktivite lekòl yo, ki ladan, men pa sèlman aprantisaj a distans, sòti eskolè yo, fonksyon espòtif yo, ak lòt aktivite parèy yo; epi si sa apwopriye, nenpòt lòt kote Lwa Florid yo ak/oswa Règ Komisyon Edikasyon Eta a otorize. Yo divize enfraksyon disiplinè elèv yo ak fason yo reponn a yo an kat (4) nivo. Chak nivo reprezante enfraksyon k ap vin deplizanpli pi grav tank nivo a pi wo epi fason yo reponn yo vin deplizanpli pi sevè tou. Kèk enfraksyon mande pou yo konsilte lapolis si yo jije enfraksyon an se yon vyolasyon lwa eta oswa lwa federal yo.

OCPS ap ankouraje yon anviwònman sekirite ak favorab nan lekòl yo, pou pwoteje elèv yo ak anplwaye yo kont konduit ki poze yon menas grav pou sekirite lekòl la. Administratè eskolè yo dwe asire disiplin inifòm nan lekòl yo, kote sa apwopriye, epi jan règleman ak Kòd sa a otorize. Anplis, dapre [Seksyon 1006.09, Lwa Florid yo](#), direktè lekòl la oswa reprezantan li deziyen an dwe fè yon efò nan bòn fwa pou yo anplwaye asistans paran yo ak lòt mezi altènativ avan yo voye yon elèv tounen, eksepte nan ka gen kondisyon oswa pètibasyon ijans ki mande yo voye elèv tounen touswit oswa nan ka gen yon vyolasyon konduit ki grav jan Komisyon an oswa Kòd sa a defini.

OCPS pran angajman pou nou bay yon anviwònman sekirite pou tout elèv yo epi chache sipò kominote a ak paran/responsab yo pou ede atenn objektif sa a. Pou rezon sa a, [Seksyon 1003.04, Lwa Florid yo](#), ofri paran/responsab chak elèv K-12 ki nan lekòl piblik dwe kowopere ak otorite Komisyon an, OCPS, siveyan, Direktè Lekòl la, pwofesè yo, ak chofè bis yo, pou retire elèv la nan salklas la ak nan bis lekòl la epi, lè sa apwopriye ak disponib, pou mete elèv la nan yon anviwònman edikasyonèl altènativ, si elèv la dezobeyisan, derespektan, vyolan, abizif, enkontwolab, oswa pètibatè.

### Ankèt sou Disiplin Elèv yo

OCPS ap ajè *in loco parentis* (an laten sa vle di "alapas paran yo") pandan yon elèv sou gad fizik lekòl la, epi yo responsab pou yo fè ankèt sou tout akizasyon move konpòtman elèv ki anndan jiridiksyon l yo pa mwayen prèv ki pi konvenkan dapre nòm jiridik sou prèv yo. Kidonk, yo otorize anplwaye OCPS yo pou yo fè entèvyou ak elèv yo epi jwenn deklarasyon temwen nan men elèv ki enplike nan enfraksyon Kòd la, toutfwa, nenpòt elèv ka refize patisipe nan yon ankèt. Li enpòtan pou w sonje si yo kwè konpòtman an kriminel epi se yon vyolasyon Lwa Florid yo, direktè resous lekòl la, oswa ofisye lapolis, si direktè resous lekòl la pa disponib, ka patisipe nan ankèt la.

**Paran/responsab elèv yo ka mande pou elèv yo a pa patisipe nan yon ankèt sou disiplin elèv san otorizasyon paran/responsab la lè yo soumèt yon demann, alekri, nan direksyon lekòl la.** Refi pou patisipe nan yon ankèt pa entèdi OCPS kontinye fè ankèt la epi administre konsekans disiplinè ki apwopriye kòm sadwa. Anplis de sa, menm si yo refize direktè resous lekòl la, oswa ofisye lapolis la, ka toujou kontinye fè ankèt kriminel la ak enpoze sanksyon kriminel si nesèsè.

Aprè ankèt disiplinè a fin fèt, paran/responsab la ka mande yon kopi tout prèv dokimantè yo te itilize pou baze konsekans disiplinè yo pwopoze a; toufwa, si yo disponib epi yo te itilize yo kòm prèv pou objektif disiplinè, yo ka sèlman gade prèv videyo yo, yo p ap ka bay yon kopi. W ap jwenn lòt enfòmasyon ki konsène enfraksyon ak machaswiv disiplinè yo nan seksyon sa a nan Kòd la ak nan [Seksyon VI](#).

Si yo fè ankèt disiplinè a akòz akizasyon yon menas oswa yon konpòtman menasan, y ap soumèt ankèt la bay Ekip Evalyasyon Menas Lekòl la pou yo revize l. Fichye [JICK Règleman Komisyon an, ki titre, "Menas,"](#) ak [Seksyon 1006.07, Lwa Florid yo](#) tabli Ekip Evalyasyon Menas Lekòl la.

## SEKSYON IV: KÒD REPONS DISIPLINÈ POU LEKÒL SEGONDÈ YO

### Nivo I: Kòd Repons Disiplinè

Enfraksyon Nivo I yo se ti zak move konpòtman minè ki entèwonp bon fonksyonman nan yon salklas, yon fonksyon eskolè, oswa yon pwogram apre lekòl/pandan lè lekòl, oswa yon mwayen transpò otorize.

Anplwaye OCPS ki konsène a dwe entèvni pou jere move konpòtman an. Si l nesèsè pou yo pran plis aksyon toujou, anplwaye a dwe refere elèv la bay direksyon lekòl la pou yo pran mezi disiplinè. Apre yo fin tande eksplikasyon elèv la, yo konsilte manm anplwaye yo ak lòt elèv yo, epi yo fè nenpòt lòt ankèt ki nesèsè, administratè a pral deside ki mezi disiplinè li dwe pran. Voye elèv tounen pa yon repons disiplinè yo ka itilize pou vyolasyon Nivo I yo.

NIVO I: ENFRAKSYON YO		
A.	Kopye (nan devwa oswa tès)	Itilizasyon entansyonèl oswa delibere devwa yon lòt moun san otorizasyon pou rezon akademik, oswa itilizasyon nòt oswa lòt materyèl san otorizasyon pou w fè yon devwa akademik oswa pran yon tès. Anplis de repons disiplinè yo, elèv la ka pa resevwa nòt ditou pou devwa, tès, oswa egzamen an selon jijman pwofesè a.
D.	Mank Respè	Konduit oswa konpòtman ki manke sousi, lapolitès, bon ladrès, ak/oswa konsiderasyon koutwa anvè yon elèv, yon anplwaye, yon benevòl, oswa anplwaye ki sou kontra OCPS yo. <i>Enfraksyon sa a ka gen ladan, men pa sèlman, pawòl oswa konpòtman blesan oswa gwosye.</i>
E.	Kòd Abiman	Refize konfòm a kòd abiman ki tabli a.
F.	Refize Prezante pou Pinisyon retni	Refize Prezante pou yon disiplin yo ba yo.
G.	Fo Enfòmasyon ak/oswa Enfòmasyon ki gen Twonpri	Entansyonèlman bay fo enfòmasyon oswa enfòmasyon ki gen twonpri, oswa refize pataje enfòmasyon valid yo konnen ak yon anplwaye, yon anplwaye sou kontra, oswa yon benevòl OCPS, ki pa lakoz entèripsyon anviwònman eskolè a.
J.	Langaj/Materyèl Vilgè, Endesan, oswa Abizif yo	Itilizasyon langaj oral oswa ekri, oswa jès, ki derespektan, oswa sosyalman inakseptab epi ki pa direje anvè yon lòt moun. Seksyon sa pa konsène langaj menasan oswa entimidan.
KK.	Vyolasyon Règ pou Aparèy Elektwonik yo	Movèz itilizasyon aparèy elektwonik yo ki pa edikasyonèl an nati, epi ki ka gen ladan men pa sèlman, telefòn selilè, telefòn entèlijan, mont entèlijan, lektè MP3, iPod, lizez elektwonik (e-reader), tablèt, laptop, ak lòt aparèy elektwonik yo.
L.	Reta	Rive an reta nan klas plizyè fwa, san w pa t rive an reta lekòl la.
M.	Absans nan Lekòl oswa nan Klas yo pa Otorize	Yon elèv ki rive lekòl la epi apres a li deplase kite kanpis la, ki gen absans tanporè yo pa otorize nan klas li yo, oswa ki pa vin swiv kou espesifik li yo.
N.	Lòt Move Konpòtman	Nenpòt lòt zak move konpòtman minè ki ka entèwonp bon fonksyonman yon salklas, yon pwogram eskolè, yon fonksyon oswa aktivite eskolè, oswa yon pwogram apre lekòl/pandan lè lekòl, oswa yon mwayen transpò otorize epi yo pa ka kode yo kòm yon lòt enfraksyon Nivo I.
O.	Entimidasyon ki pa Fonde	Apre yo fin fè yon ankèt ak swivi sou yon ensidan entimidasyon yo rapòte, anketè a detèmine pa gen ase evidans pou pwouve ensidan an satisfè kritè yon zak entèdi dapre definisyon entimidasyon an jan sa preskri nan Lwa sou Defans TOUT Elèv Jeffery Johnston lan ( <a href="#">Seksyon 1006.147, Lwa Florid yo</a> ). Enfraksyon sa a se pou zafè dokimantasyon sèlman jan Depatman Edikasyon Florid la egzije a, yo p ap fè peye konsekans disiplin yo.
P.	Asèlman ki pa Fonde	Apre yo fin fè yon ankèt ak swivi sou yon ensidan entimidasyon yo rapòte, anketè a detèmine pa gen ase evidans pou pwouve ensidan an satisfè kritè yon zak entèdi dapre definisyon asèlman an jan sa preskri nan Lwa sou Defans Tout Elèv Jeffery Johnston lan ( <a href="#">Seksyon 1006.147, Lwa Florid yo</a> ). Enfraksyon sa a se pou zafè dokimantasyon sèlman jan Depatman Edikasyon Florid la egzije a, yo p ap fè peye konsekans disiplin yo.
R.	Jwèt Brital	Nenpòt jwèt oswa blòf brital san kontwòl ki enplike de (2) elèv oswa plis.

## NIVO I: ENFRAKSYON YO

### NIVO I: KONSEKANS YO

- |   |   |
|---|---|
| 1. <b>Kontakte paran/esponsab legal la*</b> | 10. Konfiske materyèl, atik, oswa kontribann yo pa otorize yo |
| 2. <b>Konsèy ak oryantasyon*</b>            | 11. Bay elèv la yon chèz presi                                |
| 3. Reprimande (elèv la) vèbalman            | 12. Plan siveyans   |
| 4. Pratik Restorativ                        | 13. Referans a SAFE/Oryantasyon                               |
| 5. Bay elèv la fè devwa espesyal            | 14. Chanjman Orè  |
| 6. Retire privilèj yo                       | 15. Kontra no-kontak  |
| 7. Remèt Byen an                            | 16. Referans a sèvis sante mantal yo                          |
| 8. Pinisyon Retni                           | 17. Avètisman pou referans a Nivo II                          |
| 9. Refere elèv la nan pwogram entèvansyon   |   |

*\*Konsekans Obligatwa yo*



## SEKSYON IV: KÒD REPONS DISIPLINÈ POU LEKÒL SEGONDÈ YO

### Nivo II: Kòd Repons Disiplinè

Enfraksyon Nivo II yo se zak move konpòtman ki pi grav pase enfraksyon Nivo I yo. Enfraksyon Nivo II yo ka gen ladan zak move konpòtman ki nan Nivo I yo plede refè ak zak yo fè kont moun oswa byen ki pa seryezman mete sante ak sekirite lòt moun an danje.

Yo dwe rapòte move konpòtman bay administratè apwopriye lekòl la pou yo fè ankèt ki pi apwofondi sou li. Apre yo fin tande eksplikasyon elèv la, yo konsilte manm anplwaye yo ak lòt elèv yo, epi yo fè nenpòt lòt ankèt ki nesèsè, administratè a pral swiv machaswiv yo tabli pou vyolasyon Nivo II yo lè li fè ankèt sou ensidan an epi deside ki mezi disiplinè pwogresiv li dwe pran. Voye Elèv la tounen pa yon repons disiplinè yo ka itilize pou enfraksyon Nivo II yo.

NIVO II: ENFRAKSYON YO		
A.	Destriksyon Byen/Sabotaj (mwenske \$100)	Destriksyon entansyonèl ak malveyan yon byen Komisyon an, mwayen transpò lekòl la, oswa byen lòt moun.
B.	Mank Respè	Konduit oswa konpòtman ki manke sousi, lapolitès ki plede refèt, bon ladrès, ak/oswa konsiderasyon koutwa anvè yon elèv, yon anplwaye, yon benevòl, oswa anplwaye ki sou kontra OCPS yo. <i>Enfraksyon sa ka gen ladan, men pa sèlman, pawòl inapwopriye yo di yon lòt moun ki pa vilgè.</i>
C.	Dispit Fizik (goumen)	Vyek ti kontak fizik ant de elèv oswa plis tankou pouse, mate, oswa yon konfwontasyon ki sispann lè yo mande yo sispann.
D.	Falsifikasyon (Ki pa kriminel)	Pou kreye oswa repwoudi siyati oswa dokiman yon lòt moun pou rezon fwodilez. <i>Enfraksyon sa a ka gen ladan, men pa sèlman, siyen yon dokiman avèk siyati paran w san otorizasyon yo.</i>
E.	Jwèt Aza	Nenpòt patisipasyon ilegal nan jwèt (oswa aktivite) chans pou lajan ak/oswa lòt bagay ki gen valè.
F.	Dezobeyisans/Mepri Flagran	Refi vèbal oswa non-vèbal pou pa konfòm a règ lekòl yo oswa enstriksyon yon anplwaye, yon anplwaye sou kontra, oswa yon benevòl OCPS te bay san w pa lakoz yon entèripsyon oswa san w pa komèt okenn lòt zak.
J.	Vòl (mwenske \$375)	Pran byen yon lòt moun san lòt moun lan pa ba w otorizasyon.
K.	Rasanbleman, Piblikasyon, elatriye yo pa Otorize.	Manifestasyon ak/oswa petisyon elèv yo fè, oswa posesyon ak/oswa distribisyon piblikasyon yo pa otorize, ki gen ladan movèz itilizasyon mesaj elektwonik oswa òdinatè yo, ki entèwonp pwosesis anviwònman òganize lekòl la, yon fonksyon eskolè, oswa yon aktivite apre lekòl/aktivite pandan lè lekòl la.
M.	Lòt Move Konpòtman Grav	Nenpòt lòt zak move konpòtman ki pi grav, danjre, oswa ki se egzanp nenpòt enfraksyon ki kreye plis dezòd ki dekri nan Nivo I an, ki ka jennen fonksyonman òdone lekòl la, mwayen transpò lekòl la, oswa aktivite lekòl la, epi yo pa ka kode kòm yon lòt enfraksyon Nivo II.
N.	Ki Asoye avèk Gang	Posesyon, itilizasyon, oswa afichaj atik ki asosye ak aktivite gang ki gen ladan men pa sèlman, rad ak akseswa, ensiy ki asosye ak gang, ekriti, siy, oswa senbòl k ap ankouraje apatenans ak/oswa enplikasyon nan gang.
Q.	Vyolasyon Règ pou Aparèy Elektwonik yo	Plede mal itilize aparèy elektwonik yo, nan fason ki pa gen nati edikasyonèl; aksè nan pwogram ak/oswa fichye yo pa prevwa oswa ki pa fèt pou elèv yo itilize ki sou yon aparèy elektwonik oswa rezo OCPS san otorizasyon (sa vle di jwèt videyo); pataje non itilizatè ak modpas yon lòt moun; oswa entansyonèlman bay yon lòt moun aksè pou itilize aparèy elèv la pandan elèv la konekte.
S.	Jwèt Brital	Nenpòt jwèt oswa blòf brital san kontwòl ki enplike de (2) elèv oswa plis epi jwèt brital la riske lakoz blesi.
T.	Kòd Abiman	Pa konfòm ak kòd abiman (dezyèm enfraksyon oswa enfraksyon youn apre lòt).

## NIVO II: ENFRAKSYON YO

### NIVO II: KONSEKANS YO

1. Kontakte paran/esponsab legal la\*
2. Konsèy ak oryantasyon\*
3. Plan/Kontra sou Konpòman
4. Pratik Restorativ
5. PASS (1-10 jou)
6. Bay elèv la fè devwa espesyal
7. Pinisyon Retni
8. Referans a SAFE/Oryantasyon
9. Konfiske materyèl yo pa otorize yo
10. Remèt Byen an
11. Sispann privilèj bis elèv la (1-10 jou)
12. Refere elèv la nan pwogram entèvansyon
13. Salklas altènativ
14. Plan siveyans
15. Chanjman Orè
16. Kontra no-kontak
17. Retire elèv la nan pwogram oswa aktivite apre lekòl/pandan lè lekòl la yo oswa fè l pa patisipe tanporèman
18. Referans a sèvis sante mantal yo
19. Avètisman pou Referans nan Nivo III

*\*Konsekans Obligatwa yo*

## SEKSYON IV: KÒD REPOUS DISIPLINÈ POU LEKÒL SEGONDÈ YO

### Nivo III: Kòd Repons Disiplinè

Enfraksyon Nivo III yo se gwo zak move konpòtman ki entèwonp bon fonksyonman lekòl la, yon aktivite eskolè, oswa yon mwayen transpò lekòl ki menase sante, sekirite, ak byen lòt moun yo. Enfraksyon Nivo III yo ka gen ladan zak move konpòtman ki nan Nivo II yo plede refè.

Yo dwe rapòte move konpòtman an touswit bay administratè apwopriye lekòl la pou yo fè ankèt ki pi apwofondi sou li. Apre yo fin tande eksplikasyon elèv la, yo konsilte manm anplwaye yo ak lòt elèv yo, epi yo fè nenpòt lòt ankèt ki nesèsè, administratè a pral swiv machaswiv yo tabli pou vyolasyon Nivo III yo lè yo fè ankèt sou ensidan an epi deside ki mezi disiplinè pwogresiv li dwe pran, ki ka lakoz yon retire elèv la nan lekòl la oswa nan aktivite a imedyatman.

NIVO III: ENFRAKSYON YO		
A.	Agresyon Senp PHA <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Lè yo reyèlman oswa tante frape yon lòt elèv san l pa t vle, san pa gen blese. Seksyon sa a pa gen ladan blezi ki rive akoz goumen si elèv yo se konbatan mityèl (youn ap frape lòt).
C.	Destriksyon Byen/Sabotaj (\$100 a \$999)	Destriksyon entansyonèl ak malveyan yon byen Komisyon an, mwayen transpò lekòl la, oswa byen lòt moun.
D.	Mank Respè	Konduit oswa konpòtman ki manke sousi, lapolitès, bon ladrès, ak/oswa konsiderasyon koutwa anvè yon elèv, yon anplwaye, yon benevòl, oswa anplwaye ki sou kontra OCPS yo. <i>Enfraksyon sa ka gen ladan, men pa sèlman, pawòl ak/oswa jès abiziv ak/oswa betiz yo di yon lòt moun.</i>
E.	Eskwokri/Chantaj	Menas entansyonèl oswa malveyan pou lakoz mal, blezi, oswa vyolans kont yon moun, byen oswa repitasyon yon lòt moun avèk entasyon pou w jwenn lajan, enfòmasyon, oswa atik ki gen valè materyèl. <i>Enfraksyon sa ka gen ladan, men pa sèlman, menase akize yon lòt moun pou yon enfraksyon oswa krim minè pou w ka jwenn lajan pou w peye pou manje midi.</i>
F.	Goumen FIT <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Lè de moun oswa plis moun ap itilize fòs oswa vyolans fizik youn kont lòt ki mande swa entèkansyon fizik (lòt moun vin separe yo) oswa ki lakòz blezi kote premye swen oswa atansyon medikal nesèsè. <b><u>Sonje: Si yon elèv pa kapab kite espas kote gen yon atak k ap fèt, elèv la ka defann tèt li. Defann tèt se yon aksyon ki nesèsè yon moun pran pou l pwoteje tèt li oswa lòt moun pou kò yo pa blese grav. Defann tèt ka gen ladan mande yon granmoun pou ede, mete restren oswa bloke atakè a, moun lan pwoteje tèt li oswa lòt moun pou yo pa frape yo, oswa pouse pou chape anba men atakè a. Men, y ap konsidere kòm goumen lè w atake oswa frape yon moun kòm kontatak (sa vle di bay kout pwen, souflèt, kout pye), oswa chwazi pa deplase apre w te kapab chape w.</u></b>
G.	Peta/Fe Datifis	Posede, vann, oswa estoke inite fe datifis ak peta yo pa otorize sou pwopriyete Komisyon an, nan mwayen transpò lekòl la, ak/oswa nan yon aktivite lekòl.
H.	Dezobeyisans Gwosye/Mepri Flagran	Refize pou w soumèt oswa konfòm a otorite volontèman; montre mepri oswa rezistans ouvètman lè yo ba w yon lòd dirèk; k ap konteste otorite yon anplwaye, anplwaye sou kontra, oswa benevòl OCPS an prezans lòt moun ki lakoz yon entèripsyon.
I.	Òganizasyon Ilegal	Tabli oswa patisipe nan yon sosyete sekre nan pwopriyete Komisyon an, nan mwayen transpò lekòl la, ak/oswa nan aktivite eskolè yo.
J.	Posesyon Materyèl Kontrebann	Posesyon, itilizasyon, ak/oswa distribisyon materyèl oswa atik, eksepte zam oswa zam afe, yo entèdi. Paran/responsab elèv la pral fè aranjman pou yo vin chache atik la nan lekòl la, si sa aplikab. Nan okenn moman OCPS p ap responsab pou vòl, pèt oswa domaj atik kontrebann yo te pote vin nan pwopriyete li yo.
L.	Tabak TBC <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Nenpòt moun ki gen mwens pase 21 lane ki posede, vann, achte, ditribiye, oswa itilize pwodui tabak oswa nikotin sou pwopriyete lekòl yo, nan evènman lekòl la patwone yo, oswa menm nan mwayen transpò lekòl la. Ensidan tabak yo pa kapab gen rapò ak dwòg.

### NIVO III: ENFRAKSYON YO

M.	Vòl (\$375 a \$749)	Pran byen yon lòt moun san lòt moun lan pa te ba w pèmisyon.
N.	Antre nan Pwopriyete OCPS San Pèmisyon	Antre oswa rete nan pwopriyete/kanpis lekòl la, mwayen transpò lekòl la, oswa nan yon evènman lekòl la patwone/ki pa sou kanpis lekòl la, san otorizasyon oswa envitasyon epi san pa gen okenn rezon legal pou antre. Sa aplike sèlman pou ensidan yo ki pa te genyen avètisman ofisyèl avan, ki pa te abouti nan yon arestasyon, oswa ki pa te enplike elèv yo te voye tounen oswa yo te mete deyò.
O.	Vyolasyon Kouvrefe	Derespekte règleman kouvrefe yo pandan yon aktivite apre lekòl/pandan lè lekòl.
Q.	Lòt Move Konpòtman Grav	Nenpòt lòt zak move konpòtman ki pi grav, danjre, oswa ki se egzanp nenpòt enfrazyon ki kreye plis dezòd ki dekri nan Nivo II an, ki ka jennen fonksyonman òdone lekòl la, mwayen transpò lekòl la, oswa aktivite lekòl la, epi yo pa ka kode l kòm yon lòt enfrazyon Nivo III. <i>Enfrazyon sa ka gen ladan men pa sèlman, mesaj tèks seksyèl ki pa sanse al jwenn lòt moun apa moun ki voye l/k ap resevwa l la; pèsè zanno nan pati kò; bay manm anplwaye yo enfòmasyon ki fo/ki gen twonpri ki lakoz yon entèripsyon nan lekòl la, itilize langaj ki gen entasyon oswa ki rezonabman kalkile pou blese ak/oswa pwovoque yon lòt moun; oswa aktivasyon yon alam ensandi ki pa te rive akòz yon zak entansyonèl oswa malveyan.</i>
RR.	Agresyon Fizik sou yon Anplwaye oswa Anplwaye sou Kontra	Volontèman itilize fòs sou yon anplwaye, vandè ki sou kontra, oswa benevòl ki pa lakoz blesi kòporèl.
U.	Ki Asoye avèk Gang	Konduit oswa konpòtman ki gen tandans ankouraje aktivite gang, pwovoque vyolans, oswa seryezman deranje bon fonksyon pwogram lekòl la, nenpòt aktivite eskolè oswa sèvis transpò, ki gen ladan men pa sèlman posesyon, itilizasyon oswa afichaj akseswa gang, bijou, tatou, rad oswa lòt ensiy ak ekritik ap ankouraje apatenans/enplikasyon/ak itilizasyon siy oswa senbòl ki asosye ak gang yo oswa nenpòt lòt konpòtman ki asosye ak gang.
V.	Asèlman HAR <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Nenpòt jès menasan, blesan, dezimanizan, nenpòt itilizasyon done oswa lojisyèl enfòmasyon, oswa konpòtman ekri, vèbal, oswa fizik ki mete yon elèv OCPS oswa yon anplwaye lekòl nan yon krent rezonab ki fè li santi li an danje pou pwòp tèt li oswa pou domaj byen li posede, ki gen efè kote l sibstansyèlman entèwonp pèfòmans, opòtinite oswa avantaj edikatif yon elèv epi ki gen efè kote l sibstansyèlman deranje bon fonksyonman yon lekòl nan lòd ki gen ladan nenpòt konpòtman ki siblè yon moun espesifik ki lakoz detès emosyonèl sibstansyèl pou moun lan epi ki pa sèvi okenn bi lejitim.
Y.	Vyolasyon Règ pou Aparèy Elektwonik yo	Plede kontinye mal itilize aparèy elektwonik yo, nan fason ki pa gen nati edikasyonèl; modifye lojisyèl/materyèl yon aparèy elektwonik san otorizasyon (sa vle di reyinisyalize pou tounen nan paramèt izin nan yon aparèy Distri a bay); aksè nan pwogram ak/oswa fichye yo pa prevwa oswa ki pa fèt pou elèv yo itilize ki sou yon aparèy elektwonik oswa rezo OCPS san otorizasyon. <i>Seksyon sa a pa gen ladan imaj, videyo, mesaj, elatriye, ki ka klase kòm yon lòt enfrazyon (sa vle di menas, imaj/videyo ki gen moun toutouni).</i>
AA.	Jwèt Brital	Nenpòt jwèt oswa blòf brital san kontwòl ki enplike de (2) elèv oswa plis epi jwèt brital la lakoz blesi. Nenpòt jwèt brital ki lakoz blesi grav kote yo bezwen atansyon medikal ka lakoz yon enfrazyon Nivo IV.
BB.	Konpòtman Pètibatè	Konduit oswa konpòtman ki entèwonp oswa deranje pwosesis òganize anviwònman ansèyman/aprantisaj lekòl la, yon fonksyon eskolè, oswa aktivite apre lekòl/aktivite pandan lè lekòl la. Sa a pa gen ladan konpòtman ki ta ekivo yon Nivo IV-T, Lòt; Nivo IV-I, Entèripsyon Kanpis-Grav, oswa Nivo IV-HH Entèripsyon nan Fonksyonman Kanpis yo.

### NIVO III: ENFRAKSYON YO

### NIVO III: KONSEKANS YO

- |   |   |
|---|---|
| 1. <b>Kontakte paran/esponsab legal la*</b>   | 11. Klas altènativ  |
| 2. <b>Konsèy ak oryantasyon*</b>  | 12. Refere elèv la nan pwogram entèvansyon                    |
| 3. Plan/Kontra sou Konpòman   | 13. Konfiske materyèl, atik, oswa kontrabann yo pa otorize yo |
| 4. Pratik Restorativ  | 14. Chanjman Orè  |
| 5. Remèt Byen an  | 15. Plan siveyans   |
| 6. PASS (1-10 jou)  | 16. Kontra no-kontak  |
| 7. Sispann privilèj bis elèv la (1-10 jou)  | 17. Referans a SAFE/Oryantasyon                               |
| 8. Voye Elèv la Tounen Lekòl (1 a 10 jou)   | 18. Referans a sèvis sante mantal yo                          |
| 9. Piniyon Retni  | 19. Avètisman pou referans nan Nivo IV                        |
| 10. Retire elèv la nan pwogram oswa aktivite apre lekòl/pandan lè lekòl la yo tanporèman oswa nan fason pèmanan |   |

*\*Konsekans Obligatwa yo*

## SEKSYON IV: KÒD REpons DISIPLINÈ POU LEKÒL SEGONDÈ YO

### Nivo IV: Kòd Repons Disiplinè

Enfraksyon Nivo IV yo se enfraksyon pou zak move konpòtman ki pi grav yo epi yo se motif pou mete yon elèv deyò. Enfraksyon Nivo IV yo ka gen ladan zak move konpòtman ki nan Nivo III yo plede refè. Nenpòt zak Nivo IV dwe lakoz yo voye elèv la tounen pandan 10 jou avèk rekòmandasyon potansyèl pou yo mete l deyò.

Yo dwe rapòte gwo zak move konpòtman an touswit bay administratè apwopriye lekòl la pou yo fè ankèt ki pi apwofondi sou li. Apre yo fin tande eksplikasyon elèv la, yo konsilte manm anplwaye yo ak lòt elèv yo, epi yo fè nenpòt lòt ankèt ki nesese, administratè a pral swiv machaswiv yo tabli pou vyolasyon Nivo IV yo lè yo fè ankèt sou ensidan an epi refere elèv ki komèt enfraksyon Nivo IV la bay anplwaye distri a pou yo fè revizyon ki pi apwofondi sou ka.

Yo ka refere elèv ki komèt yon enfraksyon Nivo IV bay otorite lokal yo (lapolis) pou yo fè ankèt ki pi apwofondi.

NIVO IV: ENFRAKSYON YO		
<b>A.</b>	<b>Alkòl</b> <b>ALC</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Posede, vann, achte, distribiye oswa itilize bwason alkòl. Itilizasyon vle di yo kenbe moun lan nan zak la pandan l ap itilize l, li admèt li te itilize l oswa yo dekouvri l te itilize l pandan yon ankèt. Ensidan alkòl yo pa kapab gen rapò ak dwòg.
<b>B.</b>	<b>Ensandi kriminel</b> <b>ARS</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Itilize dife oswa eksplozyon pou fè dega oswa lakoz dega pa ekspre, nan nenpòt lojman, estrikti, oswa mwayen transpò, kèlkeswa gen moun ladan ou pa, oswa sa li gen ladan.
<b>C.</b>	<b>Menas/Entimidasyon</b> <b>TRE</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Yon ensidan kote pa te gen kontak fizik ant koupab la ak viktim lan, men viktim lan te kwè nan fason rezonab ta ka gen blezi fizik rive baze sou kominikasyon vèbal oswa non vèbal koupab la. Sa a gen ladan menas blezi fizik ki pa vèbal ak menas blezi fizik vèbal ki te fèt an pèsòn, pa mwayen elektwonik, oswa pa nenpòt lòt mwayen. Sa a gen ladan fè lòt moun pè. Lapèrez se dapre pèsepsyon viktim lan, epi yo plis pran an kont globalman, entansyon ak kapasite pou tout ensidan SESIR yo.  <i>Enfraksyon sa a gen ladan men pa sèlman, menas vèbal oswa non-vèbal yo fè, pa aksyon, sou rezo sosyo yo, oswa nan tèks, oswa menas/konpòtman menasan ki fèt avèk yon zam (4H) oswa lòt objè danjre (4K), oswa eseye itilize yon zam (4H) oswa lòt objè danjre (4K) san pa gen moun ki blese.</i>
<b>D.</b>	<b>Agresyon Grav</b> <b>BAT</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Agresyon (bat moun) se lè agresè a lakoz, pa ekspre oswa l konnen l lakoz, blezi ki pi grav jan yo dekri nan Règ 6A-1.0017(8)(g) F.A.C. la tankou: gwo blezi kòporèl; andikap pèmanan, oswa defigirasyon pèmanan; itilizasyon yon zam mòtèl; oswa, kote agresè a te konnen oswa ta dwe konnen viktim lan te ansent. Sa a gen ladan lanmò oswa blezi ki poze gwo risk pou gen lanmò, doule fizik ekstrèm, defigirasyon pwolonje oswa ki evidan, ak pèt oswa mank pwolonje fonksyon yon manm, ògàn kò a, oswa yon fakilte mantal.  <i>Seksyon sa a gen ladan itilizasyon yon zam (4H) oswa lòt objè danjre (4K) ki lakoz blezi ki pi grav, men seksyon sa a pa konsène blezi ki rive akòz goumen si elèv yo t ap batay youn kont lòt.</i>
<b>E.</b>	<b>Menase Lekòl la</b> <b>DOC.</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Nenpòt menas dirèk oswa endirèk ki ka poze yon menas grav pou lekòl la oswa ki ka deranje bon fonksyonman kanpis lekòl la oswa aktivite lekòl la patwone ki gen ladan men pa sèlman, menas vèbal oswa non-vèbal yo fè pa aksyon, sou rezo sosyo yo, oswa nan tèks.  <i>Yo jije zam yo se menas zewo tolerans annakò ak Seksyon <a href="#">1006.07</a> ak <a href="#">1006.13</a>, Lwa Florid yo.</i>
<b>F.</b>	<b>Itilizasyon/Posesyon Dwòg</b> <b>DRU</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Posede oswa itilize dwòg ilegal. Itilizasyon oswa posesyon nenpòt dwòg, nakotik, sibstans reglemante, oswa nenpòt lòt sibstans lè yo itilize yo pou entoksikasyon chimik. Itilizasyon vle di yo kenbe moun lan nan zak la pandan l ap itilize l, li admèt li te itilize l oswa yo dekouvri l te itilize l pandan yon ankèt.  Yo kode enfraksyon alkòl yo apa: Nivo IV-A, Alkòl.

## NIVO IV: ENFRAKSYON YO

H.	<b>Posesyon Zam WPO</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	<p>Posesyon oswa kontwòl nenpòt zam afe oswa nenpòt enstriman oswa objè jan yo defini nan Seksyon 790.001(6) ak (13), Lwa Florid yo, ka aflije blesi grav sou yon lòt moun oswa ki ka mete moun lan nan yon laperèz rezonab pou sibi blesi grav. Sa a gen ladan posesyon zam afe ak lòt enstriman ki ka lakoz blesi yo.</p> <p>Yon "zam afe" vle di nenpòt zam (ki gen ladan yon pistolè depa) ki pral, oswa ki fèt pou, oswa yo ka rapidman transfòme pou tire yon pwojektal pa mwayen yon dispozitif eksplozyon; ankadremman oswa reseptè nenpòt zam konsa; nenpòt monflè zam afe oswa silansè zam afe; nenpòt dispozitif destriktè; oswa nenpòt mitrayez. Tèm "zam afe" pa gen ladan yon zam afe ansyen amwenske yo te itilize zam afe ansyen an lè yo t ap komèt yon krim.</p> <p>"Zam" vle di nenpòt ponya, kouto, jwenti metalik, lanspyè, biliz, pistolè gaz lakrimojèn, zam oswa dispozitif chimik, oswa lòt zam mòtèl eksepte yon zam afe oswa yon kouto pòch, kouto plastik, oswa yon kouto tab ki gen lam ki pa file.</p>
I.	<b>Dezòd nan Kanpis la-Grav DOC.</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	<p>Gwo dezòd nan tout oswa nan grand pati aktivite k ap fèt sou kanpis yo, nan evènman lekòl yo patwone, ak pandan transpò nan bis lekòl yo. Konpòtman dezòdone ki poze yon gwo menas pou anviwònman aprantisaj la, sante, sekirite, oswa byennèt lòt moun. Egzanp entèripsyon grav yo gen ladan menas bonb, ankouje yon manifestasyon vyolan, oswa kòmanse yon fo alam. Pou enfrazyon yo ki entèwonp aktivite kanpis yo, evènman lekòl la patwone yo, ak transpò nan bis lekòl la men ki pa prezante yon menas grav pou anviwònman aprantisaj la: gade nan Niwo IV-HH, Entèripsyon nan Fonksyònman Kanpis yo.</p>
J.	<b>Gwo Vòl (\$750 oswa plis) STL</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	<p>Pran byen yon lòt moun oswa òganizasyon san yo pa bay otorizasyon, ki gen laden veyikil a motè yo, ki vo \$750 oswa plis, san yo pa fè menas, vyolans, oswa lakoz blesi kòporèl. Yo dwe rapòte nenpòt vòl byen ki koute nenpòt valè ki enplike itilizasyon fòs, vyolans, atak, oswa ki fè viktim nan pè kòm vòl.</p> <p>Sa a pa gen ladan lè yo pran l avèk vyolans, yon menas vyolans oswa atak, epi fè viktim nan pè (Gade nan 4M Vòl).</p>
K.	<b>Lòt Atik Danjre yo</b>	<p>Posede, vann, oswa kontwòle nenpòt enstriman oswa atik ki pa yon zam afe, oswa zam jan yo defini dapre yon enfrazyon Nivo IV-H, enfrazyon Posesyon Zam yo ka itilize pou fè yon lòt moun mal oswa pou entimide nenpòt moun. Menase oswa tante itilize yon objè danjre se yon enfrazyon Nivo IV-C oswa IV-E. Itilize yon objè danjre ak lakoz blesi se yon enfrazyon Nivo IV-D oswa IV-Y.</p> <p><i>Enfrazyon sa gen ladan men pa sèlman, pistolè BB oswa pistolè a plon, zam alè konprime, zam a boul penti ak nenpòt imitasyon zam afe oswa zam, zam dlo/biy an jèl, kouto pòch òdinè yo (longè lam yo mwens pase 2,5 pous), chèn, tiyo, zouti menaje komen yo, razwa, kouto bwat/kouto itilite, pik a glas, lòt enstriman pwenti, nunchuck, etwal chinwa, gaz pwavre, teze, atik yo itilize pou defann tèt yo (tankou kubaton), minisyon, pens zam afe, katouch zam afe yo.</i></p> <p><i>Enfrazyon sa a gen ladan tou limen fe datifis/peta.</i></p>
L.	<b>Yon Move Konpòtman ki pi Grav ki Plede Refèt</b>	<p>Move konpòtman ki plede refèt, ki ka vrèman deranje bon fonksyònman yon salklas, lekòl, mwayen transpò lekòl la, ak/oswa aktivite eskolè. Yo dwe baze rekòmandasyon pou mete elèv deyò lè sa konsène move konpòtman yo plede refè plizyè fwa a nan dokiman referans yo ak yon seri lòt estrateji entèvansyon.</p>
M.	<b>Vòl ROB</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	<p>Pran, oswa tante pran lajan oswa lòt byen oswa gad yon lòt moun nan men moun lan avèk entansyon pou anpeche moun lan oswa mèt lajan oswa lòt byen an jwenn li nan fason pèmanan oswa tanporè, nan sikonstans konfwontasyonèl pa fòs, oswa menase itilize fòs, oswa vyolans ak/oswa lè w fè viktim lan pè. Diferans kle ki genyen ant Gwo Vòl ak Vòl sèke vòl gen ladan vyolans, yon menas vyolans oswa atak, ak fè viktim nan pè. Sa a gen ladan itilize fòs pou pran yon bagay nan men yon lòt moun.</p>
N.	<b>Agresyon Seksyèl SXB</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	<p>Fòse oswa tante penetrasyon oral, anal oswa vajinal ki itilize yon ògàn seksyèl oswa yon objè ki sanble ak yon ògàn seksyèl, oswa penetrasyon anal oswa vajinal avèk nenpòt pati kò oswa yon objè etranje nan yon lòt moun. Alafwa gason ak fi yo ka viktim agresyon seksyèl. Sa a gen ladan konpòtman seksyèl endezirab.</p>

## NIVO IV: ENFRAKSYON YO

O.	Asèlman Seksyèl SXH <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Konpòtman endezirab ki gen yon karaktè seksyèl, tankou pwopozisyon seksyèl, demann pou favè seksyèl, ak lòt konpòtman vèbal, ki pa vèbal, oswa fizik ki gen karaktè seksyèl. Konpòtman asèlman ka gen ladan aksyon vèbal oswa ki pa vèbal yo, ki gen ladan, deklarasyon grafik ak ekri, epi ka gen ladan deklarasyon ki fèt pa mwayen yon òdinatè, telefòn selilè, ak lòt aparèy ki konekte sou entènèt. Se ka anplwaye lekòl yo, lòt elèv yo, ak tyès pati ki pa anplwaye yo ki fè konpòtman an. Sa a gen ladan konpòtman seksyèl endezirab. <b>Yo Dwe Enfòmè Fòs Lapolis pou yo Fè Ankèt.</b>
P.	Enfraksyon Seksyèl yo SXO <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Lòt kontak seksyèl, ki gen ladan rapò seksyèl san fòse oswa menas pou fòse. Fè yon moun wè vye jès seksyèl obsèn, aktivite seksyèl, oswa montre pati kò yo nan yon fason obsèn <b>Yo Dwe Enfòmè Fòs Lapolis pou yo Fè Ankèt.</b> Sa a gen ladan obsenite, jès seksyèl endesan.
Q.	Vyolasyon Plan pou Reyenskri Bonè a	Nenpòt zak oswa seri zak, ki vyole oswa ki gen efè pratik vyolasyon yon plan pou reyenskri bonè apre yo retire/yo te mete yon elèv deyò nèt.
S.	Zak Kriminèl ki Fè Dega nan Byen (\$1000 oswa plis) VAN <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Blese oswa andomaje pa ekspres oswa avèk malis pa nenpòt mwayen nenpòt byen imobilye oswa byen pèsònèl yon lòt moun posede, ki gen ladan, men pa sèlman mete grafiti oswa fè lòt zak vandalis ladan.
T.	Lòt Grav OMC <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Nenpòt ensidan grav, danjre ki lakoz yo bezwen konsilte fòs lapolis ki pa deja klase. Sa a gen ladan nenpòt dwòg oswa zam yo jwenn san siveyans ki pa asosye ak pèsòn; yo dwe kode ensidan sa yo avèk eleman ki gen Rapò apwopriye a (tankou ki gen rapò ak Dwòg oswa ki gen rapò ak Zam) epi yo dwe rapòte enplikasyon nan ensidan kòm pa konnen.
U.	Vann/Distribiye Dwòg, Eksepte Alkòl DRD <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Fabikasyon, kilti, acha, vant oswa distribisyon nenpòt dwòg, nakotik, sibstans reglemante oswa nenpòt sibstans yo reprezante kòm yon dwòg, nakotik, oswa sibstans reglemante. Sa a gen ladan vann oswa distribiye dwòg yo nan fason ilegal.
V.	Entimidasyon BUL <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Plede enflije blesi fizik oswa detrès sikolojik (nan fason sistematik oswa kwonik) sou youn oswa plizyè elèv oswa anplwaye. Entimidasyon an dwe gen ladan konpòtman entimidasyon ki plede fèt, ki fèt pa ekspres, epi ki enplike yon dezekilib pouvwa. <i>*Entimidasyon ka gen ladan, men pa sèlman, <b>plede takinen, eksklizyon sosyal, menas, entimidasyon, plede suiv toupatou, vyolans fizik, vòl, asèlman, imilyasyon piblik oswa prive, oswa destriksyon byen.</b> Si danje fizik oswa detrès sikolojik la pa rive akonpòtman sistematik oswa kwonik, evyalje l pou asèlman.</i>
X.	Imilyasyon Rityèl HAZ <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Nenpòt aksyon oswa sitiyoasyon ki mete an danje sante ak sekirite mantal oswa fizik yon elèv ki nan yon lekòl ki gen nenpòt klas ant 6yèm ane a 12yèm ane pou rezon inisyasyon oswa admisyon nan oswa apatenans nan nenpòt òganizasyon yon lekòl otorize. Imilyasyon Rityèl gen ladan, men pa sèlman: a) fè presyon, kontrenn, oswa fòse yon elèv pou l patisipe nan yon konpòtman ilegal oswa danjre, oswa b) nenpòt britalite ki gen nati fizik, tankou kale, bat, tanpe po yo, oswa ekspozisyon a eleman lanati yo.
Y.	Agresyon Senp PHA <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Vrèman touche oswa frape yon lòt moun san l pa t vle, oswa lakoz blesi kòporèl sou yon moun pa ekspres. Sa a gen ladan ensidan yo ki mande pou jwenn premye swen touswit oswa atansyon medikal annapre. Sa a pa gen ladan lanmò oswa blesi ki poze gwo risk pou gen lanmò, doule fizik ekstrèm, defigirasyon pwolonje oswa ki evidan, ak pèt oswa mank pwolonje fonksyon yon manm, ògàn kò a, oswa yon fakilite mantal. (Gade nan 4D Agresyon Grav)
Z.	Agresyon Seksyèl SXA <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Yon ensidan ki gen ladan karès inapwopriye, libète endesan, vyòl timoun, oswa menas vyòl. Alafwa gason ak fi yo ka viktim agresyon seksyèl.



## NIVO IV: ENFRAKSYON YO

AA.	Vyolasyon Règ pou Aparèy Elektwonik yo	Itilize aksè nan pwogram ak/oswa fichye yo pa prevwa oswa ki pa fèt pou elèv yo itilize sou yon aparèy elektwonik oswa nan rezo OCPS; oswa nenpòt itilizasyon ki vyole règleman Komisyon an yo, lwa ak règleman lokal, eta ak/oswa federal yo. <i>Enfraksyon sa ka gen ladan, men pa sèlman, jwenn aksè nan rezo OCPS la nan entansyon pou fè mal oswa chanje dosye yo, oswa genyen imaj, videyo, mesaj, eltiye, nan yon aparèy distri a bay ki pa pataje ak lòt moun (sa vle di imaj/videyo kote moun toutouni).</i>
CC.	Kanbriyolaj Kay BRK <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Antre anndan oswa rete nan yon kay, estrikti, oswa mwayen transpò ilegalman avèk entansyon pou komèt yon krim ladan.
DD.	Omisid HOM <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Lè yon moun touye yon lòt moun san jistifikasyon. Sa gen ladan asasina, omisid envolonètè
EE.	Kidnapin KID <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Fòse, an sekre, oswa pa mwayen menas, anfèmen, anlve, oswa anprizone yon lòt moun kont volonte l epi san otorite legal. Sa a gen ladan anlve yon moun.
GG.	Mete Dife	Dife ki pa fèt pa ekspres, yon aksidan lakoz, oswa ki pa lakoz dega.
HH.	Entèripsyon nan Fonksyonman Kanpis yo	Enfraksyon yo ki entèwonp aktivite kanpis yo, evènman lekòl la patwone yo, ak transpò nan bis lekòl la men ki pa prezante yon menas grav pou anviwònman aprantisaj la. <i>Enfraksyon a ka gen ladan men pa sèlman, ensidan ki lakoz yo fèmen kafeterya, plizyè moun k ap goumen ki entèwonp fonksyonman kanpis la, ak/oswa ensidan ki anpeche elèv yo al nan pwochen kou yo.</i> Pou enfraksyon yo ki gen ladan yon gwo deranjman ak menas ki grav, gade nan Nivo IV-I, Dezòd nan Kanpis la-Grav.
II.	Ensidan yo ki Depase Limit Konpòtman ki Akseptab	Nenpòt lòt zak entansyonèl oswa devègonde ki klèman depase limit konduit elèv ki akseptab ak tolerab nan kominote a, ke yo pa ka kode kòm yon lòt enfraksyon Nivo IV.
JJ.	Antre nan Pwopriyete Prive San Pèmision TRS <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Antre oswa rete nan pwopriyete/kanpis lekòl la, mwayen transpò lekòl la, oswa nan yon evènman lekòl la patwone/ki pa sou kanpis lekòl la, san otorizasyon oswa envitasyon, epi san pa gen okenn rezon legal pou antre. Sèlman ensidan yo ki enplike yon elèv yo te voye tounen oswa yo te mete deyò nan moman an, oswa ensidan yo kote nenpòt koupab (kit se elèv oswa kit se pa elèv) yo te bay yon avètisman ofisyèl pou antre nan pwopriyete prive san pèmision, oswa kote yo te arete nenpòt koupab paske yo te antre nan pwopriyete prive san pèmision.

## NIVO IV: KONSEKANS YO

**Elèv yo pral peye konsekans yo onivo lekòl la ak konsekans yo onivo distri a pou tout Enfraksyon Nivo IV yo.**

<p><b>Konsekans yo Onivo Lekòl la</b></p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. <b>Kontakte paran/esponsab legal la*</b></li> <li>2. <b>Konsèy ak oryantasyon*</b></li> <li>3. <b>Voye elèv la tounen pandan jiska 10 jou avèk yon rekòmandasyon pou yo mete l deyò*</b></li> <li>4. <b>Konsilte Distri a pou fè yon Reyinyon Ekip Disiplin*</b></li> <li>5. Retire elèv la nan pwogram oswa aktivite apre lekòl/pandan lè lekòl la yo tanporèman oswa nan fason pèmanan, pa egzanp, ka gen ladan men pa sèlman, fè yo pa vin nan gradyasyon fen detid segondè yo</li> <li>6. Pratik Restorativ</li> <li>7. Chanjman Orè</li> <li>8. Plan siveyans</li> <li>9. Kontra no-kontak</li> <li>10. Referans a SAFE/Oryantasyon</li> </ol>	<p><b>Konsekans yo Onivo Distri a</b></p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Mete Elèv la deyò nan distri lekòl la</li> <li>2. Voye Elèv la nan yon lekòl altènatif</li> <li>3. Refere elèv la nan yon pwogram entèvansyon</li> <li>4. Mete elèv la deyò nan bis la</li> <li>5. Referans a sèvis sante mantal yo</li> </ol> <p style="text-align: right;"><i>*Konsekans Obligatwa yo</i></p>
---	---



**SEKSYON V:**  
KÒD REPONS DISIPLINÈ POU  
LEKÒL ELEMANTÈ YO

## SEKSYON V: KÒD REpons DISIPLINÈ POU LEKÒL ELEMANTÈ YO

### Apèsi sou Kòd Repons Disiplinè a

Seksyon ki annapre a bay detay sou enfraksyon disiplinè yo ak konsekans potansyèl pou elèv ki nan lekòl Elementè yo pou konpòtman ki fèt sou pwopriete Komisyon an; nan mwayen transpò lekòl la; pandan aktivite lekòl yo, ki gen ladan, men pa sèlman aprantisaj a distans, sòti eskolè yo, fonksyon espòtif yo, ak lòt aktivite parèy yo; epi si sa apwopriye, nenpòt lòt kote Lwa Florid yo ak/oswa Règ Komisyon Edikasyon Eta a otorize. Yo divize enfraksyon disiplinè elèv yo ak fason yo reponn a yo an kat (4) nivo. Chak nivo reprezante enfraksyon k ap vin deplizanpli pi grav tank nivo a pi wo epi fason yo reponn yo vin deplizanpli pi sevè tou. Kèk enfraksyon mande pou yo konsilte lapolis si yo jije enfraksyon an se yon vyolasyon lwa eta oswa lwa federal yo.

OCPS ap ankouraje yon anviwònman sekirite ak favorab nan lekòl yo, pou pwoteje elèv yo ak anplwaye yo kont konduit ki poze yon menas grav pou sekirite lekòl la. Administratè eskolè yo dwe asire disiplin inifòm nan lekòl yo, kote sa apwopriye, epi jan règleman ak Kòd sa a otorize. Anplis, dapre [Seksyon 1006.09, Lwa Florid yo](#), direktè lekòl la oswa reprezantan li deziyen an dwe fè yon efò nan bòn fwa pou yo anplwaye asistans paran yo ak lòt mezi altènativ avan yo voye yon elèv tounen, eksepte nan ka gen kondisyon oswa pètibasyon ijans ki mande yo voye elèv tounen touswit oswa nan ka gen yon vyolasyon konduit ki grav jan Komisyon an oswa Kòd sa a defini.

OCPS pran angajman pou nou bay yon anviwònman sekirite pou tout elèv yo epi chache sipò kominote a ak paran/responsab yo pou ede atenn objektif sa a. Pou rezon sa a, [Seksyon 1003.04, Lwa Florid yo](#), ofri paran/responsab chak elèv K-12 ki nan lekòl piblik dwe kowopere ak otorite Komisyon an, OCPS, Siveyan, Direktè Lekòl la, pwofesè yo, ak chofè bis yo, pou retire elèv la nan salklas la ak nan bis lekòl la epi, lè sa apwopriye ak disponib, pou mete elèv la nan yon anviwònman edikasyonèl altènativ, si elèv la dezobeyisan, derespektan, vyolan, abizif, enkontwolab, oswa pètibatè.

### Ankèt sou Disiplin Elèv yo

OCPS ap ajè *in loco parentis* (an laten sa vle di "alapas paran yo") pandan yon elèv sou gad fizik lekòl la, epi yo responsab pou yo fè ankèt sou tout akizasyon move konpòtman elèv ki anndan jiridiksyon l yo pa mwayen prèv ki pi konvenkan dapre nòm jiridik sou prèv yo. Kidonk, yo otorize anplwaye OCPS yo pou yo fè entèvyou ak elèv yo epi jwenn deklarasyon temwen nan men elèv ki enplike nan enfraksyon Kòd la, toutfwa, nenpòt elèv ka refize patisipe nan yon ankèt. Li enpòtan pou w sonje si yo kwè konpòtman an kriminel epi se yon vyolasyon Lwa Florid yo, direktè resous lekòl la, oswa lapolis, si direktè resous lekòl la pa disponib, ka patisipe nan ankèt la.

**Paran/responsab elèv yo ka mande pou elèv yo a pa patisipe nan yon ankèt sou disiplin elèv san otorizasyon paran/responsab la lè yo soumèt yon demann, alekri, nan direksyon lekòl la.** Refi pou patisipe nan yon ankèt pa entèdi OCPS kontinye fè ankèt la epi administre konsekans disiplinè ki apwopriye kòm sadwa. Anplis de sa, menm si yo refize direktè resous lekòl la, oswa lapolis la, ka toujou kontinye fè ankèt la ak enpoze sanksyon kriminel si nesèsè.

Aprè ankèt disiplinè a fin fèt, paran/responsab la ka mande yon kopi tout prèv dokiman yo te itilize pou baze konsekans disiplinè yo pwopoze a; toufwa, si yo disponib epi yo te itilize yo kòm prèv pou objektif disiplinè, yo ka sèlman gade prèv videyo yo, yo p ap ka bay yon kopi. W ap jwenn lòt enfòmasyon ki konsène enfraksyon ak machaswiv disiplinè yo nan seksyon sa a nan Kòd la ak nan [Seksyon VI](#).

Si yo fè ankèt disiplinè a akòz akizasyon yon menas oswa yon konpòtman menasan, y ap soumèt ankèt la bay Ekip Evalyasyon Menas Lekòl la pou yo revize l. Fichye [JICK Règleman Komisyon an, ki titre, "Menas,"](#) ak [Seksyon 1006.07, Lwa Florid yo](#) tabli Ekip Evalyasyon Menas Lekòl la.

## SEKSYON V: KÒD REpons DISIPLINÈ LEKÒL ELEMANTÈ YO

### Nivo 1: Kòd Repons Disiplinè

Enfraksyon Nivo 1 yo se ti konpòtman minè ki ka entèwonp salklas la, yon aktivite lekòl, oswa bis lekòl la.

Anplwaye OCPS la ta dwe eseye fè yo sispann move konpòtman an. Si anplwaye a bezwen jwenn plis èd, li ta dwe voye elèv la nan direksyon lekòl la pou yo disipline l. Apre yo fin tande vèsyon istwa selon pwendvi elèv la, yo konsilte manm anplwaye yo ak lòt elèv yo, epi yo fè nenpòt lòt ankèt ki bezwen fèt, administratè a pral deside ki konsekans ki apwopriye. Voye elèv tounen pa yon konsekans pou enfraksyon Nivo 1 yo.

NIVO 1: ENFRAKSYON YO		
A.	Kopye (nan devwa oswa tèss)	Itilize travay yon lòt moun pou di se travay ou; itilize nòt oswa lòt metòd, san pwofesè a pa konnen, pou fè yon tèss oswa yon devwa.
D.	Mank Respè	Di oswa fè yon bagay ki rabese, nwi oswa blese, oswa fè yon lòt moun oswa yon gwoup moun wont.
E.	Kòd Abiman	Metete nenpòt rad ki pa konfòm a kòd abiman an.
F.	Refize Prezante pou Pinisyon retni	Pa prezante pou pinisyon retni.
G.	Fo Enfòmasyon ak/oswa Enfòmasyon ki gen Twonpri	Konnen w ap bay manti. Konpòtman an pa entèwonpi kanpis lekòl al.
J.	Langaj/Materyèl Vilgè, Endesan, oswa Abizif yo	Itilize mo, jès, foto, oswa atik ki pa akseptab nan lekòl la. Seksyon sa pa konsène langaj menasan oswa entimidasyon.
KK.	Vyolasyon Règ pou Aparèy Elektwonik yo	Movèz itilizasyon aparèy elektwonik yo ki pa gen rapò ak lekòl la, epi ki ka gen ladan, men pa sèlman, telefòn selilè, telefòn entèlijan, mont entèlijan, lektè MP3, iPod, lizez elektwonik (e-reader), mont trakè, tablèt, laptop, ak lòt aparèy elektwonik yo.
L.	Reta	Lè yon elèv an reta pou kou a apre li rive lekòl la alè, san yon eskiz.
M.	Absans nan Lekòl oswa nan Klas yo pa Otorize	Lè yon elèv absan nan lekòl oswa nan klas san pèmisyon paran/reponsab elèv la oswa lekòl la.
N.	Lòt Move Konpòtman	Nenpòt lòt zak move konpòtman ki ka deranje salklas la, pwogram eskolè a, aktivite eskolè a, oswa bis lekòl la, epi yo pa ka kode l kòm yon lòt enfraksyon Nivo 1.
O.	Entimidasyon ki pa Fonde	Apre yo fin fè yon ankèt ak swivi sou yon ensidan entimidasyon yo rapòte, anketè a detèmine pa gen ase evidans pou pwouve ensidan an satisfè kritè yon zak entèdi dapre definisyon entimidasyon an jan sa preskri nan Lwa sou Defans Tout Elèv Jeffery Johnston lan ( <a href="#">Seksyon 1006.147, Lwa Florid yo</a> ). Enfraksyon sa a se pou zafè dokimantasyon sèlman jan Depatman Edikasyon Florid la egzije a, yo p ap fè peye konsekans disiplin yo.
P.	Asèlman ki pa Fonde	Apre yo fin fè yon ankèt ak swivi sou yon ensidan entimidasyon yo rapòte, anketè a detèmine pa gen ase evidans pou pwouve ensidan an satisfè kritè yon zak entèdi dapre definisyon asèlman an jan sa preskri nan Lwa sou Defans Tout Elèv Jeffery Johnston lan ( <a href="#">Seksyon 1006.147, Lwa Florid yo</a> ). Enfraksyon sa a se pou zafè dokimantasyon sèlman jan Depatman Edikasyon Florid la egzije a, yo p ap fè peye konsekans disiplin yo.
R.	Jwèt Brital	Nenpòt jwèt oswa blòf brital san kontwòl ki enplike de (2) elèv oswa plis.

## NIVO 1: ENFRAKSYON YO

### NIVO 1: KONSEKANS YO

- |   |                                      |
|---|--------------------------------------|
| 1. Kontakte paran/responsab ou*                   | 9. Pratik Restorativ                 |
| 2. Pale avèk ou konsènan konpòtman ou*            | 10. Bay elèv la yon chèz presi       |
| 3. Reprimande (elèv la) vèbalman                  | 11. Plan siveyans                    |
| 4. Ba l fè pwojè oswa espesyal                    | 12. Referans a Oryantasyon           |
| 5. Retire privilèj yo                             | 13. Kontra no-kontak                 |
| 6. Remèt byen an                                  | 14. Referans a sèvis sante mantal yo |
| 7. Pinisyon Retni                                 | 15. Avètisman pou referans a Nivo 2  |
| 8. Retire materyèl/atik ki pa dwe nan lekòl la yo |                                      |

*\*Konsekans Obligatwa yo*

## SEKSYON V: KÒD REpons DISIPLINÈ POU LEKÒL ELEMANTÈ YO

### Nivo 2: Kòd Repons Disiplinè

Enfraksyon Nivo 2 yo pi grav pase yon enfraksyon Nivo 1. Enfraksyon Nivo 2 yo ka gen ladan tou zak move konpòtman ki nan Nivo 1 yo plede refè ak zak yo fè kont moun oswa bagay ki pa fè sante ak sekirite lòt moun mal.

Yo dwe rapòte move konpòtman an touswit bay administratè lekòl la pou l fè ankèt sou li. Apre yo fin tande vèsyon istwa selon pwendvi elèv la, yo konsilte manm anplwaye yo ak lòt elèv yo, epi yo fè nenpòt lòt ankèt ki bezwen fèt, administratè a pral swiv pwosedi pou enfraksyon Nivo 2 a. Voye Elèv la tounen pa yon konsekans pou enfraksyon Nivo 2 yo.

NIVO 2: ENFRAKSYON YO		
A.	Destriksyon Byen/Sabotaj (mwenske \$100)	Kraze oswa detwi bagay ki se byen lekòl la oswa byen yon lòt moun.
B.	Mank Respè	Plede montre konpòtman ki blesan, oswa ki fè yon lòt moun oswa gwoup moun wont, ki gen ladan anplwaye yo. (Pi grav pase Nivo 1 an). <i>Enfraksyon sa ka gen ladan, men pa sèlman, pawòl blesan ki pa gen betiz ladan.</i>
C.	Dispit Fizik (goumen)	Frape, pouse, oswa nenpòt lòt kontak fizik ak yon lòt elèv ki kreye dezòd, men ki sispann lè yon gramoun mande elèv la pou l sispann.
D.	Falsifikasyon	Ekri nòt avèk entasyon pou twonpe yon manm anplwaye. Siyen oswa pèmèt lòt moun siyen non paran/responsab ou nan yon dokiman eskolè.
E.	Jwèt Aza	Parye sou jwèt oswa aktivite pou lajan oswa lòt materyèl ki gen valè.
F.	Dezobeyisans/Mepri Flagran	Plede refize swiv règ ekri oswa vèbal lekòl yo oswa enstriksyon anplwaye lekòl yo bay san yo pa lakoz entèripsyon.
J.	Vòl (mwenske \$375)	Pran yon bagay ki pa pou ou san pèmision.
K.	Rasanbleman, Piblikasyon, elatriye yo pa Otorize.	Òganize oswa distribye materyèl bay lòt elèv, san pèmision, ki kontrarye jounen lekòl nòmal la oswa nenpòt aktivite eskolè.
M.	Lòt Move Konpòtman Grav	Nenpòt lòt zak move konpòtman ki pi grav, danjre, oswa ki se egzanp nenpòt enfraksyon ki kreye plis dezòd ki dekri nan Nivo 1 an, ki ka jennen fonksyonman òdone lekòl la, bis lekòl la, oswa aktivite lekòl la, epi yo pa ka kode l kòm yon lòt enfraksyon Nivo 2.
N.	Ki Asoye avèk Gang	Posede, itilize, oswa afiche atik ki asosye ak aktivite gang ki gen ladan men pa sèlman, rad ak akseswa, ensiy ki asosye ak gang, ekriti, siy, oswa senbòl k ap ankouraje apatenans ak/oswa enplikasyon nan gang.
Q.	Vyolasyon Règ pou Aparèy Elektwonik yo	Plede mal itilize aparèy elektwonik yo, ki pa gen rapò ak lekòl la. Oswa al nan pwogram ak/oswa fichye yon elèv pa dwe ale sou yon aparèy elektwonik oswa pandan w sou rezo OCPS (tankou jwèt videyo); ba yon lòt moun non itilizatè w oswa modpas ou; oswa konekte nan aparèy ou a epi kite yon lòt moun itilize aparèy ou a.
S.	Jwèt Brital	Nenpòt jwèt oswa blòf brital san kontwòl ki enplike de (2) elèv oswa plis epi jwèt brital la riske lakoz blesi.
T.	Kòd Abiman	Mete nenpòt rad ki pa konfòm a kòd abiman an (de enfraksyon oswa plis).

## NIVO 2: ENFRAKSYON YO

### NIVO 2: KONSEKANS YO

1. Kontakte paran/responsab ou\*
2. Pale avèk ou konsènan konpòtman ou\*
3. Òganize yon rankont ak paran/responsab ou
4. Plan/Kontra sou Konpòman
5. Pratik Restorativ
6. PASS (1-10 jou)
7. Bay elèv la fè devwa espesyal
8. Pinisyon Retni
9. Referans a Oryantasyon
10. Retire materyèl/atik ki pa dwe nan lekòl la yo
11. Remèt Byen an
12. Sispann privilèj bis elèv la (1-10 jou)
13. Refere elèv la nan pwogram entèvansyon
14. Salklas altènativ
15. Plan siveyans
16. Kontra no-kontak
17. Retire elèv la nan pwogram oswa aktivite apre lekòl/pandan lè lekòl la yo oswa fè l pa patisipe tanporèman
18. Referans a sèvis sante mantal yo
19. Avètisman pou referans a Nivo 3

*\* Konsekans Obligatwa yo*

## SEKSYON V: KÒD REPONS DISIPLINÈ POU LEKÒL ELEMANTÈ YO

### Nivo 3: Kòd Repons Disiplinè

Yon enfraksyon Nivo 3 se zak move konpòtman ki kreye dezòd nan lekòl, nan yon aktivite eskolè, oswa nan yon bis lekòl epi ki menase sante, sekirite, ak byen lòt moun yo. Enfraksyon Nivo 3 yo ka gen ladan zak move konpòtman ki nan Nivo 2 yo plede refè.

Yo dwe rapòte move konpòtman an touswit bay administratè lekòl la pou l fè ankèt sou li. Apre yo fin tande vèsyon istwa selon pwendvi elèv la, yo konsilte manm anplwaye yo ak lòt elèv yo, epi yo fè nenpòt lòt ankèt ki bezwen fèt, administratè a pral swiv pwosedi pou enfraksyon Nivo 3 a. Yon konsekans pou yon enfraksyon Nivo 3 ka gen ladan retire elèv la nan lekòl la oswa nan aktivite a touswit.

NIVO 3: ENFRAKSYON YO		
A.	<b>Agresyon Senp PHA</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Lè yo reyèlman oswa tante frape yon lòt elèv san l pa t vle, san pa gen blese. Seksyon sa a pa gen ladan blese ki rive akòz goumen si elèv yo se konbatan mityèl (youn ap frape lòt).
C.	<b>Destriksyon Byen/Sabotaj (\$100 a \$999)</b>	Kraze oswa detwi bagay ki se byen lekòl la oswa byen yon lòt moun.
D.	<b>Mank Respè</b>	Montre konpòtman ki blesan, anbarasan, oswa fè lòt moun santi yo mal. <i>Enfraksyon sa ka gen ladan men pa sèlman, mo oswa mouvman ki mechan ak/oswa di betiz.</i>
E.	<b>Eskwokri/Chantaj</b>	Fè menas pou w fè lòt moun mal pou w ka jwenn yon bagay nan men yo. <i>Enfraksyon sa ka gen ladan, men pa sèlman, menase yon lòt elèv pou w pran lajan manje midi li.</i>
F.	<b>Goumen FIT</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Lè de moun oswa plis moun ap itilize fòs oswa vyolans fizik youn kont lòt ki mande swa entèvansyon fizik (lòt moun vin separe yo), oswa ki lakòz blese kote premye swen oswa atansyon medikal nesèsè. <b>Sonje: Yo entèdi goumen, men si yon moun frape w oswa li frape yon lòt moun, olye w frape l pou w remèt li kou a, ou ka pwoteje tèt ou pou w pa blese grav lè w itilize teknik sa yo ki rele defann tèt ou a. Defann tèt ou vle di fè yon granmoun ede w, kenbe oswa bloke lòt elèv la nan fason pou yo pa kapab frape w oswa frape nenpòt lòt moun, kouvri figi w oswa kò w pou w bloke kou yo, oswa pouse lòt elèv la pou ou ka jwenn espas pou w chape epi al yon kote ki pa gen danje. Men, si w frape lòt elèv la (tankou bay kout pwen, souflèt, oswa kout pye) pou w remèt li kou a, oswa ou pouse l men w pa eseye chape w, ou ka sibi sanksyon pou goumen.</b>
G.	<b>Peta/Fe Datifis</b>	Posede, estoke, oswa vann fe datifis ak peta sou pwopriyete Komisyon an, nan mwayen transpò lekòl la, oswa nan yon aktivite eskolè san w pa limen yo.
H.	<b>Dezobeyisans Gwosye/Mepri Flagran</b>	Volontèman refize fè sa anplwaye lekòl la mande w fè; di oswa fè yon bagay ki montre ou p ap swiv okenn enstriksyon; oswa diskite ak yon granmoun devan lòt moun, ki lakoz yon entèripsyon.
I.	<b>Òganizasyon Ilegal</b>	Apatenans oswa patisipasyon nan gwoup oswa klèb sekre pandan w nan lekòl la.
J.	<b>Posesyon Materyèl Kontrebann</b>	Posede, itilize oswa bay lòt bagay yo pa otorize nan lekòl la tankou: alimèt, brikè, zam jwèt, zouti, elatriye. Paran/responsab elèv la pral fè aranjman pou yo vin chache atik la nan lekòl la, si sa aplikab. Nan okenn moman OCPS p ap responsab pou vòl, pèt oswa domaj atik kontrebann yo te pote vin sou pwopriyete li yo.
M.	<b>Vòl (\$375 a \$749)</b>	Pran byen lòt moun san yo pa ba w otorizasyon.



N.	Antre nan Pwopriyete OCPS San Pèmision	Antre oswa rete nan pwopriyete lekòl la, mwayen transpò lekòl la, oswa nan aktivite lekòl la san apwobasyon oswa apre anplwaye lekòl la te di w deplase. Sa aplike sèlman pou ensidan yo ki pa te genyen avètisman ofisyèl avan, ki pa te abouti nan yon arestasyon, oswa ki pa te enplike elèv yo te voye tounen oswa yo te mete deyò.
<b>NIVO 3: ENFRAKSYON YO</b>		
O.	Vyolasyon Kouvrefe	Vyolasyon règ kouvrefe pandan yon aktivite lekòl la patwone.
Q.	Lòt Move Konpòtman Grav	Nenpòt lòt zak oswa konpòtman ki pi grav, danjre, oswa ki se egzanp nenpòt enfrazyon ki kreye plis dezòd ki nan Nivo 2 an, ki ka jennen fonksyonman òdone lekòl la, bis lekòl la, ak/oswa aktivite lekòl la, epi yo pa ka kode l kòm yon lòt enfrazyon Nivo 3. <i>Enfrazyon sa ka gen ladan men pa sèlman, mesaj tèks ki pa apwopriye yo voye bay yon lòt elèv okenn lòt moun pa ta sopize wè, pèse zanno nan pati kò, bay manm anplwaye OCPS enfòmasyon ki fo/ki gen twonpri, oswa aktivasyon yon alam ensandi ki pa te rive pa eksprè.</i>
RR.	Agresyon Fizik sou yon Anplwaye oswa Anplwaye sou Kontra	Itilize fòs sou yon anplwaye, vandè ki sou kontra, oswa benevòl ki pa lakoz moun lan blese.
U.	Ki Asoye avèk Gang	Konduit oswa konpòtman ki gen tandans ankouraje aktivite gang, pwovoke vyolans, oswa seryezman deranje bon fonksyon pwogram lekòl la, nenpòt aktivite eskolè oswa sèvis transpò, ki gen ladan men pa sèlman posesyon, itilizasyon oswa afichaj akseswa gang, bijou, tatou, rad oswa lòt ensiy ak ekriti k ap ankouraje apatenans/enplikasyon/ak itilizasyon siy oswa senbòl ki asosye ak gang yo oswa nenpòt lòt konpòtman ki asosye ak gang.
V.	Asèlman HAR <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Nenpòt jès menasan, blesan, dezimanizan, nenpòt itilizasyon done oswa lojisye enfòmasyon, oswa konpòtman ekri, vèbal, oswa fizik ki mete yon elèv OCPS oswa yon anplwaye lekòl nan yon krent rezonab ki fè li santi li an danje pou pwòp tèt li oswa pou domaj byen li posede, ki gen efè kote l sibstansyèlman entèwonp pèfòmans, opòtinite oswa avantaj edikatif yon elèv epi ki gen efè kote l sibstansyèlman deranje bon fonksyonman yon lekòl nan lòd ki gen ladan nenpòt konpòtman ki sible yon moun espesifik ki lakoz detrès emosyonèl sibstansyèl pou moun lan epi ki pa sèvi okenn bi lejitim.
Y.	Vyolasyon Règ pou Aparèy Elektwonik yo	Plede kontinye mal itilize aparèy elektwonik yo, ki pa gen rapò ak lekòl la. Oswa chanje aparèy la pou w ka ale nan pwogram ou pa sipoze ale; oswa al sou Entènèt oswa gade fichye ou pa sipoze gade. <i>Seksyon sa a pa gen ladan foto, videyo, oswa mesaj, ki ka kode kòm yon lòt enfrazyon.</i>
AA.	Jwèt Brital	Nenpòt plezantri, jwèt oswa blòf brital san kontwòl ki enplike de (2) elèv oswa plis epi jwèt brital la lakoz blesi. Nenpòt jwèt brital ki lakoz blesi grav kote yo bezwen atansyon medikal ka lakoz yon enfrazyon Nivo 4.
BB.	Konpòtman Pètibatè	Konduit oswa konpòtman ki entèwonp oswa deranje pwosesis òganize anviwònman ansèyman/aprantisaj lekòl la, yon fonksyon eskolè, oswa aktivite aprè lekòl/aktivite pandan lè lekòl la. Sa a pa gen ladan konpòtman ki ta ekivo yon Nivo IV-T, Lòt; Nivo IV-I, Entèripsyon Kanpis-Grav, oswa Nivo IV-HH Entèripsyon nan Fonksyonman Kanpis yo.

### NIVO 3: ENFRAKSYON YO

### NIVO 3: KONSEKANS YO

- |  |   |
|--|---|
| 1. <b>Kontakte paran/responsab ou*</b>   | 11. Retire elèv la nan pwogram oswa aktivite apre lekòl/pandan lè lekòl la yo tanporèman oswa nan fason pèmanan |
| 2. <b>Pale avèk ou konsènan konpòtman ou*</b>  | 12. Refere elèv la nan pwogram entèkansyon  |
| 3. Òganize yon rankont ak paran/responsab  | 13. Retire materyèl/atik ki pa dwe nan lekòl la yo  |
| 4. Plan/Kontra sou Konpòman  | 14. Salklas altènativ   |
| 5. Pratik Restorativ   | 15. Plan siveyans   |
| 6. Remèt byen an   | 16. Kontra no-kontak  |
| 7. PASS (1-10 jou)   | 17. Referans a Oryantasyon  |
| 8. Sispann privilèj bis yo (1-10 jou)  | 18. Referans a sèvis sante mantal yo  |
| 9. Voye Elèv Tounen Lekòl (Kote yo entèdi yo pa vin sou pwopriyete a ni patisipe nan aktivite lekòl yo) (ant 1 jou a 10 jou) | 19. Avètisman pou referans a Nivo 4   |
| 10. Pinisyon Retni   |   |

*\*Konsekans Obligatwa yo*

## SEKSYON V: KÒD REpons DISIPLINÈ POU LEKÒL ELEMANTÈ YO

### Nivo 4: Kòd Repons Disiplinè

Enfraksyon Nivo 4 yo se move konpòtman ki pi grav yo epi yo lakoz pi plis enkyetid pou sekirite lekòl la. Enfraksyon Nivo 4 yo ka gen ladan zak move konpòtman ki nan Nivo 3 yo plede refè. Nenpòt zak Nivo 4 dwe lakoz yo voye elèv la tounen pandan jiska 10 jou epi gen chans pou yo mete l deyò.

Yo dwe rapòte move konpòtman Nivo 4 la touswit bay administratè lekòl la pou l fè ankèt sou li. Apre yo fin tande vèsyon istwa selon pwendvi elèv la, yo konsilte manm anplwaye yo ak lòt elèv yo, epi yo fè nenpòt lòt ankèt ki bezwen fèt, administratè a pral swiv pwosedi pou enfraksyon Nivo 4 yo. Yon konsekans pou enfraksyon Nivo 4 ka gen ladan retire elèv la nan lekòl la oswa nan aktivite a touswit.

Yo ka refere elèv ki komèt yon enfraksyon Nivo 4 bay lapolis pou yo fè ankèt ki pi apwofondi.

NIVO 4: ENFRAKSYON YO		
A.	<b>Alkòl ALC</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Posede, vann, achte, distribiye oswa itilize bwason alkòl. Itilizasyon vle di yo kenbe moun lan nan zak la pandan l ap itilize l, li admèt li te itilize l oswa yo dekouvri l te itilize l pandan yon ankèt. Ensidan alkòl yo pa kapab gen rapò ak dwòg.
B.	<b>Ensandi kriminel ARS</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Itilize dife oswa eksplozyon pou fè dega oswa lakoz dega pa ekspres, nan nenpòt lojman, estrikti, oswa mwayen transpò, kèlkeswa gen moun ladan ou pa, oswa sa li gen ladan.
C.	<b>Menas/Entimidasyon TRE</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Yon ensidan kote pa te gen kontak fizik ant koupab la ak viktim lan, men viktim lan te kwè nan fason rezonab ta ka gen blezi fizik rive baze sou kominikasyon vèbal oswa non vèbal koupab la. Sa a gen ladan menas blezi fizik ki pa vèbal ak menas blezi fizik vèbal ki te fèt an pèsòn, pa mwayen elektwonik, oswa pa nenpòt lòt mwayen. Sa a gen ladan fè lòt moun pè. Lapèrèz se dapre pèsepasyon viktim lan, epi yo plis pran an kont globalman, entansyon ak kapasite pou tout ensidan SESIR yo. <i>Enfraksyon sa a gen ladan men pa sèlman, menas vèbal oswa non-vèbal yo fè, pa aksyon, sou rezo sosyo yo, oswa nan tèks, oswa menas/konpòtman menasan ki fèt avèk yon zam (4H) oswa lòt objè danjre (4K), oswa eseye itilize yon zam (4H) oswa lòt objè danjre (4K) san pa gen moun ki blese.</i>
D.	<b>Agresyon Grav BAT</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Agresyon (bat moun) se lè agresè a lakoz, pa ekspres oswa l konnen l lakoz, blezi ki pi grav jan yo dekri nan Règ 6A-1.0017(8)(g) F.A.C. la tankou: gwo blezi kòporèl; andikap pèmanan, oswa defigirasyon pèmanan; itilizasyon yon zam mòtèl; oswa, kote agresè a te konnen oswa ta dwe konnen viktim lan te ansent. Sa a gen ladan lanmò oswa blezi ki poze gwo risk pou gen lanmò, doulè fizik ekstrèm, defigirasyon pwolonje oswa ki evidan, ak pèt oswa mank pwolonje fonksyon yon manm, ògàn kò a, oswa yon fakilte mantal. <i>Seksyon sa a gen ladan itilizasyon yon zam (4H) oswa lòt objè danjre (4K) ki lakoz blezi ki pi grav, men seksyon sa a pa konsène blezi ki rive akòz goumen si elèv yo t ap batay youn kont lòt.</i>
E.	<b>Menase Lekòl la DOC.</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Nenpòt menas dirèk oswa endirèk ki ka poze yon menas pou lekòl la oswa ki ka deranje bon fonksyonman kanpis lekòl la oswa aktivite lekòl la patwone ki gen ladan men pa sèlman, menas vèbal oswa non-vèbal yo fè pa aksyon, sou rezo sosyo yo, oswa nan tèks. <i>Menas a lekòl la ka gen ladan men pa sèlman, menas bonb, menas pou yo itilize zam afe nan fason vyolan, ak/oswa menas pou yo fè fiziyad an mas oswa yon zak teworis. Yo jije menas yo fè lekòl la yo se menas zewo tolerans annakò ak Seksyon <a href="#">1006.07</a> ak <a href="#">1006.13</a>, Lwa Florid yo.</i>
F.	<b>Itilizasyon/Posesyon Dwòg DRU</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	Posede oswa itilize dwòg ilegal. Itilizasyon oswa posesyon nenpòt dwòg, nakotik, sibstans reglemante, oswa nenpòt lòt sibstans lè yo itilize yo pou entoksikasyon chimik. Itilizasyon vle di yo kenbe moun lan nan zak la pandan l ap itilize l, li admèt li te itilize l oswa yo dekouvri l te itilize l pandan yon ankèt. Yo kode enfraksyon alkòl yo apa: Nivo IV-A, Alkòl.

## NIVO 4: ENFRAKSYON YO

H.	<b>Posesyon Zam WPO</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	<p>Posesyon oswa kontwòl nenpòt zam afe oswa nenpòt enstriman oswa objè jan yo defini nan Seksyon 790.001(6) ak (13), Lwa Florid yo, ka aflije blesi grav sou yon lòt moun oswa ki ka mete moun lan nan yon laperèz rezonab pou sibi blesi grav. Sa a gen ladan posesyon zam afe ak lòt enstriman ki ka lakoz blesi yo.</p> <p>Yon "zam afe" vle di nenpòt zam (ki gen ladan yon pistoulè depa) ki pral, oswa ki fèt pou, oswa yo ka rapidman transfòme pou tire yon pwojektil pa mwayen yon dispozitif eksplozyon; ankadreman oswa resepte nenpòt zam konsa; nenpòt monflè zam afe oswa silansè zam afe; nenpòt dispozitif destryktè; oswa nenpòt mitrayez. Tèm "zam afe" pa gen ladan yon zam afe ansyen amwenske yo te itilize zam afe ansyen an lè yo t ap komèt yon krim.</p> <p>"Zam" vle di nenpòt ponya, kouto, jwenti metalik, lanspyè, biliz, pistoulè gaz lakrimojèn, zam oswa dispozitif chimik, oswa lòt zam mòtèl eksepte yon zam afe oswa yon kouto pòch, kouto plastik, oswa yon kouto tab ki gen lam ki pa file.</p>
I.	<b>Dezòd nan Kanpis la-Grav DOC.</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	<p>Gwo dezòd nan tout oswa nan grand pati aktivite k ap fèt sou kanpis yo, nan evènman lekòl yo patwone, ak pandan transpò nan bis lekòl yo. Konpòtman dezòdone ki poze yon gwo menas pou anviwònman aprantisaj la, sante, sekirite, oswa byennèt lòt moun. Egzanp entèripsyon grav yo gen ladan menas bonb, ankouje yon manifestasyon vyolan, oswa kòmanse yon fo alam. Pou enfrazyon yo ki entèwonp aktivite kanpis yo, evènman lekòl la patwone yo, ak transpò nan bis lekòl la men ki pa prezante yon menas grav pou anviwònman aprantisaj la: gade nan Niwo IV-HH, Entèripsyon nan Fonksyònman Kanpis yo.</p>
J.	<b>Gwo Vòl (\$750 oswa plis) STL</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	<p>Pran byen yon lòt moun oswa òganizasyon san yo pa bay otorizasyon, ki gen laden veyikil a motè yo, ki vo \$750 oswa plis, san yo pa fè menas, vyolans, oswa lakoz blesi kòporèl. Yo dwe rapòte nenpòt vòl byen ki koute nenpòt valè ki enplike itilizasyon fòs, vyolans, atak, oswa ki fè viktim nan pè kòm vòl.</p> <p>Sa a pa gen ladan lè yo pran l avèk vyolans, yon menas vyolans oswa atak, epi fè viktim nan pè (Gade nan 4M Vòl).</p>
K.	<b>Lòt Atik Danjre yo</b>	<p>Genyen, vann/achte oswa kontwole nenpòt enstriman oswa atik ki pa yon zam afe, oswa zam jan yo defini dapre yon enfrazyon Nivo IV-H, enfrazyon Posesyon Zam, yo ka itilize pou fè yon lòt moun mal oswa pou fè nenpòt moun pè. Menase oswa tante itilize yon objè danjre se yon enfrazyon Nivo IV-C oswa IV-E. Itilize yon objè danjre ak lakoz blesi se yon enfrazyon Nivo IV-D oswa IV-Y.</p> <p><i>Enfrazyon sa ka gen ladan men pa sèlman, pistoulè BB oswa pistoulè a plon, zam alè konprime, zam a boul penti ak nenpòt imitasyon zam afe oswa zam, zam dlo/biy an jèl, kouto pòch òdinè yo (longè lam yo mwens pase 2,5 pous), chèn, tiyo, razwa, kouto bwat/kouto itilite, pik a glas, lòt enstriman pwenti, nunchuck, teze, etwal chinwa, gaz pwavre, lòt atik yo itilize pou defann tèt yo (tankou kubaton), bal, pens zam afe, oswa katouch zam afe yo. Enfrazyon sa a gen ladan tou limen fe datifis oswa peta.</i></p>
L.	<b>Yon Move Konpòtman ki pi Grav ki Plede Refèt</b>	<p>Move Konpòtman ki plede refèt ki ka vrèman deranje bon fonksyònman salklas, lekòl, mwayen transpò lekòl la, ak/oswa aktivite eskolè.</p>
M.	<b>Vòl ROB</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	<p>Pran, oswa tante pran lajan oswa lòt byen oswa gad yon lòt moun nan men moun lan avèk entansyon pou anpeche moun lan oswa mèt lajan oswa lòt byen an jwenn li nan fason pèmanan oswa tanporè, nan sikonstans konfwontasyonèl pa fòs, oswa menase itilize fòs, oswa vyolans ak/oswa lè w fè viktim lan pè. Diferans kle ki genyen ant Gwo Vòl ak Vòl sèke vòl gen ladan vyolans, yon menas vyolans oswa atak, ak fè viktim nan pè. Sa a gen ladan itilize fòs pou pran yon bagay nan men yon lòt moun.</p>
N.	<b>Agresyon Seksyèl SXB</b> <small>Yo Dwe Rapòte Bay Lapolis</small>	<p>Fòse oswa tante penetrasyon oral, anal oswa vajinal ki itilize yon ògàn seksyèl oswa yon objè ki sanble ak yon ògàn seksyèl, oswa penetrasyon anal oswa vajinal avèk nenpòt pati kò oswa yon objè etranje nan yon lòt moun. Alafwa gason ak fi yo ka viktim agresyon seksyèl. Sa a gen ladan konpòtman seksyèl endezirab.</p>

## NIVO 4: ENFRAKSYON YO

O.	Asèlman Seksyèl SXH <small>Yo Dwe Rapòte Bay Fòs Lapolis</small>	Konpòtman endezirab ki gen yon karaktè seksyèl, tankou pwopozisyon seksyèl, demann pou favè seksyèl, ak lòt konpòtman vèbal, ki pa vèbal, oswa fizik ki gen karaktè seksyèl. Konpòtman asèlman ka gen ladan aksyon vèbal oswa ki pa vèbal yo, ki gen ladan, deklarasyon grafik ak ekri, epi ka gen ladan deklarasyon ki fèt pa mwayen yon òdinatè, telefòn selilè, ak lòt aparèy ki konekte sou entènèt. Se ka anplwaye lekòl yo, lòt elèv yo, ak tyès pati ki pa anplwaye yo ki fè konpòtman an. Sa a gen ladan konpòtman seksyèl endezirab. <b>Yo Dwe Enfòmè Fòs Lapolis pou yo Fè Ankèt.</b>
P.	Enfraksyon Seksyèl yo SXO <small>Yo Dwe Rapòte Bay Fòs Lapolis</small>	Lòt kontak seksyèl, ki gen ladan rapò seksyèl san fòse oswa menas pou fòse. Fè yon moun wè vye jès seksyèl obsèn, aktivite seksyèl, oswa montre pati kò yo nan yon fason obsèn <b>Yo Dwe Enfòmè Fòs Lapolis pou yo Fè Ankèt.</b> Sa a gen ladan obsenite, jès seksyèl endesan.
Q.	Vyolasyon Plan pou Reyenskri Bonè a	Komèt nenpòt zak oswa seri zak ki vyole oswa ki gen efè vyolasyon yon plan reyenskripsyon apre yo te mete yon elèv deyò.
S.	Zak Kriminèl ki Fè Dega nan Byen (\$1000 oswa plis) VAN <small>Yo Dwe Rapòte Bay Fòs Lapolis</small>	Blese oswa andomaje pa ekspres oswa avèk malis pa nenpòt mwayen nenpòt byen imobilye oswa byen pèsònèl yon lòt moun posede, ki gen ladan, men pa sèlman mete grafiti oswa fè lòt zak vandalis ladan.
T.	Lòt Grav OMC <small>Yo Dwe Rapòte Bay Fòs Lapolis</small>	Nenpòt ensidan grav, danjre ki lakoz yo bezwen konsilte fòs lapolis ki pa deja klase. Sa a gen ladan nenpòt dwòg oswa zam yo jwenn san siveyans ki pa asosye ak pèsòn; yo dwe kode ensidan sa yo avèk eleman ki gen Rapò apwopriye a (tankou ki gen rapò ak Dwòg oswa ki gen rapò ak Zam) epi yo dwe rapòte enplikasyon nan ensidan kòm pa konnen.
U.	Vann/Distribiyè Dwòg, Eksepte Alkòl DRD <small>Yo Dwe Rapòte Bay Fòs Lapolis</small>	Fabikasyon, kilti, acha, vant oswa distribisyon nenpòt dwòg, nakotik, sibstans reglemante oswa nenpòt sibstans yo reprezante kòm yon dwòg, nakotik, oswa sibstans reglemante. Sa a gen ladan vann oswa distribiyè dwòg yo nan fason ilegal.
V.	Entimidasyon BUL <small>Yo Dwe Rapòte Bay Fòs Lapolis</small>	Plede enflije blesi fizik oswa detrès sikolojik (nan fason sistematik oswa kwonik) sou youn oswa plizyè elèv oswa anplwaye. Entimidasyon an dwe gen ladan konpòtman entimidasyon ki plede fèt, ki fèt pa ekspres, epi ki enplike yon dezekilib pouvwa. <i>*Entimidasyon ka gen ladan, men pa sèlman, plede takinen, eksklizyon sosyal, menas, entimidasyon, plede suiv toupatou, vyolans fizik, vòl, asèlman, imilyasyon piblik oswa prive, oswa destriksyon byen. Si danje fizik oswa detrès sikolojik la pa rive akonpòtman sistematik oswa kwonik, evyalje l pou asèlman.</i>
X.	Imilyasyon Rityèl HAZ <small>Yo Dwe Rapòte Bay Fòs Lapolis</small>	Dezyèm (enfraksyon) sèlman.
Y.	Agresyon Senp PHA <small>Yo Dwe Rapòte Bay Fòs Lapolis</small>	Vrèman touche oswa frape yon lòt moun san l pa t vle, oswa lakoz blesi kòporèl sou yon moun pa ekspres. Sa a gen ladan ensidan yo ki mande pou jwenn premye swen touswit oswa atansyon medikal annapre. Sa a pa gen ladan lanmò oswa blesi ki poze gwo risk pou gen lanmò, doulè fizik ekstrèm, defigirasyon pwolonje oswa ki evidan, ak pèt oswa mank pwolonje fonksyon yon manm, ògàn kò a, oswa yon fakilte mantal. (Gade nan 4D Agresyon Grav).
Z.	Agresyon Seksyèl SXA <small>Yo Dwe Rapòte Bay Fòs Lapolis</small>	Yon ensidan ki gen ladan karès inapwopriye, libète endesan, vyòl timoun, oswa menas vyòl. Alafwa gason ak fi yo ka viktim agresyon seksyèl.
AA.	Vyolasyon Règ pou Aparèy Elektwonik yo	Itilizasyon oswa aksè nan pwogram ak/oswa fichye w pa ta dwe al ladan yo sou aparèy elektwonik san otorizasyon; oswa nenpòt itilizasyon ki vyole lwa ak règleman Komisyon an yo, lwa ak règleman lokal, eta ak/oswa federal yo. <i>Enfraksyon sa ka gen ladan, men pa sèlman, jwenn aksè nan rezo OCPS la pou fè mal oswa chanje dosye yo.</i>
CC.	Kanbriyaj Kay BRK <small>Yo Dwe Rapòte Bay Fòs Lapolis</small>	Antre anndan oswa rete nan yon kay, estrikti, oswa mwayen transpò ilegalman avèk entansyon pou komèt yon krim ladan.

## NIVO 4: ENFRAKSYON YO

DD.	Omisiid HOM <small>Yo Dwe Rapòte Bay Fòs Lapolis</small>	Lè yon moun touye yon lòt moun san jistifikasyon. Sa gen ladan asasina, omisiid envolonntè.
EE.	Kidnapin KID <small>Yo Dwe Rapòte Bay Fòs Lapolis</small>	Fòse, an sekre, oswa pa mwayen menas, an fèmen, anlve, oswa anprizone yon lòt moun kont volonte l epi san otorite legal. Sa a gen ladan anlve yon moun.
GG.	Mete Dife	Mete yon dife pa aksidan oswa mete yon dife ki pa lakoz dega.
HH.	Entèripsyon nan Fonksyònman Kanpis yo	Enfraksyon yo ki entèwonp aktivite kanpis yo, evènman lekòl la patwone yo, ak transpò nan bis lekòl la men ki pa prezante yon menas grav pou anviwònman aprantisaj la. <i>Enfraksyon a ka gen ladan men pa sèlman, ensidan ki lakoz yo fèmen kafeterya, plizyè moun k ap goumen ki entèwonp fonksyònman kanpis la, ak/oswa ensidan ki anpeche elèv yo al nan pwochen kou yo.</i> Pou enfraksyon yo ki gen ladan yon gwo deranjman ak menas ki grav, gade nan Nivo IV-I, Dezòd nan Kanpis la-Grav.
II.	Ensidan yo ki Depase Limit Konpòtman ki Akseptab	Nenpòt konpòtman ki ale odela de sa yo atann nan lekòl la ak nan kominote a, yo pa ka kode kòm yon lòt enfraksyon Nivo 4.
JJ.	Antre nan Pwopriyete Prive San Pèmisyon TRS <small>Yo Dwe Rapòte Bay Fòs Lapolis</small>	Antre oswa rete nan pwopriyete lekòl la, mwayen transpò lekòl la, oswa nan aktivite lekòl la san apwobasyon oswa apre anplwaye lekòl la te di w deplase. Sa sèlman gen ladan ensidan yo ki enplike yon elèv yo te voye tounen oswa yo te mete deyò nan moman an, oswa ensidan yo kote nenpòt moun ki ofanse (kit se elèv oswa kit se pa elèv) yo te bay yon avètisman ofisyèl pou antre nan pwopriyete prive san pèmisyon, oswa kote yo te arete nenpòt moun ki ofanse paske yo te antre nan pwopriyete prive san pèmisyon.

## NIVO 4: KONSEKANS YO

**Elèv yo pral peye konsekans yo onivo lekòl la ak konsekans yo onivo distri a pou tout Enfraksyon Nivo 4 yo.**

<u>Konsekans yo Onivo Lekòl la</u>	<u>Konsekans yo Onivo Distri a</u>
<ol style="list-style-type: none"> <li>1. <b>Kontakte paran/responsab ou*</b></li> <li>2. <b>Pale avèk ou konsènan konpòtman ou*</b></li> <li>3. <b>Voye elèv la tounen pandan jiska 10 jou avèk yon rekòmandasyon pou yo mete l deyò*</b></li> <li>4. <b>Konsilte Distri a pou fè yon Reyinyon Ekip Disiplin*</b></li> <li>5. Retire elèv la nan pwogram oswa aktivite apre lekòl/pandan lè lekòl la yo tanporèman oswa nan fason pèmanan</li> <li>6. Pratik Restorativ</li> <li>7. Salklas altènativ</li> <li>8. Plan siveyans</li> <li>9. Kontra no-kontak</li> <li>10. Referans a Oryantasyon</li> </ol>	<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Mete Elèv la deyò nan distri lekòl la</li> <li>2. Voye Elèv la nan yon lekòl altènativ</li> <li>3. Refere elèv la nan yon pwogram entèvansyon</li> <li>4. Mete elèv la deyò nan bis la</li> <li>5. Referans a sèvis sante mantal yo</li> </ol> <p style="text-align: right;"><i>* Konsekans Obligatwa yo</i></p>



## **SEKSYON VI:**

**MACHASWIV YO POU MEZI DISIPLINÈ**

## SEKSYON VI: MACHASWIV YO POU MEZI DISIPLINÈ

### Machaswiv yo pou Mezi Disiplinè

Pou pwoteje dwa elèv yo, gen sèten machaswiv yo respekte lè y ap pran mezi disiplinè yo. Yo elabore pwosedi sa yo jan lalwa oswa règleman sigire oswa egzije. Nou ankouraje pou itilize estrateji jesyon lekòl/salklas pwosedi espesifik sa yo pa kouvri yo.

### Machaswiv pou Enfraksyon Nivo I-III pou Lekòl Elemantè ak Lekòl Segondè yo

Yo dwe ofri pwosedi ki annapre yo pou swiv nan ka elèv yo akize ki gen move konpòtman pou enfraksyon Nivo I-III yo. Nan sitiyaasyon ijans yo, yo ka modifiye machaswiv yo depi gen efò rezonab ki fèt pou ofri opòtinite ki esansyèlman parèy yo pou garanti pwoteksyon pwosediral yo.

**Tanpri sonje, yo dwe itilize machaswiv sa yo ansanm ak machaswiv yo preskri nan dokiman sa a ki annakò ak Tit IX nan Modifikasyon Lwa sou Edikasyon 1972 la ak fichye JB Règleman Komisyon an, ki titre, "Opòtinite yo pou Edikasyon Egalego."**

MACHASWIV YO POU NIVO I-III	
Etap 1:	Direktè lekòl la oswa reprezantan li deziyen an dwe di elèv la rezon (yo) ki fè yo ba l referans lan.
Etap 2:	Yo dwe bay elèv la opòtinite pou l prezante vèsyon istwa selon pwendvi l swa vèbalman oswa alekri epi li dwe gen opòtinite pou l prezante temwen ki te la lè ensidan.
Etap 3:	Direktè lekòl/reprezantan l deziyen an dwe detèmine si evidans yo apiye enfraksyon an. Nan ka sa, direktè lekòl/reprezantan l deziyen an ap detèmine repons disiplinè apwopriye a daprè Kòd la. Yo dwe fè elèv konnen ki repons disiplinè yo pran kont li.
Etap 4:	Direktè lekòl/reprezantan l deziyen an dwe rapòte chak fwa yo voye yon elèv tounen alekri bay paran/responsab elèv la epi bay rektè distri eskolè oswa reprezantan li deziyen an. Yo dwe voye rapò sa pa lapòs oswa inisyè livrezon an nan yon delè 24 trè avan kòmansman peryòd yo voye elèv la tounen an oswa nan pwochen jou ouvrab regilye a. Yo dwe fè tout efò rezonab pou kontakte paran/responsab elèv la avan kòmansman peryòd yo voye elèv la tounen an. Si yo pa ka jwenn paran/responsab elèv la avan kòmansman peryòd yo voye elèv la tounen an, direktè lekòl la oswa reprezantan li deziyen an ka detèmine peryòd yo voye elèv la tounen an ap kòmanse san yo pa kontakte paran/responsab elèv la avan, men yo dwe kontinye fè tout efò rezonab pou kontakte paran/responsab elèv la.
Etap 5:	Aprè ankèt disiplinè a fin fèt, paran/responsab la ka mande yon kopi tout prèv dokimantè yo te itilize pou baze konsekans disiplinè yo pwopoze a; toufwa, si yo disponib epi yo te itilize yo kòm prèv pou objektif disiplinè, yo ka sèlman gade prèv videyo yo, yo p ap ka bay yon kopi.
Etap 6:	Elèv la ak paran/responsab elèv la gen dwa pou yo mande yon konferans avèk direktè lekòl la oswa reprezantan l deziyen an aprè paran/responsab elèv la mande yon kontestasyon pou revize disiplin yo enpoze a. Yo dwe fè tout demann yo nan lespas twa (3) jou lekòl apati premye avi yon referans pou disiplin yo resevwa. Direktè lekòl la dwe ajije selon jijman l pou l ajiste repons disiplin lan.
Etap 7:	Yo dwe fè yon rankont chak fwa yo voye nenpòt elèv ki gen andikap tounen nan salklas la oswa lè yo sispann privilèj mwayen transpò yo pandan dis (10) jou kimilatif pandan yon ane lekòl. Objektif rankont lan se pou detèmine si plasman apwopriye ak si yo bezwen fè nenpòt chanjman pou yo ka jere preyokipasyon konpòtman elèv la nan yon fason ki pi efikas.
Etap 8:	Selon jijman direktè lekòl la, li ka mande siyen yon kontra ekri sou konpòtman oswa plan siveyans aprè elèv la retounen.
Etap 9:	Si paran/responsab elèv la santi yo pa te garanti pwoteksyon pwosediral yo, yo ka fè yon kontestasyon lè yo kontakte yon administratè zòn eskolè. Administratè zòn eskolè a dwe diskite ensidan ak paran/responsab elèv la, epi si l apwopriye, pwograme yon rankont ant direktè lekòl la, administratè zòn eskolè a, ak paran/responsab elèv la pou yo diskite plis sou ensidan.
Etap 10:	Administratè zòn eskolè a pral fè yon rekòmandasyon bay sipèvizè direktè lekòl la pou l swa aksepte desizyon direktè lekòl la te pran oswa modifiye desizyon an baze sou fè ak akizasyon presi yo te baze sou yo pou yo pwopoze konsekans lan. Sipèvizè direktè lekòl la gen otorite pou l pran dènnye desizyon pou kalite kontestasyon sa yo.



## SEKSYON VI: MACHASWIV YO POU MEZI DISIPLINÈ

### Machaswiv pou Enfraksyon Nivo IV pou Lekòl Elemantè ak Lekòl Segondè yo

Yo dwe garanti pwoteksyon pwosediral ki dekri anba la yo, pou yon elèv yo te akize de yon vyolasyon Kòd la, kote, nan opinyon direktè lekòl la, yo ka mande pou yo mete l deyò nan lekòl la oswa nan mwayen transpò a. Nan sitiyasyon ijans yo, yo ka modifiye pwosedi yo depi gen efò rezonab ki fèt pou ofri opòtinite ki esansyèlman parèy yo pou garanti pwoteksyon pwosediral sa yo.

**Tanpri sonje, yo dwe itilize machaswiv sa yo ansanm ak machaswiv yo preskri nan dokiman sa a ki annakò ak [Tit IX nan Modifikasyon Lwa sou Edikasyon 1972 la](#) ak fichye [JB Règleman Komisyon an, ki titre, "Opòtinite yo pou Edikasyon Egalego."](#)**

MACHASWIV YO POU NIVO IV	
Etap 1:	Direktè lekòl la oswa reprezantan l deziyen an dwe fè elèv la konnen rezon (yo) ki fè y ap konsidere mete l deyò.
Etap 2:	Yo dwe bay elèv la opòtinite pou l prezante vèsyon istwa selon pwendvi l swa vèbalman oswa alekri epi li dwe gen opòtinite pou l ofri temwen ki te la lè ensidan.
Etap 3:	Direktè lekòl/reprezantan l deziyen an dwe detèmine alekri si evidans yo apiye enfraksyon an. Nan ka sa, direktè lekòl/reprezantan l deziyen an ap detèmine repons disiplinè apwopriye a dapre Kòd la. Yo dwe fè elèv la konnen ki enfraksyon Nivo IV li fè a. Si direktè lekòl la/reprezantan l deziyen an detèmine gen ase motif pou yo mete yon elèv deyò, kidonk direktè lekòl la/reprezantan l deziyen andwe fè elèv la konnen y ap voye l tounen pandan dis (10) jou epi y ap konsidere yon rekòmandasyon pou yo mete l deyò.
Etap 4:	Direktè lekòl la dwe rapòte alekri bay paran/responsab elèv la epi bay distri a yo te voye elèv la tounen pou dis (10) jou epi y ap konsidere yon rekòmandasyon pou yo mete elèv la deyò nan lekòl la. Yo dwe voye rapò a pa lapòs oswa inisyè livrezon an nan yon delè 24 trè avan kòmansman premye dis (10) jou peryòd yo voye elèv la tounen an oswa nan pwochen jou lekòl nòmal la. Yo dwe fè tout efò rezonab pou kontakte paran/responsab elèv la avan kòmansman peryòd yo voye elèv la tounen an. Si yo pa ka jwenn paran/responsab elèv la avan kòmansman peryòd yo voye elèv la tounen an, direktè lekòl la oswa reprezantan l deziyen an ka detèmine peryòd yo voye elèv la tounen an ap kòmanse san yo pa kontakte paran/responsab elèv la avan.
Etap 5:	Elèv la ak paran/responsab elèv la gen dwa pou yo mande yon konferans avèk direktè lekòl la oswa reprezantan l deziyen an pou revize enfraksyon Nivo IV la. Yo dwe fè tout demann yo nan lespas twa (3) jou lekòl apati premye avi pou peryòd yo voye elèv la tounen an paran/responsab elèv la resevwa.
Etap 6:	Aprè ankèt disiplinè a fin fèt, paran/responsab la ka mande yon kopi tout prèv dokimantè yo te itilize pou baze sou pwopozisyon pou mete elèv la deyò; toufwa, si yo disponib epi yo te itilize yo kòm prèv pou objektif disiplinè, yo ka sèlman gade prèv videyo yo, yo p ap ka bay yon kopi.
Etap 7:	Administratè zòn eskolè a dwe konvoke yon Rankont ant Ekip Disiplin lan (DTM) san pèdi tan. Anplwaye OCPS ki prezan nan DTM lan yo dwe gen ladan administratè zòn eskolè a, direktè lekòl la oswa reprezantan l deziyen an ak lòt anplwaye apwopriye ki gen ladan men pa sèlman yon konseye, sikològ lekòl la, dwayen administratif la, oswa anplwaye Sant Tranzisyon Pakou Pozitif yo. Lekòl la pral mande tou pou paran/responsab elèv la ansanm ak elèv la patisipe nan DTM lan. Objektif DTM lan se pou: <ol style="list-style-type: none"> <li>1) Revize tout prèv dokimantè yo te baze sou yo pou pwopoze yo mete elèv la deyò a;</li> <li>2) Asire elèv la te resevwa aplikasyon lalwa an vigè a kòm sadwa pandan ankèt la;</li> <li>3) Bay elèv la ak paran/responsab li chans pou yo prezante nouvo enfòmasyon ak/oswa eksplike enplikasyon elèv la; ak</li> <li>4) Detèmine si y ap fè yon referans pou yon pwogram/lekòl altènatif oswa mete elèv la deyò.</li> </ol>
Etap 8:	Pa pi ta pase yon (1) jou lekòl avan DTM lan, paran an/responsab la/elèv la dwe fè direktè lekòl la oswa reprezantan li deziyen an konnen tout pati konsène ki pral patisipe nan DTM lan nan non elèv la. Paran/responsab/elèv la ka chwazi vini avèk moun li vle nan DTM lan. Si paran/responsab/elèv la pran konseye legal, yo dwe fè Biwo Sèvis Legal la konnen avan DTM lan lè yo rele nan (407) 317-3411.

## MACHASWIV YO POU NIVO IV

Etap 9:	<p>Si administratè zòn eskolè a te pran desizyon pou verifye Nivo IV la epi konsekans lan se mete elèv la deyò nèt, san l pa kontinye sèvis edikasyonèl yo, Siveyan a ka envoke <a href="#">Seksyon 1006.08, Lwa Florid yo</a>, epi swa pwolonje peryòd yo voye elèv la tounen an oswa administrativman mete elèv la nan yon anviwònman altènatif tanporèman pandan y ap tann desizyon final la nan men Komisyon an pou mete elèv la deyò.</p> <p>Si administratè zòn eskolè a te pran desizyon pou verifye Nivo IV la epi konsekans lan se plasman altènatif, y ap envoke <a href="#">Seksyon 1006.08, Lwa Florid yo</a>, epi y ap administrativman mete elèv la nan yon lekòl altènatif anndan Konte Orange lan. Li enpòtan pou sonje, yon fwa yo retire elèv la nan lekòl zòn li an sèl lekòl OCPS elèv la ka ale se yon lekòl administratè zòn eskolè a deziyen nan DTM lan, toutfwa, olye de sa, paran/responsab la ka chwazi enskri timoun li nan yon lekòl nan zòn li, oswa Lekòl Vityèl Florid, lekòl prive, oswa nan yon lòt konte, si sa admisib.</p>
Etap 10:	<p>Si administratè zòn eskolè a te pran desizyon pou l verifye enfraksyon Nivo IV la epi paran/responsab elèv la kwè elèv la gen dwa pou yo gen plis pwoteksyon pwosediral oswa li ta renmen konteste evidans dokimantè yo baze pou yo pwopoze mete elèv la deyò a, paran/responsab elèv la ka mande yon odyans administrativ lè yo voye avi demann sa a bay administratè zòn eskolè a oswa reprezantan li deziyen an. Yo dwe jije kòm yon abandon nenpòt kontestasyon kont pwosedi Ekip Disiplin lan te itilize pou yo pran desizyon yo an, si paran/responsab elèv la pa rive mande administratè zòn eskolè apwopriye a oswa reprezantan (t) li deziyen an yon odyans administrativ nan yon delè katòz (14) jou apre rankont Ekip Disiplin lan. Yo dwe akòde oswa refize odyans administrativ yo nan yon delè kenz (15) jou apati de dat yo te mande yo a, amwenske yo dakò pou yo bay yon pwolonjman delè alekri. Administratè zòn eskolè a ak direktè lekòl la oswa reprezantan (t) li deziyen an ka patisipe nan odyans administrativ la. Paran/responsab elèv la dwe enfòmè administratè zòn eskolè apwopriye a tout moun ki konte patisipe nan odyans administrativ la onon elèv la, pa pita pase twa (3) jou lekòl avan odyans administrativ la. Si paran/responsab la pran konseye legal, yo dwe fè Biwo Sèvis Legal la konnen avan Odyans Administrativ la lè yo rele nan (407) 317-3411.</p> <p>Si yo rekòmande pou mete elèv la deyò nèt san sèvis edikatif, se dispozisyon ki nan Seksyon <a href="#">120.569</a> ak <a href="#">120.57(2)</a>, Lwa Florid yo, y ap swiv pou odyans administrativ la.</p>
Etap 11:	<p>Ofisye Odyans Administrativ la pral swa rekòmande pou aksepte desizyon DTM lan te fè a oswa rekòmande pou anile desizyon an baze sou fè ak akizasyon espesifik yo te baze pou yo pwopoze konsekans lan. Direktè lekòl la oswa reprezantan deziyen li an ansanm paran/responsab elèv la, toude gen dwa, men yo pa gen obligasyon, pou yo soumèt yon òdonans rekòmande bay Ofisye Odyans Administrativ ki gen ladan konklizyon fè yo pwopoze yo ak konklizyon lalwa. Ofisye Odyans Administrativ la kapab, selon jijman l, itilize yon òdonans pwopoze swa direktè lekòl la/reprezantan deziyen li an oswa paran/responsab elèv la te soumèt; a kondisyon, toutfwa Ofisye Odyans Administrativ la ka rejte toude òdonans yo pwopoze yo epi emèt pwòp òdonans pa li.</p>
Etap 12:	<p>Si Ofisye Odyans Administrativ la rekòmande pou yo aksepte enfraksyon Nivo IV la, elèv la/paran/responsab elèv la ka mande yon rankont avèk sipèvizè direktè lekòl la pou yo diskite sou rekòmandasyon administratè zòn eskolè a ak Ofisye Odyans Administrativ la te fè a. Sipèvizè direktè lekòl la pral revize evidans dokimantè ak pwoteksyon pwosediral yo epi l ap ofri yon rekòmandasyon bay siveyan lekòl la pou l revize. Kidonk, apres a siveyan lekòl la dwe revize rekòmandasyon sipèvizè direktè lekòl la te fè a epi li dwe gen otorite pou l rekòmande Komisyon an pou yo mete elèv la deyò oswa pou yo pran nenpòt lòt aksyon li jije ki apwopriye. Siveyan lekòl la dwe fè paran/responsab elèv la ak direktè lekòl la oswa reprezantan li deziyen an konnen sa avan rankont Komisyon an kote Komisyon an pral konsidere rekòmandasyon li an.</p>
Etap 13:	<p>Paran/responsab elèv la gen dwa pou yo prezante yo devan Komisyon an. Yo pa ka prezante bay Komisyon an, evidans faktyèl yo pa te prezante nan fason apwopriye, swa nan DTM lan oswa nan Odyans Administrativ la. Paran/responsab/elèv la, yo la sèlman pou yo konteste si fè yo jwenn nan DTM lan yo ka lakoz yo konsekans lan nan fason apwopriye dapre Kòd la.</p> <p><b>Komisyon</b> Eskolè a ka rejte konklizyon fè yo ofisye odyans lan te jwenn lan sèlman si l detèmine pa gen prèv sibstansyèl konpetan pou soutni konklizyon fè yo. Komisyon Eskolè a ka rejte konklizyon lalwa sèlman si l detèmine yo te mal entèprete oswa yo pa te aplike Règleman JIC OCPS/Kòd Konduit Elèv la kòrèkteman. Komisyon Eskolè a ka redui oswa ogmante sanksyon an sèlman apre l egzamine dosye konplè a epi li dwe deklare rezon presi yo ki fè l pran desizyon sa a avèk sitasyon ki soti nan dosye a pou jistifye aksyon an.</p>
Etap 14:	<p><b>Pou</b> eksklizyon ak modifikasyon konplè yo ki fèt nan lòt kesyon disiplin Nivo IV la yo ki prezante devan Komisyon Eskolè a, Komisyon Eskolè a pral egzekite yon Dènye Lòd k ap komemore konsekans disiplin lan.</p>

## SEKSYON VI: MACHASWIV YO POU MEZI DISIPLINÈ

### Machaswiv pou Elèv Ki Komèt Zak Move Konpòtman Grav ki Elijib pou Sèvis dapre Lwa sou Edikasyon Moun ki gen Andikap yo (IDEA) (Voye Elèv la Tounen/Retire elèv la nan lekòl la)

Yo ka voye elèv ki komèt zak move konpòtman grav yo ki elijib pou sèvis dapre [Lwa sou Edikasyon Moun ki gen Andikap yo](#) (Elèv ki gen andikap yo) tounen lekòl pandan jiska dis (10) jou, kimilatif oswa kolektif, lè move konpòtman satisfè definisyon yon enfraksyon Nivo III oswa Nivo IV jan Kòd la preskri a. Y ap retire elèv la kèlkeswa si wi ou non konpòtman ki lakoz enfraksyon an gen rapò ak andikap elèv la. Distri lekòl la gen dwa pou yo jwenn soulajman nan men yon Jij Dwa Administratif (ALJ) pou pèmèt yo retire yon elèv ki gen konpòtman danjre.

Yo ka retire elèv ki gen andikap yo akoutèm oswa alontèm depandaman de gravite enfraksyon disiplinè Kòd la. Gid jeneral pou yon lekòl swiv sèke yo ka voye yon elèv andikap tounen oswa retire l nan lekòl la pandan jiska 10 jou lekòl pandan yon ane lekòl san yo pa ba l sèvis yo idantifye nan Plan Edikatif Endividyèl la (IEP). Li pa obligatwa pou gen detèminasyon manifestasyon an pazavan yo voye elèv la tounen oswa retire l nan lekòl la nan pifò sikonstans yo pandan dis (10) jou, kimilatif oswa kolektif. Toutfwa, ekip IEP a dwe revize move konpòtman yon elèv pi bonè posib pou yo detèmine bezwen adisyonèl pou sipò ak/oswa sèvis konpòtmantal yo. Rankont Ekip Disiplin lan dwe fèt an konjonksyon ak rankont manifestasyon an si konpòtman an ka yon enfraksyon Nivo IV.

Kèlkeswa gravite move konpòtman an, OCPS pa dwe sispann sèvis edikatif pou yon elèv andikape apre yo te voye elèv la tounen/retire l nan lekòl la pandan plis pase dis (10) jou lekòl, ototal, nan yon ane lekòl.

**Tanpri sonje, yo dwe itilize machaswiv sa yo ansanm ak machaswiv yo preskri nan dokiman sa a ki annakò ak [Tit IX nan Lwa sou Edikasyon 1972 la](#) ak fichye [JB Règleman Komisyon an](#), ki titre, "Opòtinite yo pou Edikasyon Egalego."**

MACHASWIV YO POU IDEA	
Etap 1:	Direktè lekòl la oswa reprezantan li deziyen an dwe di elèv la rezon (yo) ki fè y ap konsidere voye l tounen/retire l lekòl la.
Etap 2:	Yo dwe bay elèv la opòtinite pou l prezante vèsyon istwa selon pwendvi l swa vèbalman oswa alekri epi li dwe gen opòtinite pou l prezante temwen ki te la lè ensidan.
Etap 3:	Direktè lekòl la oswa reprezantan li deziyen an dwe detèmine si wi ou non elèv la koupab de move konpòtman, alekri nan yon delè apwopriye. Si direktè lekòl la oswa reprezantan li deziyen an detèmine elèv la te komèt yon enfraksyon Nivo IV, anplwaye lekòl la dwe konvoke yon rankont Ekip Disiplin IEP ak yon rankont pou detèminasyon manifestasyon an. Yo ta dwe enfòmè paran yo de toude rankont yo. Nan kèk ka, li apwopriye pou yo konvonke yon rankont Ekip Disiplin IEP a pou yon enfraksyon Nivo III ak/oswa fè yon detèminasyon manifestasyon. Pwosedri yo dwe swiv pou rankont Ekip Disiplin IEP a se pwosedri ki nan Manyèl Machaswiv pou Anplwaye Ansèyman Elèv Eksepsyonèl yo (ESE).
Etap 4:	Lè yo retire yon elèv pandan dis (10) jou, kimilatif oswa kolektif, Ekip IEP a dwe rankontre pou l elabore ak/oswa revize Evalyasyon Konpòtman Fonksyonèl (FBA) ak Plan Entèvansyon pou Konpòtman (BIP) elèv la. [Konsilte Machaswiv pou Disiplin yo nan Manyèl Machaswiv pou Anplwaye yo.] Ekip IEP a dwe gen ladan paran (jan yo defini nan IDEA), elèv la (si sa apwopriye), pa plis pase yon pwofesè ansèyman jeneral, pa plis pase yon pwofesè ansèyman espesyal, yon reprezantan distri a ki kalifye pou bay oswa sipèvize prestasyon ansèyman espesyalize ki fèt la (souvan espesyalis nan dotasyon an), ak yon moun ki ka entèprete enplikasyon rezilta evalyasyon yo pou ansèyman (li ka yon moun ki deja pami lis yo site nan seksyon sa a). Ekip IEP a ka gen ladan tou, moun tankou yon envite paran an, direktè lekòl la oswa administratè li deziyen an, konseye, sikològ, travayè sosyal, òtofonis (terapet langaj), yon administratè zòn eskolè a, ak/oswa moun espesyalize ki byen konnen elèv la. Yo ka envite anplwaye lòt lekòl oswa kominote aprantisaj/anplwaye distri yo si sa apwopriye. Yo dwe bay pwoteksyon pwosediral yo nan rankont lan epi paran dwe resevwa yon kopi.  Nenpòt elèv yo te retire nan lekòl la pandan plis pase dis (10) jou lekòl dwe resevwa sèvis apwopriye yo annakò ak IEP elèv la; toutfwa, fason yo bay sèvis yo ka varye baze sou plasman disiplin elèv la.

## MACHASWIV YO POU IDEA

Etap 5:	<p>Ekip IEP a pral detèmine si wi ou non enfraksyon an gen rapò ak andikap elèv la, pa egzanzp, detèminasyon manifestasyon an, dapre lwa ak règleman federal yo ki nan Lwa sou Edikasyon Moun ki gen Andikap yo (IDEA), ansanm ak Lwa Florid yo ak Règ Edikativ Kominsyon Eskolè Eta a. Yo dwe fè detèminasyon manifestasyon an nan yon delè 10 jou apati dat nenpòt desizyon yo te pran sou chanjman plasman yon elèv ki gen andikap akòz vyolasyon Kòd la.</p> <p>Si ekip IEP a detèmine konduit timoun lan te yon rezilta dirèk echèk distri lekòl la paske yo pa te aplike IEP a, yo dwe pran mezi imedyata pou yo remède mank sa yo. <a href="#">34 CFR 300.530(e)(3)</a>.</p>
Etap 6:	<p>Ekip IEP a pral detèmine altènatif apwopriye pou pèmèt elèv la kontinye resevwa Ansèyman Piblik Apwopriye Gratis (FAPE) ak sèvis yo pandan peryòd yo retire l nan lekòl la. Altènatif sa yo ka gen ladan, men pa sèlman:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Modifikasyon IEP a ki gen ladan BIP nan plasman aktyèl la</li> <li>• Transfè al nan yon plasman ki pi restren pou yon peryòd tan yo deziyen</li> <li>• Redui oswa modifiye jounen lekòl la (Akedemi Apre Lekòl, Lekòl Lè Samdi, elatriye.)</li> <li>• Pwogram voye elèv la tounen (men yo kontinye patisipe nan enstriksyon lekòl yo apa)</li> <li>• Konsèy endividyèl/an gwoup avèk anplwaye lekòl la</li> <li>• Ansèyman Vityèl</li> <li>• Plasman nan Home Instruction oswa Taledass</li> <li>• Plasman nan lekòl espesyal</li> <li>• Lòt opsyon oswa kèk melanj ant opsyon ki anwo a yo</li> </ul>
Etap 7:	<p>OCPS ka imedyatman retire yon elèv nan plasman aktyèl li ye a pou mete l nan yon Anviwònman Edikasyon Altènatif Pwovizwa (IAES) pandan yon peryòd ki p ap dire plis pase karant senk (45) jou lekòl pou vyolasyon Kòd la pou kèk dwòg, zam, ak si yo ta fizikman blese yon lòt moun pandan yo te lekòl la, oswa nan pwopriyete lekòl la, oswa nan yon fonksyon ki anndan jiridiksyon OCPS kèlkeswa yon detèminasyon si konpòtman te yon manifestasyon andikap elèv la.</p>
Etap 8:	<p>Anplwaye espesyalis la dwe fè paran/responsab elèv la konnen:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Dwa elèv andikape yo genyen pou gen yon pwosedi jan lalwa preskri si yo ta pa dakò ak rekòmandasyon Ekip IEP a fè yo.</li> <li>2. Dwa pou yo mande yon odyans sou pwosedi jan lalwa preskri a devan yon Jij Lwa Administrativ (ALJ) si paran/responsab elèv la kwè yo te vyole pwoteksyon pwosediral elèv la.</li> <li>3. Dwa pou distri lekòl la mande yon odyans sou pwosedi jan lalwa preskri a pou yon elèv ki montre konpòtman danjre oswa pou l depoze yon petition nan tribinal pou yo fè yon chanjman nan plasman.</li> <li>4. Dwa chak pati konsène genyen pou yo mande yon odyans sou pwosedi jan lalwa preskri akselere pou konteste yon desizyon disiplinè oswa yon detèminasyon manifestasyon. Rete sou plas pandan dire pwosè a dwe konfòmman ak desizyon Ekip Disiplin IEP a.</li> </ol>

### Eksplikasyon sou Kèk Pwen

1. Timoun yo poko idantifye kòm elèv ESE yo ka revandike pwoteksyon ki nan pwosedi sa yo si OCPS te konnen oswa ta dwe konnen timoun lan gen yon andikap. Yo dwe mande pou paran bay konsantman pou yo fè evalyasyon pandan rankont sa yo, si yon evalyasyon pa te deja ankou, pandan pwosesis disiplinè yo.
2. Lè konpòtman pa yon manifestasyon yon andikap, yo dwe disipline elèv la dapre direktiv edikasyon regilye yo. Toutfwa, sèvis edikatif yo dwe kontinye.
3. Yo ka retire elèv ki gen pwoblèm konpòtman yo pou mete yo nan yon lòt plasman atravè pwosesis IEP a.
4. Sispann privilèj bis yo ak retire elèv la nan lekòl pou yon mwaye jounen ka konte kòm si yo te retire elèv la nan lekòl la/voye elèv la tounen.

## SEKSYON VI: MACHASWIV YO POU MEZI DISIPLINÈ

### Machaswiv pou Elèv Ki Komèt Zak Move Konpòtman Grav ki Elijib Daprè Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon 1973 la (Seksyon 504) ak Lwa An Favè Ameriken ki gen Andikap yo (ADA) (Voye elèv la tounen/Retire elèv la nan lekòl la)

Yo ka retire elèv ki elijib dapre [Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon 1973 la](#) (Seksyon 504) ak [Lwa An Favè Ameriken ki gen Andikap yo \(ADA\)](#) lekòl, akoutèm oswa alontèm depandaman de gravite enfraksyon disiplinè Kòd Konduit Elèv la. Gid jeneral yon lekòl dwe swiv sèke yo ka voye yon elèv ki elijib dapre Seksyon 504 la tounen/retire l nan lekòl la pandan jiska dis (10) jou lekòl pandan yon ane lekòl san yo pa ba l sèvis yo idantifye nan Plan Mezi Adaptasyon Endividyèl (IEP) Seksyon 504 la. Li pa obligatwa pou gen detèminasyon manifestasyon an pazavan yo voye elèv la tounen oswa retire l nan lekòl la pandan dis (10) jou, kimilatif oswa kolektif.

Yo ka rekòmande pou mete yon elèv ki gen yon Plan Mezi Adaptasyon Endividyèl Seksyon 504 deyò jan yo preski pou tout elèv yo lè konpòtman, jan ekip Seksyon 504 la detèmine, pa yon manifestasyon andikap elèv la genyen.

OCPS pa oblije òganize yon rankont sou detèminasyon manifestasyon pou enfraksyon itilizasyon dwòg ilegal oswa alkòl yon elèv ki elijib dapre Seksyon 504 la komèt. Yo ka disipline elèv la nan menm fason yo t ap disipline elèv ki pa andikape yo pou enfraksyon itilizasyon dwòg ilegal oswa alkòl epi l ap resevwa menm pwosesis jan lalwa preski a ak lòt elèv yo.

**Tanpri sonje, yo dwe itilize machaswiv sa yo ansanm ak machaswiv yo preskri nan dokiman sa a ki annakò ak [Tit IX nan Lwa sou Edikasyon 1972 la](#) ak fichye [JB Règleman Komisyon an, ki titre, "Opòtinite yo pou Edikasyon Egalego."](#)**

<b>MACHASWIV YO POU 504 AK ADA</b>	
Etap 1:	Direktè lekòl la oswa reprezantan li deziyen an dwe di elèv la rezon (yo) ki fè y ap konsidere voye l tounen/retire l lekòl la.
Etap 2:	Yo dwe bay elèv la opòtinite pou l prezante vèsyon istwa selon pwendvi l swa vèbalman oswa alekri epi li dwe gen opòtinite pou l prezante temwen ki te la lè ensidan.
Etap 3:	Direktè lekòl la oswa reprezantan li deziyen an dwe detèmine si wi ou non elèv la koupab de move konpòtman, alekri nan yon delè apwopriye. Si direktè lekòl la oswa reprezantan li deziyen an detèmine elèv la te komèt yon enfraksyon Nivo IV, ki pral lakoz yo voye elèv la tounen pou 10 jou, kimilatif oswa kolektif, anplwaye lekòl la dwe konvoke yon rankont Ekip Disiplin Seksyon 504 ak yon rankont pou detèminasyon manifestasyon an. Yo dwe swiv pwosedi pou rankont Ekip Disiplin Seksyon 504 yo ki sitiye sou sitwèb Seksyon 504 OCPS la.
Etap 4:	Yon fwa yo te retire yon timoun nan lekòl pou dis (10) jou, Ekip Seksyon 504 la dwe konvoke yon rankont pou yo revize konduit elèv la. Ekip Seksyon 504 la dwe gen ladan anplwaye yo otorize pou pran desizyon plasman pou elèv ki gen andikap yo, ki bezwen mezi adaptasyon yo fèt annakò ak Seksyon 504 la. Ekip Seksyon 504 la ka gen ladan, anplis de paran/responsab la ak elèv la, si sa apwopriye, moun tankou yon envite paran an, direktè lekòl la oswa administratè li deziyen, reprezantan Seksyon 504 lekòl la, konseye, pwofesè ansèyman jeneral, sikològ, travayè sosyal, òtòfonis (terapet langaj), yon administratè zòn eskolè ak/oswa moun espesyalize ki byen konnen elèv la. Yo ka envite anplwaye lòt lekòl oswa kominote aprantisaj/anplwaye distri yo si sa apwopriye. Yo dwe bay Pwoteksyon Pwosediral yo nan rankont lan epi paran/responsab la dwe resevwa yon kopi.
Etap 5:	<p>Ekip Seksyon 504 la pral detèmine si wi ou non enfraksyon an gen rapò ak andikap elèv la, pa egzanp, detèminasyon manifestasyon an. SONJE: Si yo te refere yon elèv ki gen yon Plan Seksyon 504 aktif pou li pran Tès ESE a, ekip manifestasyon an dwe trete elèv la kòm yon elèv ESE epi yo dwe swiv <a href="#">Machaswiv pou Elèv ki Komèt Zak Move Konpòtman Grav yo pou Sèvis Dapre Lwa sou Edikasyon Moun ki Gen Andikap yo (IDEA) (Voye Elèv la Tounen/Retire Elèv la nan Lekòl la)</a>.</p> <p>Si Ekip Seksyon 504 la detèmine konpòtman elèv la pa yon manifestasyon yon andikap, yo dwe disipline elèv la nan menm fason yo disipline kamarad li yo ki pa andikape yo, ki ka gen ladan mete elèv la deyò nèt nan lekòl la san yo pa kontinye sèvis edikasyon yo.</p> <p>Si yo detèmine konpòtman elèv la se yon manifestasyon andikap elèv la, lwa federal la pa pèmèt yon distri lekòl sispann tout sèvis edikatif yo. Yo ka retire elèv la nan lekòl la men y ap ba l sèvis (menm jan ak elèv ki elijib pou sèvis dapre Lwa sou Edikasyon Moun ki gen Andikap yo). Ekip Seksyon 504 la dwe revize Plan Seksyon 504 la epi fè chanjman yo avèk entansyon pou yo redui konpòtman inapwopriye yo, lè sa apwopriye.</p>

## SEKSYON VI: MACHASWIV YO POU MEZI DISIPLINÈ

### Machaswiv pou Tit IX nan Modifikasyon Lwa sou Edikasyon 1972 la

Yo dwe swiv machaswiv ki annapre yo pou yon elèv yo akize pou asèlman seksyèl annakò ak definisyon [Tit IX nan Modifikasyon Lwa sou Edikasyon 1972 la \(Tit IX\)](#) ak fichye [JB Règleman Komisyon an, ki titre, "Opòtinite yo pou Edikasyon Egalego"](#). Nan sitiyaasyon ijans yo, yo ka modifiye machaswiv yo depi gen efò rezonab ki fèt pou ofri opòtinite ki esansyèlman parèy yo pou garanti pwoteksyon pwosediral yo.

Yo dwe swiv machaswiv sa yo pou reklamasyon kont asèlman seksyèl yo si yo satisfè definisyon dapre Tit IX la ak/oswa fichye JB Règleman Komisyon an avan yon repondan peye nenpòt konsekans disiplinè, sof si li nesèsè pou yo retire repondan an ijans akòz danje imedyà pou sante fizik oswa sekirite lòt moun yo. Definisyon "asèlman seksyèl" jan yo dekri nan Tit IX ak fichye JB Règleman Komisyon an gen ladan: (1) yon anplwaye OCPS ki mete kondisyon pou l bay yon èd, avantaj, oswa sèvis lekòl la sou patisipasyon yon moun nan yon konduit seksyèl endezirab; (2) konduit endezirab yon moun rezonab detèmine ki tèlman grav, jeneralize, ak objektivman blesan l efektivman refize bay yon moun aksè egalego nan pwogram oswa aktivite edikasyonèl lekòl la; oswa (3) agresyon seksyèl jan yo defini nan 20 U.S.C. 1092(f)(6)(A)(v), "vyolans frekantasyon" jan yo defini nan 34 U.S.C. 12291(a)(10), "vyolans domestik" jan yo defini na 34 U.S.C. 12291(a)(8), oswa "swiv nan fason obsesiv" jan yo defini nan 34 U.S.C. 12291(a)(30).

Kòmansman pwosedi sa yo pa entèdi lekòl la mete mezi sipò sou pye, ki fèt pou pwoteje sekirite tout pati konsène yo ak/oswa anviwònman edikasyonèl la.

Yo dwe fè ankèt sou disiplin elèv la jan yo dekri an detay nan Kòd sa a **apre** yo fin swiv pwosedi Tit IX sa yo. Pa gen anyen nan seksyon sa a ki entèdi lekòl la reyalize konsekans disiplinè si yo jwenn repondan te komèt yon enfraksyon Kòd la nan kad ankèt disiplinè a, kèlkeswa si yo te rejte plent Tit IX la.

Pou referans, jan yo itilize nan seksyon sa a, "plenyan" an se moun ki se viktim prezime a epi "repondan" an se moun yo te di nan rapò a ki te fè zak move konpòtman.

MACHASWIV YO POU TIT IX:	
Etap 1:	Yon lekòl dwe swiv machaswiv sa yo <b>nan yon delè vennkat (24) èdtan oswa pa plis pase de (2) jou lekòl</b> lè lekòl la vin konnen nan lè aktyèl gen asèlman seksyèl k ap fèt nan yon pwogram oswa aktivite edikasyonèl OCPS. Pwogram oswa aktivite edikasyonèl gen ladan lokalite, evènman, oswa sikonsans kote OCPS egzèsè kontwòl konsiderab sou ni repondan ni kontèks kote asèlman seksyèl la te rive a. Nenpòt moun ki konnen gen ensidan asèlman seksyèl k ap fèt ka fè yon rapò.  Si lekòl la kwè akizasyon asèlman seksyèl la konstitiye yon krim, yo dwe rapòte ensidan touswit bay direktè resous lekòl la oswa ajans fòs lapolis apwopriye a. Si akizasyon asèlman seksyèl la ka konstitiye abi timoun, yo dwe rapòte ensidan touswit bay Depatman Timoun ak Fanmi Florid la (DCF). Si akizasyon asèlman seksyèl la se kont yon anplwaye OCPS, Kowòdonatè Tit IX la oswa administratè lekòl la dwe fè biwo Nòm Pwofesyonèl OCPS la konnen touswit.
Etap 2:	Kowòdonatè Tit IX ki nan lekòl la dwe fè plenyan konnen san pèdi tan mezi sipò ki disponib yo epi eksplike l pwosesis a swiv pou l pote yon plent fòmèl. Si gen danje imedyà pou sante fizik oswa sekirite lòt moun yo, lè sa a yo dwe retire repondan an nan lekòl la dapre dispozisyon pou retire elèv nan ka ijans ki nan Tit IX la ak/oswa fichye JB Règleman Komisyon an.
Etap 3:	Plenyan an oswa paran/responsab la dwe ranpli yon plent fòmèl alekri voye bay lekòl la kote yo akize yon repondan an de asèlman seksyèl epi mande pou yo fè yon ankèt sou akizasyon an <b>nan yon delè dis (10) jou lekòl</b> apati dat move konpòtman yo akize a te rive. Kowòdonatè Tit IX lekòl la ka ranpli yon plent fòmèl alekri tou nan non plenyan si yo pa te resevwa yon plent ekri nan men plenyan oswa nan men paran/responsab la. Nan moman y ap ranpli plent lan, plenyan an dwe ap patisipe nan oswa ap eseye patisipe nan pwogram oswa aktivite edikasyonèl lekòl kote l ap depoze plent lan pou lekòl la ka fè ankèt sou li dapre Tit IX ak fichye JB règleman Komisyon an; toufwa, dispozisyon sa a pa entèdi lekòl la kontinye fè yon ankèt disiplinè.

## MACHASWIV YO POU TIT IX:

Etap 4:	<p>Si yo depoze yon plent fòmèl, lekòl dwe detèmine touswit si: (1) akizasyon an satisfè definisyon asèlman seksyèl dapre Tit IX ak/oswa fichye JB règleman Komisyon an; (2) konduit la te rive nan yon pwogram oswa aktivite edikasyonèl OCPS; epi (3) akizasyon an se kont yon moun ki Ozetazini. Si akizasyon an satisfè kritè ki anwo a yo, lekòl la dwe kontinye swiv machaswiv ki annapre yo jan yo dekri nan dokiman sa a ak jan fichye JB Règleman Komisyon an preskri a. Si akizasyon an pa satisfè kritè ki anwo a yo, lekòl la dwe rejte plent fòmèl la epi mennen yon ankèt disiplinè jan yo dekri nan Kòd la. Yo dwe fè plenyan konnen yo rejte plent li an <b>nan yon delè vennkat (24) èdtan oswa pa plis pase de (2) jou lekòl</b>.</p> <p>Plenyan an ka mande pou yo konteste desizyon lekòl la pran pou l rejte plent fòmèl la jan yo dekri nan Tit IX ak fichye JB Règleman Komisyon an. Yo dwe bay direktè lekòl la demann pou kontestasyon an <b>nan yon delè de (2) jou lekòl</b> apre yo resevwa avi yo te rejte plent lan. Si yo pa mande yon konstestasyon <b>nan yon delè de (2) jou lekòl</b>, y ap konsidere yo renonse a kontestasyon an.</p>
Etap 5:	<p>Si yo pa rejte plent lan, kidonk lekòl la dwe bay repondan ak plenyan ak paran/responsab li yon avi ekri sou akizasyon yo fè kont repondan apre yo resevwa plent kont asèlman seksyèl la <b>nan yon delè de (2) jou lekòl</b>. Repondan ak plenyan an ka chwazi gen yon konseye selon chwa yo pou ede yo pandan pwosesis Tit IX la. Konseye a ka yon avoka, men li pa oblije yon avoka.</p>
Etap 6:	<p>Yo dwe bay repondan chans pou l prepare yon repons konsènan plent lan epi pou l bay repons sa a pandan premye entèvyou a. Repondan an dwe gen <b>pa plis pase de (2) jou lekòl</b> apati dat avi ekri a pou l prepare yon repons epi fè premye entèvyou a; kantite tan pou l bay repons lan ak fè premye entèvyou a <b>pa dwe depase senk (5) jou lekòl</b>. Yo ka modifye tan sa a pou bòn koz jan yo dekri nan Tit IX la oswa fichye JB Règleman Komisyon an.</p>
Etap 7:	<p>Kowòdonatè/Anketè Tit IX la dwe mennen yon ankèt Tit IX sou akizasyon asèlman seksyèl la. Yo pral bay toude, ni repondan ni plenyan opòtinite egalego pou yo: prezante temwen; prezante prèv; ak analize ak revize tout prèv ki gen rapò ak ankèt la yo lè ankèt la fini. Ankèt la dwe fin fèt epi yo dwe bay repondan ak plenyan prèv yo <b>nan yon delè senk (5) jou lekòl</b> apati dat premye entèvyou yo te fè ak plenyan ak repondan, kèlkeswa sa ki te fèt pita.</p>
Etap 8:	<p>Apre yo fin bay prèv yo, yo pral bay repondan ak plenyan <b>dis (10) jou lekòl</b> pou yo revize ak soumèt yon repons ekri pou prèv la pou Kowòdonatè/Anketè Tit IX la konsidere repons yo a avan Kowòdonatè/ankètè Tit IX la fin fè rapò sou ankèt li a. Si yo pa resevwa yon repons <b>nan yon delè dis (10) jou</b>, Kowòdonatè/Anketè Tit IX la pral konsidere lefèt pa gen repons lan kòm yon renonsyasyon epi l ap kontinye fè rapò sou ankèt li a.</p>
Etap 9:	<p>Apre l fin revize prèv ak repons yo, Kowòdonatè/Anketè Tit IX la dwe kreye yon rapò sou ankèt la pou rezime konklizyon l jwenn yo. Y ap bay repondan ak plenyan rapò sou ankèt la pou yo revize l. Repondan ak plenyan, toude pral gen <b>pa plis pase (2) jou lekòl</b> pou yo bay Kowòdonatè/ankètè Tit IX la kesyon pètinan ekri yo vle poze tout pati oswa temwen konsène. Pati oswa temwen konsène a gen <b>pa plis pase de (2) jou lekòl</b> pou l reponn a kesyon yo. Kowòdonatè/Anketè Tit IX la ap bay plenyan ak repondan repons yo. Apresa, repondan ak plenyan an pral gen <b>pa plis pase de (2) jou lekòl</b> pou yo bay pa plis pase senk (5) kesyon pètinan ekri kòm swivi. Pati oswa temwen konsène a gen <b>pa plis pase de (2) jou lekòl</b> pou l reponn a kesyon swivi yo. Repondan ak plenyan pral gen <b>dis (10) jou apati dat yo te resevwa</b> rapò sou ankèt la pou yo bay yon repons ekri a rapò sou ankèt la.</p>
Etap 10:	<p>Y ap bay Direktè lekòl/Moun k ap pran desizyon an rapò sou ankèt la ak repons ekri yo. Si yo pa resevwa yon repons <b>nan yon delè dis (10) jou</b>, Direktè lekòl/Moun k ap pran desizyon an pral konsidere lefèt pa gen repons lan kòm yon renonsyasyon epi l ap kontinye responsablite detèminasyon li.</p>
Etap 11:	<p>Direktè lekòl/Moun k ap pran desizyon an dwe voye yon detèminasyon ekri konsènan responsablite repondan ak bay repondan ak plenyan <b>nan yon delè twa (3) jou lekòl</b>. Direktè lekòl/Moun k ap pran desizyon an dwe aplike preponderans nòm prèv la lè l ap fè detèminasyon li an. Kowòdonatè Tit IX lekòl la pral responsab pou l aplike tout solisyon yo deklare nan detèminasyon ekri a. Detèminasyon responsablite a pral vin final <b>apre de (2) jou lekòl</b> si pa yo pa mande pou konteste detèminasyon an.</p>

## MACHASWIV YO POU TIT IX:

Etap 12:	<p>Si swa repondan oswa plenyan pa dakò ak detèminasyon Direktè lekòl/Moun k ap pran desizyon a, nenpòt nan pati konsène yo ka konteste desizyon an alekri oprè Direktè lekòl/Moun k ap pran desizyon a. Yo dwe mande yon kontestasyon <b>nan yon delè de (2) jou lekòl</b> apre yo bay detèminasyon responsablite a. Y ap akòde yon kontestasyon si: (1) kesyon pwosedi yo te afekte rezilta a; (2) gen nouvo prèv ki vin disponib ki ka afekte rezilta; oswa (3) te gen yon konfli denterè oswa patipri Kowòdonatè/Anketè Tit IX la oswa Direktè Lekòl/Moun k ap pran desizyon an kont repondan oswa plenyan. Repondan ak plenyan an dwe gen <b>twa (3) jou lekòl pou yo soumèt</b> yon deklarasyon ekri pou konteste oswa sipòte detèminasyon responsablite Direktè Lekòl/Moun k ap pran desizyon an te emèt lan. Si yo pa resevwa yon deklarasyon <b>nan yon delè twa (3) jou lekòl</b>, moun k ap pran desizyon sou kontestasyon an pral konsidere lefèt pa gen repons lan kòm yon renonsyasyon epi l ap kontinye pran desizyon l konsènan kontestasyon an. Moun k ap pran desizyon sou kontestasyon an pral revize deklarasyon yo, si yo disponib, rapò sou ankèt la, ak detèminasyon responsablite a avan li soumèt desizyon ekri a bay repondan ak plenyan an. Yo dwe bay plenyan ak repondan an, ak paran/responsab li detèminasyon kontestasyon ekri k ap dekri rezilta ak rezon ki fè yo pran desizyon an anmenmtan <b>nan yon delè senk (5) jou lekòl</b>. Desizyon moun k ap pran desizyon sou kontestasyon an pran pral vin final apre yo emèt li.</p>
----------	--

### Direktiv Anplis

1. Okenn benefisyè oswa lòt moun pa ka entimide, menase, fòse, oswa diskrimine kont nenpòt moun nan objektif pou entèfere ak nenpòt dwa ak privilèj Tit IX garanti, oswa paske moun lan te fè yon rapò oswa pote plent, temwaye, ede, oswa patisipe oswa refize patisipe nan nenpòt fason nan yon ankèt, pwosedi, oswa odyans.
2. Entimidasyon, menas, fòse pa mwayen entimidasyon, oswa diskriminasyon, ki gen ladan akizasyon kont yon moun pou vyolasyon Kòd Konduit Elèv la ki pa enplike diskriminasyon seksyèl oswa asèlman seksyèl, men ki soti nan menm fè oswa sikonstans ak yon rapò oswa plent kont diskriminasyon seksyèl, oswa yon rapò oswa plent fòmèl kont asèlman seksyèl, nan objektif pou entèfere ak nenpòt dwa oswa privilèj Tit IX oswa pati sa a garanti, konstitiye reprezay.
3. Li obligatwa pou lekòl la kenbe idantite moun ki annapre yo konfidansyèl: nenpòt moun ki fè yon rapò oswa pote yon plent kont diskriminasyon seksyèl; nenpòt moun ki fè yon rapò oswa ranpli yon plent fòmèl kont asèlman seksyèl; nenpòt plent; nenpòt repondan; nenpòt moun yo te rapòte ki te fè zak diskriminasyon seksyèl la; ak nenpòt temwen. Yo ka otorize kominike non moun yo site avan yo dapre FERPA a oswa jan lalwa preskri.
4. Yon vyolasyon Kòd Konduit Elèv la paske yo fè deklarasyon ki materyèlman fos nan movèz fwa pandan pwosesis doleyans lan pa konstitiye reprezay. Yon detèminasyon konsènan responsablite pou kont li pa ase pou konkli nenpòt pati te fè yon deklarasyon ki materyèlman fos nan movèz fwa.



## SEKSYON VI: MACHASWIV YO POU MEZI DISIPLINÈ

### Machaswiv yo pou Voye Elèv Tounen Akoz Krim

[Seksyon 1006.09\(2\), Lwa Florid yo](#), pèmèt direktè lekòl la voye yon elèv ki enskri nan lekòl la tounen paske yon pwokirè te fòmèlman akize l pou yon krim oswa enfraksyon parèy li epi ensidan yo te akize l pou li a te rive andeyò pwopriyete Komisyon an, epi nan sikonstans kote elèv la pa t ap deja dwe respekte règ ak règleman OCPS yo, epi ensidan ta gen yon efè negatif sou pwogram edikatif la, sou disiplin oswa sou byennèt nan lekòl kote elèv la enskri a.

MACHASWIV YO POU VOYE ELÈV TOUNEN AKOZ KRIM	
Etap 1:	Detèmine yo te fòmèlman akize elèv la pou yon krim (oswa yo te akize l pou yon krim nan tribinal jivenil, kote si elèv la te yon adilt, yo t ap klase l kòm yon krim) lè yo enfòmè yon administratè zòn eskolè ki pral kontakte biwo Pwokirè Eta pou l konfime.
Etap 2:	Si elèv la eseye retounen lekòl, direktè lekòl la dwe deside si retou elèv la pral gen yon efè negatif sou lekòl la. Direktè lekòl la dwe konsidere posiblite danje pou elèv yo akize a oswa pou lòt moun akoz prezans elèv yo akize a nan lekòl la. Yo dwe voye yon elèv tounen akoz yon akizasyon krim sèlman lè direktè lekòl la idantifye epi dokimante yon efè negatif presi sou lòt elèv yo oswa sou elèv yo akize a. Lè y ap detèmine "efè negatif la", direktè lekòl la dwe konsidere nati enfraksyon yo akize elèv la (pa egzanp yon elèv yo akize de vyòl, vòl, asasina, elatriye). Direktè lekòl la dwe konsidere tou pibliste pou enfraksyon an oswa nenpòt lòt sikonstans ki ka ogmante posiblite prezans elèv la pral poze yon menas pou elèv yo ak anplwaye yo epi kreye gwo dezòd nan lekòl la. Direktè lekòl la dwe konsidere tou prezans kontinyèl elèv la pral poze yon menas pou elèv yo akize de krim lan.
Etap 3:	Direktè lekòl la dwe kontakte administratè zòn eskolè a pou l pwograme odyans lan nan yon delè dis (10) jou lekòl apre yo te resevwa avi sou akizasyon krim kont elèv la. Direktè lekòl la/reprezantan l deziyan an ak administratè zòn eskolè a ap òganize yon odyans nan chak pwosedi pou voye yon elèv tounen akoz yon krim. Li pa nesèsè pou paran/responsab elèv la mande yon odyans.
Etap 4:	Si yo voye yon elèv tounen akoz yon krim ki gen rapò ak yon efè negatif yo dokimante, yo dwe enfòmè paran/responsab elèv la alekri de sa ki annapre yo: <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Rekòmandasyon pou voye elèv la tounen jiskaske yo detèmine si elèv la koupab oswa inosan, oswa yo te rejte akizasyon yo.</li> <li>2. Akizasyon espesifik kont yon elèv.</li> <li>3. Dat ak lè yon odyans ak administratè zòn eskolè a.</li> <li>4. Pandan y ap tann odyans lan, y ap voye elèv la tounen tanporèman.</li> <li>5. Si odyans lan lakoz yo voye elèv la tounen akoz krim lan, y ap bezwen mete elèv la nan yon sit edikatif altènatif tanporèman jiskaske yo detèmine rezilta akizasyon krim lan.</li> <li>6. Kondisyon ki ka fè yo akòde yon egzansyon olye yo voye yon elèv tounen pou krim nan ka itilizasyon sibstans ilegal yo, jan <a href="#">Seksyon 1006.09(2)(b), Lwa Florid yo</a> preskri: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Si pa gen yon efè negatif sou lekòl la.</li> <li>b. Si elèv la pataje enfòmasyon ki lakoz yo arete ak kondane moun ki te ba li sibstans reglemante a.</li> <li>c. Si elèv la volontèman kominike li an posesyon ilegal sibstans reglemante sa avan yo te arete l.</li> <li>d. Si elèv la rann tèt li, oswa tribinal la refere l nan yon pwogram kont toksikomani ki gen lisans eta a olye yo kondane l, epi li reyisi konplete pwogram lan.</li> </ol> </li> </ol>
Etap 5:	Administratè zòn eskolè a pral dirije rankont lan epi direktè lekòl la/reprezantan li deziyan an, elèv la, paran/responsab elèv la, reprezantan oswa avoka elèv la ((si sa aplikab) dwe patisipe. Elèv la ka defann tèt li pou kont li, li ka prezante nenpòt prèv ki endike li elijib pou yon egzansyon olye mezi disiplinè, epi yo ka poze l kesyon sou temwayaj li fè a. Toutfwa, yo pa dwe menase pini ni pini elèv la annapre paske l refize temwaye. Moun k ap dirije odyans lan pa oblije swiv menm pwosedi oswa temwayaj sal odyans tribinal epi yo pa egzije gen yon pwosè-vèbal pou temwayaj la. Objektif odyans lan se pa pou detèmine kilpabilite oswa inosans elèv la pou krim lan. Objektif odyans lan se pou detèmine si lefèt yo konnen enfraksyon yo te akize elèv la, sa ap gen yon efè negatif sou pwogram edikatif la, disiplin oswa byennèt lekòl la.

## MACHASWIV YO POU VOYE ELÈV TOUNEN AKOZ KRIM

Etap 6:	Aprè odyans lan, administratè zòn eskolè a pral bay elèv la ak paran/responsab elèv la yon desizyon alekri konsènan si wi ou non y ap voye elèv la tounen akòz krim lan. Nan pwosesis pou rive pran desizyon an, administratè zòn eskolè a pral konsidere kondisyon ki fè yo ka akòde yon egzansyon epi li ka akòde yon egzansyon lè li detèmine aksyon sa yo ap nan meyè enterè lekòl la ak elèv la. Lèt la dwe enfòmè paran/responsab la ak elèv la pou yo bay direktè lekòl la dokiman ki pwouve yo rive jwenn yon rezolisyon satisfèzan pou akizasyon yo. Administratè zòn eskolè a gen otorite pou l chanje desizyon an pou l swa akòde oswa refize yon egzansyon a nenpòt ki moman avan yon tribinal jije elèv la koupab. Toutfwa, yo dwe fè nenpòt chanjman k ap gen yon efè negatif sou elèv la sèlman apre yo fin fè yon odyans daprè pwosedi ki dekri a.
Etap 7:	Si distri a pran desizyon pou l voye elèv la tounen akòz yon krim, administratè zòn eskolè a pral fè aranjman pou mete elèv la nan yon anviwònman edikasyon altènatif.
Etap 8:	Si yo abandone akizasyon yo (nolle prosequi) oswa tribinal la jije elèv la pa koupab oswa pa delenkan, elèv la ka retounen nan lekòl ki nan zonaj yo a lè yo prezante dokiman ki pwouve desizyon tribinal la.
Etap 9:	Si tribinal la jije elèv la koupab oswa delekan, siveyan zòn eskolè a ka rekòmande pou siveyan lekòl la mete elèv la deyò. Apresa siveyan lekòl la dwe revize rekòmandasyon an epi li dwe gen otorite pou l rekòmande Komisyon an pou yo mete elèv la deyò pa mwayen pwosedi nòmal pou mete elèv deyò oswa mete elèv la nan yon pwogram/lekòl altènatif pou enna (1 an) apati dat jijman an.

Avi: Lwa Florid entèdi, nenpòt elèv ki komèt yon krim epi yon tribinal jije li koupab oswa fotif pou krim lan, oswa yo jwenn li te komèt krim lan, kèlkeswa si yo pa te fè yon jijman, oswa li te plede koupab oswa nolo contendere (admèt li koupab san kontestasyon), pou nenpòt enfraksyon kriminèl [Seksyon 1006.13, Lwa Florid yo](#) presize yo, [omisid, koupab neglijan atak-agresyon, enfraksyon kidnapin-atire pa riz oswa ankouraje sekestrasyon-gadavi, agresyon seksyèl, ekspozisyon endesan-obsèn, vòl pa envazyon domisil] kont yon lòt elèv, lwa entèdi elèv sa frekante menm lekòl, oswa monte menm bis ak viktim lan oswa nenpòt frè oswa sè viktim lan, si tribinal la te emèt yon òdonans oswa "no kontak" epi Depatman Jistis Jivenil lan te rapòte avi a.

## SEKSYON VI: MACHASWIV YO POU MEZI DISIPLINÈ

### Machaswiv pou Elèv yo Te mete deyò nèt k ap Reyenskri Bonè yo

Aprè Komisyon an pran mezi pou yo mete yon elèv deyò nèt lekòl, elèv la pa dwe gen dwa pou l frekante lekòl piblik (ki gen ladan lekòl vityèl oswa lekòl piblik sou kontra yo) nan Konte Orange, Florid, amwenske Komisyon an, selon jijman l epi l ap aji selon rekòmandasyon Rektè lekòl la, anile mezi aktyèl pou mete elèv la deyò a sou baz yon plan reyenskripsyon bonè. Yon elèv ki resevwa yon opsyon reyenskripsyon bonè pou yo tounen nan sistèm Lekòl Piblik Konte Orange lan pral frekante yon sit plasman altènatif. Si elèv la refize obeyi egzijans plan reyenskripsyon bonè a, sa ka motif pou yo reyaktive mezi pou mete l deyò ankò.

Yo prevwa ke machaswiv lè y ap elabore plan reyenskripsyon bonè yo ap fleksib, men yo dwe egzije yon angajman bò kote elèv la ak paran/responsab li pou yo kowopere ak otorite lekòl la yo pou yo ka garanti nan yon fason rezonab elèv la p ap refè konpòtman ki te lakoz yo mete elèv la deyò a.

Yo dwe elabore plan reyenskripsyon bonè yo lè sa apwopriye, dapre pwosedi ki dekri anba la.

MACHASWIV YO POU REYENSKRIPSYON BONÈ	
Etap 1:	Yo ka mande siveyan zòn eskolè a yon plan reyenskripsyon bonè nan mitan pwosesis pou mete elèv la deyò a. Si li resevwa yon demann pou reyenskripsyon bonè, siveyan zòn eskolè a/reprezantan li deziyen an ap fè revizyon pwosesis ki te lakoz yo mete elèv la deyò a ak dosye eskolè ki gen rapò ak pèfòmans elèv la pou detèmine pwobablite siksè yon reyenskripsyon bonè genyen.
Etap 2:	Dokiman ki annapre yo dwe obligatwa pou detèmine elijiblite pou yon plan reyenskripsyon bonè: <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Dokiman konsèy tyès pati ki gen rapò ak enfraksyon an;</li> <li>2. Travay kominotè pozitif;</li> <li>3. Mwayèn jeneral 2.0 ominimòm pou pwogram detid aktyèl la;</li> <li>4. Prezans konstan epi pa gen okenn konpòtman disiplinè nan lekòl kote elèv la ye aktyèlman la;</li> <li>5. Egzamen Depatman Sèvis Elèv Lekòl Piblik Konte Orange lan sou byennèt elèv la;</li> <li>6. Paran/responsab yo endike yo konprann epi yo aksepte kondisyon yo ki tabli nan plan reyenskripsyon an, ak</li> <li>7. Lòt dokiman jan Lekòl Piblik Konte Orange yo egzije.</li> </ol>
Etap 3:	Aprè li fin revize enfòmasyon sa a, siveyan zòn eskolè a pral konsidere demann lan. Si siveyan zòn eskolè a ta konsidere yon reyenskripsyon bonè ap nan meyè enterè elèv la ak sistèm lekòl la, li dwe òganize yon rankont ant siveyan zòn eskolè a/reprezantan li deziyen an, administratè zòn eskolè a, direktè sit plasman altènatif la/reprezantan li deziyen an, paran/responsab elèv la, ak elèv la pou yo elabore yon plan reyenskripsyon bonè ekri ki gen detay sou kondisyon ki nesèsè pou yon sit plasman altènatif.
Etap 4:	Aprè yo fin elabore plan reyenskripsyon bonè a, administratè lekòl ki pral responsab pou sipèvize elèv la twouve akseptab, yo dwe soumèt plan bay siveyan lekòl la.
Etap 5:	Si siveyan lekòl la apwouve reyenskripsyon bonè elèv la, li dwe soumèt rekòmandasyon an bay Komisyon an. Y ap fè paran/responsab elèv la konnen ki mezi Komisyon an pran.



445 W. Amelia St. | Orlando, FL 32801  
407-317-3200 | [www.ocps.net](http://www.ocps.net)



**Orange County  
Public Schools**

The School Board of Orange County, Florida, does not discriminate in admission or access to, or treatment or employment in its programs and activities, on the basis of race, color, religion, age, sex, national origin, marital status, disability, genetic information, sexual orientation, gender identity or expression, or any other reason prohibited by law. The following individuals at the Ronald Blocker Educational Leadership Center, 445 W. Amelia Street, Orlando, Florida 32801, attend to compliance matters: Equal Employment Opportunity (EEO) Officer & Title IX Officer: Keshara Cowans; ADA Coordinator: Michael D. Graf; Section 504 Coordinator: Tajuana LeeWenze. (407-317-3200)